

SONY®

Panungtun jang nu maké

Xperia™ C4 dual
E5333/E5363

Eusi

Ngamulai.....	6
Ngeunaan Buku pituduh.....	6
Langlangan.....	6
Pamasangan.....	7
Tangtayungan layar.....	8
Ngawitan telepon Anjeun pertama kalina.....	8
Kunaon abdi butuh akun Google™?.....	9
Kaamanan alat.....	11
Mastikeun alat Anjeun dijagi.....	11
Konci layar.....	11
Muka konci alat anjeun otomatis.....	13
Panangtayungan kartu SIM.....	17
Nganggo sababaraha kartu SIM.....	17
Milari nomer identifikasi alat anjeun.....	18
Néang alat nu leungit	18
Diajar dasar-dasar.....	20
Nganggo layar rampa.....	20
Ngonci jeung muka konci layar.....	22
Layar Utama.....	22
Layar aplikasi.....	24
Aplikasi napigasi.....	25
Widget.....	26
Potong kompas jeung polder.....	26
Latar tukang jeung tema.....	27
Nyandak potret layar.....	28
Bewara.....	28
Ikon dina bar status.....	30
Langlangan aplikasi.....	32
Rojongan tur pamaliharaan.....	34
Ngeusi batre alat Anjeun.....	34
Batre sareng pangaturan daya.....	34
Ngapdet alat Anjeun.....	36
Pamaliharaan nganggo komputer.....	38
Panyimpenan jeung memori.....	39
Nyieun cadangan tur ngabalikkeun eusi.....	40
Ngundeur aplikasi.....	43
Ngundeur aplikasi ti Google Play™.....	43
Ngundeur aplikasi ti sumber nu sejen.....	43

Internet jeung jaringan.....	44
Ngotektak web.....	44
Setelan Internet jeung MMS	44
Wi-Fi.....	45
Ngabagikeun koneksi data seluler anjeun.....	47
Ngadalikeun pamakean data.....	49
Milih kartu SIM kanggo patalimarga data.....	50
Milih jaringan seluler.....	50
Jaringan pribadi virtual (VPN).....	51
Nyingkronkeun data dina alat Anjeun.....	53
Nyingkronkeun jeung akun online.....	53
Nyingkronkeun jeung Microsoft® Exchange ActiveSync®.....	53
Setelan dasar.....	55
Ngakses setelan.....	55
Sora, rington jeung polumeu.....	55
Modeu Ulah ganggu.....	56
Setélan layar.....	57
Setelan aplikasi.....	58
Nga-reset aplikasi anjeun.....	59
Daydream.....	60
Setelan basa.....	61
Kaping jeung waktos.....	61
Mobile BRAVIA® Engine.....	61
Modeu super jelas.....	61
Ningkatkeun output sora.....	62
Sababaraha akun pamake.....	62
Ngetik teks.....	65
Kibor di layar.....	65
Layar tombol.....	66
Nuliskeun teks make input sora.....	67
Ngedit teks.....	67
Ngaluyukeun kibor di layar.....	68
Nelepon.....	70
Nelepon.....	70
Nampa telepon.....	71
Telepon Lumangsung.....	73
Make log telepon.....	73
Neraskeun telepon.....	74
Ngawatesan telepon.....	75
Sauran nu langkung ti hiji.....	76
Telepon konprensi.....	76
Suratsora.....	77

Telepon darurat.....	77
Kontak.....	78
Nransper kontak.....	78
Neangan jeung nempo kontak.....	79
Nambahkeun sareng ngedit kontak.....	80
Nambahkeun inpormasi kontak medis jeung darurat.....	81
Paporit sareng grup.....	82
Ngirim inpo kontak.....	83
Ngahindarkeun panulisan ganda dina aplikasi Kontak.....	83
Nyieun cadangan kontak.....	84
Talatah jeung chat.....	85
Maca jeung ngirim talatah.....	85
Ngatur talatah anjeun.....	86
Nelepon ti talatah.....	87
Setelan talatah.....	87
Talatah instan jeung paguneman video.....	87
Surelek.....	88
Nyetel surelek.....	88
Ngirim jeung nama talatah surelek.....	88
Ngatur talatah surelek anjeun.....	89
Setelan akun surelek.....	90
Gmail™.....	90
Musik.....	92
Nransperkeun musik ka alat Anjeun.....	92
Ngadangukeun musik.....	92
Menu Musik.....	94
Daptar puter.....	94
Babagi musik.....	95
Ningkatkeun sora.....	95
Ngawawuhan musik make TrackID™.....	95
Radio FM.....	97
Ngadangukeun radio.....	97
Saluran radio paporit.....	98
Setelan sora.....	98
Kamera.....	99
Nyandak poto sareng ngarekam video.....	99
Setelan kamera umum.....	100
Setelan kamera poto.....	104
Setelan kamera video.....	107
Poto sareng video di Albeum.....	109
Nempo poto sareng video.....	109
Babagi jeung ngatur poto sareng video.....	110

Ngedit poto make aplikasi editor Poto.....	111
Ngedit video make aplikasi Movie Creator.....	112
Nyumputkeun poto sareng video.....	113
Menu layar utama albeum.....	113
Nempokeun poto Anjeun dina peta.....	114
Video.....	116
Lalajo video dina aplikasi Video.....	116
Nransperkeun eusi video ka alat Anjeun.....	117
Ngatur eusi video.....	117
Movie Creator.....	117
Ladenan PS Video.....	118
Konektipitas.....	119
Ngeunteung layar alat anjeun teu nganggo kabel kana TV.....	119
Babagi eusi sareng alat DLNA Certified™.....	119
Nyambungkeun alat Anjeun ka aksesoris USB.....	121
NFC.....	122
Teknologi teu make kabel Bluetooth®.....	124
Lalampahan jeung peta.....	127
Make laden lokasi.....	127
Google Maps™ sareng napigasi.....	127
Make patalimarga data bari iinditan.....	127
Modeu pesawat.....	128
Almenak sareng jam alarm.....	129
Almenak.....	129
Alarm sareng jam.....	130
Aksesibilitas.....	133
Gerakan ngagedean.....	133
Teks gede.....	133
Koreksi warna.....	133
Layar Utama Saderhana.....	133
Kompatibilitas pitulung denge.....	134
TalkBack.....	134
Modeu TTY (Teletypewriter).....	134
Rojongan jeung hukum.....	135
Aplikasi Rojongan.....	135
Xperia™ Tips.....	135
Pitulung di menu sareng aplikasi.....	135
Ngajalankeun tes diagnosis di alat anjeun.....	135
Balikan deui, ngareset and repairing.....	136
Haransi, SAR jeung pituduh pamakéan.....	137
Ngadaur mulang alat Anjeun.....	137
Inpormasi hukum.....	137


Ngamulai

Ngeunaan Buku pituduh

Ieu Buku pituduh **Xperia™ C4 dual** jang versi software **Android™ 6.0**. Upami Anjeun teu yakin versi software alat Anjeun, Anjeun bisa ningali versina dina menu Setelan.

- ! Apdet sistem jeung aplikasi tiasa ngawanohkeun fitur dina alat anjeun ku cara sejen tibatan dijelaskeun dina Buku pituduh. Versi Android™ manawi moal kapangaruh dina apdet. Kanggo inpo lainna tentang pembaruan software, tingal *Ngapdet alat Anjeun* di kaca 36.

Pikeun mariksa versi software nu ayeuna dipake alat Anjeun

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan** > **Ihwal telepon** > **Versi Android™**.

Pikeun manggihan nomer model jeung ngaran alat Anjeun

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok .


Nomer model alat jeung ngaran bakal dipinton.


Watesan layanan sareng pitur

Sababaraha ladenan sareng fitur nu dijelaskeun dina Buku pituduh ieu bisa jadi teu dirojong di sadaya nagara atawa kawasan, atawa ku sakabeh jaringan atawa panyadia ladenan di sakabeh wewengkon. Nomer Darurat Internasional GSM tiasa tetep dipake di kabeh nagara, wilayah, jaringan, jeung ku kabeh operator laden nu nyadiakeun jaringan seluler nu nyambung ka alat ieu. Mangga kontak operator jaringan Anjeun atawa propaider ladén pikeun nangtukeun kasadiaan ladenan ieu atawa fitur nu husus tur mastikeun aya heunteuna bea akses atawa pamakean tambahan nu manglaku.

Pamakean sababaraha fitur jeung aplikasi nu ditangtukeun nu dijelaskeun di panduan ieu bakal butuh akses ka internet. Anjeun bisa jadi kudu mayar bea koneksi data sawaktos Anjeun nyambung ke internet tina alat Anjeun. Taros ka operator jang inpo nu leuwih lengkep.

Langlangan






- | | |
|--|---|
| 1. Sénsor Jarak/Cahaya | 9. Kenop kaméra |
| 2. Lampu ngeusi/béwara | 10. Mikropon |
| 3. Speaker ceuli | 11. Wewengkon anténeu Wi-Fi/
Bluetooth/GPS |
| 4. Lénsa kaméra hareup | 12. Lénsa kaméra utama |
| 5. Lampu kilat kamera hareup | 13. Cahaya kaméra utama |
| 6. Panutup liang kartu Mémori/SIM nano | 14. Jék headset |
| 7. Kenop daya | 15. Carjer/port kabel USB |
| 8. Kenop Polumeu/Zum | 16. Wewengkon deteksi NFC™ |
| | 17. Speaker tarik |

Pamasangan

- ! Ati-ati supados teu sangaja ngangkat tutup batre alat basa keur ngaleupaskeun tutup kanggo slot kartu SIM nano sareng slot kartu memori. Tutup batre teu meunang dicabut dina kaayaan naon wae.



- ! Ulah salah ngabedakeun slot kartu SIM nano sareng slot kartu memori. Nyelapkeun kartu ka slot nu salah tiasa ngaruksak kartu sareng alat Anjeun.


Pikeun nyelapkeun kartu SIM nano

- 1 Cabut panutup kanggo slot kartu SIM nano sareng slot kartu memori.
 - 2 Sareng bagean nu warna emas ngahadep ka handap, selapkeun kartu (atawa kartu-kartu) SIM nano ka jero slot (atawa slot-slot) kartu SIM nano nu sasuai.
 - 3 Pasang deui panutup.
- ! Ulah selapkeun kartu nano nu tos dipotong ti kartu SIM mikro atawa kartu SIM standar. Ukuran kartu nu dipotong bisa jadi beda tur tiasa ngaruksak alat Anjeun, upami diselapkeun.

Pikeun nyelapkeun kartu memori

- 1 Leupaskeun panutup slot kartu SIM nano sareng slot kartu memori.
- 2 Sareng bagean warna emas ngarah ka handap, selapkeun kartu memori ka slot kartu memori, teras pasang deui penutupna.

Pikeun nyabut kartu SIM nano



- 1 Cabut panutup kanggo slot kartu SIM nano sareng slot kartu memori.
- 2 Pencet kartu SIM nano nu sasuai ka jero tur leupaskeun gancang.
- 3 Pasang deui panutup.

Pikeun nyabut kartu memori

- 1 Pareuman alat jeung buka tutup slot kartu memori.
- 2 Pencet kartu memori ka jero terus gancang leupaskeun.
- 3 Tarik kartu memori kaluar jeung cabut sing bener.
- 4 Pasang deui panutup.

- 💡 Anjeun bisa oge nyabut kartu memori tapi teu kudu mareuman alat kawas nu dijelaskeun dina langkah 1. Jang make metodeu ieu, Anjeun kudu nyabut kartu memori. Ketok **Setelan** > **Panyimpenan**, teras ketok ▲ di palebah **Kartu SD**, teras tuturkeun sesa pitunjuk di luhur.

Tangtayungan layar

- ! Sateuacan make alat, cabut anti gores ku cara narik dina tab nu nonghol.


Disarankeun pikeun ngajagi alat Anjeun make panutup layar merek-Sony atawa pelindung nu dihususkeun kanggo model Xperia™ Anjeun. Pamakean asesoris pelindung layar pihak katilu tiasa nyegah alat Anjeun berpungsi sae ku sabab nutupan sensor, speaker, atawa mikropon, jeung ieu tiasa ngabatalkeun haransi alat eta.



Ngawitan telepon Anjeun pertama kalina

Disarankeun Anjeun ngecas batre sahenteuna 30 menit sateuacan ngamimitian ngahurungkeun alat Anjeun. Anjeun tiasa make alat Anjeun pas keur di eusi, tingali *Ngeusi batre alat Anjeun* di kaca 34.


Basa mimiti Anjeun ngahurungkeun alat Anjeun, pituduh setelan mantuan anjeun ngatur setelan pungsi dasar, ngaluyukeun alat Anjeun jeung asup kana akun (contona, akun Google™).

Pikeun ngahurungkeun alat



- 1 Pencet terus kenop daya  nepi ka alat ngageter.
- 2 Tulis PIN kartu SIM Anjeun basa ditaros, teras ketok .
- 3 Antosan sakedap kanggo alat dimimitian.

Pikeun mareuman alat

- 1 Pencet jeung tahan kenop daya  nepi ka menu pilihan muka.
 - 2 Dina menu pilihan, ketok **Mareuman tanaga**.
- ! Ieu bisa butuh sababaraha lami kanggo alat dipareuman.

Kunaon abdi butuh akun Google™?


Alat Xperia™ Anjeun ti Sony dijalankeun dina platform Android™ jeung dikembangkeun ku Google™. Loba aplikasi jeung ladenan Google™ nu disadiakeun dina alat Anjeun basa Anjeun meuli eta alat, contona, aplikasi Gmail™, Google Maps™, YouTube™, jeung Play Store™, toko online nu mere Anjeun wasa ka toko online Google Play™ pikeun ngundeur aplikasi Android™. Pikeun tiasa make ladenan ieu sacara maksimal, Anjeun butuh akun Google™. Contona, akun Google™ ngamungkinkeun anjeun milampah kabeh ieu:

- Ngundeur tur masang aplikasi ti Google Play™.
- Nyingkronkeun surelek, kontak, sareng almenak nganggo Gmail™.
- Ngobrol jeung babaturan make aplikasi Hangouts™.
- Nyinkronkeun riwayat kotektak sareng tetenger Anjeun make pangotektak web Google Chrome™.
- Ngidentifikasi diri Anjeun sabage pamake nu berhak saatos ngalakukeun perbaikan software make Xperia™ Companion.
- Ti jarak jauh, manggihan, ngonci, mupus alat nu leungit atawa dipaok make ladenan my Xperia™ atawa Manajer Alat Android™.

Jang inpormasi lengkep ngeunaan Android™ jeung Google™, buka <http://support.google.com>.



- ! Penting pisan kanggo Anjeun inget ngaran nu make sareng kecap akses akun Google™ Anjeun. Di sababaraha situasi, Anjeun bisa jadi kudu ngidentifikasi diri Anjeun sorangan kanggo alesan kaamanan make akun Google™ Anjeun. Upami Anjeun gagal merek ngaran nu make sareng kecap akses Google™ Anjeun dina situasi ieu, alat Anjeun bakal dikonci. Salain eta, upami Anjeun gaduh leuwih ti hiji akun Google™, pastikeun pikeun nuliskeun wincik kanggo akun nu sasuai.

Jang nyetel akun Google™ dina alat Anjeun

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Akun > Tambahkeun akun > Google**.
- 3 Tuturkeun wizard ngadaptar jang nyieun akun Google™, atawa asup lamun anjeun geus boga akun.

- 💡 Anjeun oge bisa asup atawa nyieun akun Google™ ti panungtun setelan pas mimiti ngahurungkeun alat Anjeun. Atawa buka internet terus jieun akun di www.google.com/accounts.

Pikeun mupus akun Google™

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
 - 2 Ketok **Setelan > Akun > Google**.
 - 3 Pilih akun Google™ nu Anjeun hoyong pupus.
 - 4 Ketok  > **Pupus akun**.
 - 5 Ketok **Pupus akun** deui pikeun ngonpirmasi.
- ! Upami Anjeun hayang mupus akun Google™ Anjeun, sadaya fitur kaamanan nu dikaitkeun ka akun Google™ moal sadia deui.
- 💡 Upami Anjeun nginjemkeun alat Anjeun ka batur kanggo dipake dina waktu nu lami, disarankeun pikeun mupus akun Google™ Anjeun ti alat eta.

Kaamanan alat

Mastikeun alat Anjeun dijagi

Alat anjeun nyertakeun sababaraha pilihan kaamanan, disarankeun pisan upami aya kaleungitan atawa kamalingan.

Pilihan ieu nyaeta:

- Nyetel konci layar aman dina alat Anjeun make PIN, kecap akses, atawa pola pikeun nyegah jalma sejen nyetel ulang alat Anjeun. Pikeun inpormasi salengkepna, tempo *Konci layar* di halaman 11.
- Tambah akun Google™ pikeun nyegah jalma sejen pikeun nganggo alat Anjeun upami dipaok atawa dipupus. Pikeun inpormasi salengkepna, tempo *Kunaon abdi butuh akun Google™?* dina kaca 9.
- Aktipkeun ladeunan web “Tangtayungan ku my Xperia” atawa Manajer Alat Android™. Nganggo salah sahiji ladeunan ieu, Anjeun tiasa ti jarak jauh manggihan lokasi, ngonci, atawa mupus alat nu leungit. Pikeun inpormasi salengkepna, tempo *Néang alat nu leungit* dina kaca 18.

Mariksa kepemilikan alat Anjeun

Fitur tangtayungan nu tangtu perlu muka konci layar ku PIN, kecap aksés, pola, atawa tulis inpo akun Google™. Di handap ieu aya sababaraha fitur perlindungan sareng sababaraha kredensial nu diperlukeun:

Tangtayungan Reset Data Pabrik	Anjeun kudu muka konci layar samemeh Anjeun diidinan ngalakukeun Reset Data Pabrik.
Tangtayungan my Xperia	Upami Anjeun ti jarak jauh ngareset alat Anjeun make ladeunan ieu, Anjeun kudu nuliskeun ngaran nu make sareng kecap akses kanggo akun Google™ nu dikaitkeun sareng ladeunan eta. Alat kudu disambungkeun ka internet samemeh proses panyetelan tiasa di rengsekeun. Upami heunteu, Anjeun moal bisa make alat Anjeun saatos direset.
Manajer Alat Android™	Upami Anjeun ti jarak jauh nga-reset alat Anjeun make ladeunan ieu, Anjeun kudu nuliskeun ngaran nu make sareng kecap akses kanggo akun Google™. Alat kudu disambungkeun ka internet samemeh proses panyetelan tiasa di rengsekeun. Upami heunteu, Anjeun moal bisa make alat Anjeun saatos direset.
Ngalereskeun software	Upami Anjeun make software Xperia™ Companion keur ngalakukeun perbaikan software, Anjeun dipenta nuliskeun nami nu make sareng kecap akses akun Google™ Anjeun basa Anjeun ngamimitian alat saatos perbaikanna rengse.

- ! Kanggo Manajer Alat Android™, diperlukeun pikeun nulis inpo ti akun Google™. Ieu tiasa akun Google™ nu mana wae nu tos Anjeun setel dina alat sabage nu boga. Upami Anjeun teu bisa nyadiakeun inpo akun nu sasuai basa proses panyetelan, Anjeun moal bisa make alat eta sama sekali.

Konci layar

Aya sababaraha pilihan konci layar. Tingkat kaamanan tiap jinis konci aya dina daptar di handap ieu mimiti ti nu paling lemah nepikeun ka nu paling kuat:


- Gésék – teu ditangtayungan, tapi anjeun bisa ngaksés Layar utama leuwih gancang.
- Pola – gambar pola nu basajan ku ramo jang muka alat anjeun.
- PIN – asupkeun paling henteu opat angka nomer PIN jang muka alat anjeun.

- Kecap aksés – asupkeun kecap aksés abjad atawa angka jang muka alat anjeun.
- ! Penting pisan yen Anjeun emut ka pola buka konci layar, PIN atawa kecap akses Anjeun. Upami anjeun hilap inpormasi ieu, anjeun moal tiasa mulangkeun data penting sapertos kontak sareng talatah.
- 💡 Upami anjeun atos setél akun Microsoft® Exchange ActiveSync® (EAS) dina alat Xperia™ anjeun, setélan kaamanan EAS tiasa ngawates tipeu konci layar ka ngan hungkul PIN atawa kecap aksés. Ieu kajadian nalika administrator jaringan anjeun nangtukeun tipeu konci layar anu tangtu keur sadaya akun EAS ku sabab kaamanan. Taros administrator jaringan perusahaan atawa organisasi anjeun keur mariksa naha kawijaksanaan kaamanan jaringan nu pangaruh keur alat sélulér.


Cara ngarobah jenis konci layar Anjeun

- 1 Ti **Layar mimiti**, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Konci layar**.
- 3 Turutan pitunjuk dina alat anjeun.

Cara nyieun pola konci layar

- 1 Ti **Layar mimiti**, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Konci layar > Pola**.
 - 3 Turutan pitunjuk dina alat anjeun.
- ! Mun anjeun ngasupkeun pola konci salah lima kali urutan, anjeun kedah ngantosan 30 detik sateuacan nyobian deui.


Cara ngarobah pola konci layar

- 1 Ti **Layar mimiti**, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Konci layar**.
- 3 Gambar pola buka konci layar.
- 4 Ketok **Pola** teras turutan pitunjuk dina alat anjeun.

Cara nyieun PIN konci layar

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Konci layar > PIN**.
- 3 Tulis PIN angka, terus ketok **Teruskeun**.
- 4 Asupkeun deui tur konpirmasikeun PIN anjeun, terus ketok **OK**.

Cara nyieun kecap akses konci layar

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Konci layar > Kecap akses**.
- 3 Tulis kecap akses, terus ketok **Teruskeun**.
- 4 Asupkeun deui tur konpirmasikeun kecap akses anjeun, terus ketok **OK**.

Pikeun ngaktipkeun pungsi buka konci ku cara Gesek

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Konci layar**.
- 3 Gambar pola buka konci layar Anjeun, atawa tulis PIN atawa kecap akses Anjeun dumasana dina jinis konci layar ieu diaktipkeun.
- 4 Ketok **Gesek**, terus ketok **Leres, pupus**.

Ngareset konci layar nu poho

Upami anjeun poho PIN, kecap akses, atawa pola konci layar, Anjeun manawi tiasa ngareset make Tangtayungan ku my Xperia. Taya eusi nu leungit dina alat saenggeus anjeun milampah reset konci layar make ladenan ieu.

Cara ngaktipkeun ladénan Tangtayungan ku my Xperia, tempo *Néang alat nu leungit* dina kaca 18.

Pikeun ngareset konci layar make Tangtayungan ku my Xperia

- 1 Pastikeun anjeun apal ngaran nu make jeung kecap akses akun Google™ jeung Anjeun tos ngaktipkeun ladénan Tangtayungan ku my Xperia dina alat anjeun
 - 2 Buka *myxperia.sonymobile.com* make alat nu nyambung ka internet.
 - 3 Asup make akun Google™ nu sami nu tos Anjeun setel di alat Anjeun.
 - 4 Klik gambar alat Anjeun di handap **Alat Anjeun**.
 - 5 Pilih **Tangtayungan** atawa **Robah PIN2** pikeun ngaganti konci layar nu aya make kodeu PIN anyar.
 - 6 Turutan pitunjuk di layar nu disadiakeun ku Tangtayungan ku my Xperia.
- ! Dumasar dina setelan, alat Anjeun bakal ngonci saenggeus reset konci layar. Anjeun perlu ngasupkeun ngaran nu make jeung kecap akses akun Google™ supados tiasa make alat.

Muka konci alat anjeun otomatis

- ! Fitur Smart Lock bisa jadi henteu sadia di sadaya pasar, nagara atawa wewengkon.
- Fitur Smart Lock ngagampangkeun muka konci alat ku ngidinan anjeun nyetel jang muka konci otomatis dina situasi nu tangtu. Anjeun tiasa terus muka alat anjeun, contona, mun nyambung ka alat Bluetooth® atawa mun anjeun mamawa alat.
- Anjeung tiasa nyetel Smart Lock pikeun terus muka konci alat make setelan ieu:
- **Raray cangcaya** Muka konci alat ku cara nempo ka alat.
 - **Sora cangcaya**: Ngeset paneguh sora pikeun neangan dina layar.
 - **Alat nu dipercaya**: Tetep muka konci alat anjeun upami alat Bluetooth® atawa NFC cangcaya nyambung.
 - **Tempat cangcaya**: Tetep muka konci alat anjeun upami anjeun dina lokasi cangcaya.
 - **Deteksi dina-awak**: — Tetep muka konci alat anjeun upami anjeun mamawa alat.
- Anjeun perlu nyalira muka konci alat upami teu make alat dina 4 jam jeung saenggeus anjeun balikan deui.
- ! Fitur Smart Lock dikembangkeun ku Google™ jeung fungsionalitas nu sabenerna tiasa robah ti waktu ka waktu kusabab apdet ti Google™.

Cara ngaktipkeun Smart Lock

- 1 Setel pola, PIN atawa kecap akses jadi konci layar, upami anjeun tacan milampah eta.
- 2 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Agen nu dipercanten**.
- 4 Seread geseran **Smart Lock (Google)** ka katuhu.
- 5 Ketok panah mulang di gigireun **Agen nu dipercanten**.
- 6 Panggihan terus ketok **Smart Lock**.
- 7 Asupkeun pola, PIN atawa kecap akses. Anjeun perlu nulis konci layar iraha wae anjeun hayang ngarobah setelan Smart Lock anjeun.
- 8 Pilih jinis Smart Lock.

Setelan iraha pikeun terus otomatis buka konci alat

- Anjeung tiasa nyetel Smart Lock pikeun terus muka konci alat make setelan ieu:
- **Alat nu dipercaya** — Tetep muka konci alat anjeun upami alat Bluetooth® atawa NFC cangcaya nyambung.
 - **Tempat cangcaya** — Tetep muka konci alat anjeun upami anjeun dina lokasi cangcaya.
 - **Sora cangcaya** — Ngeset paneguh sora pikeun neangan dina layar.
 - **Deteksi dina-awak** — Tetep muka konci alat anjeun upami anjeun mamawa alat.
- Anjeun perlu nyalira muka konci alat upami teu make alat dina 4 jam jeung saenggeus anjeun balikan deui.

Nyambung ka alat Bluetooth® cangcaya

Anjeun tiasa ngarancang alat Bluetooth® nu nyambung jadi alat "cangcaya" jeung terus muka konci alat Xperia™ upami nyambung ka alat eta. Jadi mun anjeun boga alat


Bluetooth® nu osok disambungkeun ku anjeun, contona, speaker mobil atawa sistem hiburan imah, jam Bluetooth®, nu ngalacak kasehatan, anjeun tiasa nambahkeun jadi alat cangcaya jeung ngaliwatan kaamanan nu ditambahkeun ti layar konci pikeun ngahemat waktu. Fitur ieu cocog mun anjeun biasana dina tempat nu relatip aman upami anjeun make alat ieu. Dina sababaraha kasus, anjeun manawi perlu ku cara manual muka konci alat anjeun sateuacan alat cangcaya tiasa disambungkeun.

- ! Teu disarankeun pikeun nambah alat nu terus nyambung ka alat anjeun jadi alat cangcanya, contona, kibor Bluetooth® atawa panutup.
- 💡 Saenggeus Bluetooth® cangcaya dipareuman atawa di luar wewengkon, layar anjeun ngonci jeung anjeun perlu PIN, pola atawa kecap akses pikeun muka alat.

Cara nambah alat Bluetooth® cangcaya

- 1 Pastikeun alat anjeun dipasangkeun jeung nyambung ka alat Bluetooth® nu bade ditambahkeun jadi alat cangcaya.
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Smart Lock > Tambah alat cangcaya > Bluetooth**.
- 3 Ketok ngaran alat pikeun milih eta ti daptar alat nu nyambung. Saukur alat nu dipasangkeun nembongan dina daptar.
- 4 Dumasar dina kaamanan sambungan anjeun, anjeun perlu ku cara manual muka konci alat anjeun sateuacan alat cangcaya terus dibuka.

Pikeun mupus alat Bluetooth® cangcaya

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Smart Lock > Alat nu dipercaya**.
- 3 Ketok alat nu rek dipupus.
- 4 Ketok **Pupus alat cangcaya**.

Mastikeun anjeun aman mun make alat cangcaya

Alat Bluetooth® nu beda ngarajong standar Bluetooth® jeung kamampuan kaamanan nu beda. Aya kamungkinan yen jelema terus muka konci alat Xperia™ anjeun ku niron sambungan Bluetooth® anjeun, sanajan mun alat cangcaya anjeun teu di deukeut anjeun. Alat anjeun henteu terus bisa nangtukeun yen sambungan anjeuna aman ti jelema sejen nu nyoba niron ieu.

Upami alat anjeun teu bisa nangtukeun yen anjeun make sambungan aman, anjeun bakal meunangkeun bewara dina alat Xperia™ jeung manawi perlu ku cara manual muka konci sateuacan alat cangcaya tetep muka konci alat.

- 💡 Wewengkeun konektipitas Bluetooth® bisa beda-bdea dumasar dina faktor sapertos model alat anjeun, alat Bluetooth® nu nyambung, jeung lingkungan anjeun. Dumasar dina faktor ieu, sambungan Bluetooth® tiasa ngapungsi ngalangkungan jarak dugi ka 100 meter.


Nyambung ka tempat cangcaya

Upami fitur Tempat cangcaya disetel, kaamanan layar konci di alat Xperia™ bakal dinonaktipkeun mun anjeun dina lokasi cangcaya nu dirancang. Sangkan fitur ieu ngapungsi, anjeun kudu boga sambungan Internet leuwih alus liwat Wi-Fi) jeung idinan alat anjeun pikeun make lokasi nu ayeuna.



Kangge nyetel tempat cangcaya, pastikeun heula yen modeu lokasi akurasi luhur atawa modeu lokasi hemat batre diaktipkeun dina alat anjeun sateuacan nambahkeun lokasi utama atawa kustom.

- ! Dimensi nu persis ti lokasi cangcaya diperkirakeun jeung manawi manjangan ngaleuwihan tembok pisik imah anjeun jeung wewengkon sejen nu tos ditambahkeun jadi lokasi cangcaya. Fitur ieu tiasa terus ngonci alat anjeun dina radius dugi ka 80 meter. Oge perhatoskeun yen sinyal lokasi tiasa direplikasi atawa dimanipulasi Jelema nu boga akses ka pakakas husus tiasa muka konci alat anjeun.


Cara nambah lokasi asal

- 1 Pastikeun **Ladén lokasi** diaktipkeun jeung anjeun make setelan **Akurasi luhur** atawa **Hemat batre** setelan mode Lokasi.
- 2 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Smart Lock > Tempat cangcaya > Utama**.
- 4 Ketok **Aktipkeun lokasi ieu**.

Cara ngedit lokasi asal anjeun

- 1 Pastikeun **Ladén lokasi** diaktipkeun jeung anjeun make setelan **Akurasi luhur** atawa setelan **Hemat batre**.
 - 2 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Smart Lock > Tempat cangcaya**.
 - 4 Pilih lokasi asal anjeun
 - 5 Ketok **Edit**.
 - 6 Dina bar teang, tulis lokasi nu anjeun hayang pake jadi lokasi asal anjeun.
-  Mun warga sejen babagi alamat jalan anjeun, anjeun tiasa nambahkeun lokasi sabenerna asal anjeun jeung kompleks bangunan jadi tempat husus.


Cara mupus lokasi asal anjeun

- 1 Pastikeun **Ladén lokasi** diaktipkeun jeung anjeun make setelan **Akurasi luhur** atawa setelan **Hemat batre**.
- 2 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Smart Lock > Tempat cangcaya > Utama**.
- 4 Ketok **Pareuman lokasi ieu**.


Make lokasi husus

Anjeun tiasa nambah lokasi jadi cangcaya, tempat husus di mana alat anjeun tiasa tetep muka.


Cara nambah tempat husus

- 1 Pastikeun modeu lokasi diaktipkeun jeung anjeun make setelan **Akurasi luhur** atawa **Hemat batre**.
- 2 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Smart Lock > Tempat cangcaya**.
- 4 Ketok **Tambah tempat cangcaya**.
- 5 Jang make lokasi nu ayeuna jadi cangcaya, tempat husus, ketok **Pilih lokasi ieu**.
- 6 Alternatipna, pikeun nulis lokasi sejen, ketok ikon kaca ngagedekeun jeung ketik alamat. Alat anjeun neangan lokasi nu ditulis. Jang make alamat nu disarankeun, ketok alamat.
- 7 Jang nyetel lokasi, ketok panah handap di sisi alamat, seret seumat lokasi ka lokasi nu ditangtukeun, teras ketok **Pilih lokasi ieu**.

Cara ngedit tempat husus

- 1 Pastikeun modeu lokasi diaktipkeun jeung anjeun make setelan **Akurasi luhur** atawa **Hemat batre**.
- 2 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Smart Lock > Tempat cangcaya**.
- 4 Pilih tempat nu bade diedit.
- 5 Ketok **Edit alamat**.
- 6 Pikeun nulis lokasi sejen, ketok ikon kaca ngagedeukeun jeung ketik alamat ieu. Alat anjeun neangan lokasi nu ditulis. Jang make alamat nu disarankeun, ketok alamat.
- 7 Jang nyetel lokasi, ketok panah handap di sisi alamat, teras seret seumat lokasi ka lokasi nu ditangtukeun, teras ketok **Pilih lokasi ieu**.

Pikeun mupus tempat husus


- 1 Pastikeun modeu lokasi diaktipkeun jeung anjeun make setelan **Akurasi luhur** atawa **Hemat batre**.
- 2 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Smart Lock > Tempat cangcaya**.
- 4 Pilih tempat nu rek dipupus.
- 5 Ketok **Pupus**.

Terus muka konci alat anjeun mun anjeun mawa alat

Make fitur deteksi Dina awak, anjeun tiasa teteup muka konci alat upami anjeun mawa alat anjeun, contona, mun anjeun mawa alat dina leungeun, saku atawa tas. Akselerometer dina alat anjeun terus muka konci alat mun nyensor yen alat nuju dibawa. Alat ngonci upami akselerometer ngadeteksi yen alat tos ditunda.

- ! Fitur deteksi Dina awak teu bisa ngabedakeun awak saha nu disambungkeun. Mun anjeun mere alat ka jelema sejen sabari muka konci alat make deteksi Dina awak, alat anjeun bisa tetep muka pikeun nu make sejen. Perhatikeun yen deteksi Dina awak sabage fitur kaamanan nyaeta kirang aman tibatan pola, PIN, atawa kecap akses.

Cara ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Smart Lock > Deteksi dina-awak**.
- 3 Ketok geseran pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun pungsi.

Make deteksi Dina awak

Upami anjeun make fitur deteksi Dina awak, anjeun perlu merhatikeun kabiasaan ieu:


- Mun alat anjeun ngadeteksi yen dina awak anjeun, alat bakal tetep dibuka dugi ka anjeun ngonci alat.
- Irah wae anjeun nunda alat jeung ngadeteksi yen alat henteu dina awak anjeun, alat anjeun bakal otomatis ngonci.
- Saenggeus alat ditunda di handap, contona, mun anjeun nyimpen alat dina meja, alat anjeun perlu dugi ka samenting pikeun ngonci.
- Saenggeus anjeun asup ka mobil, beus, kareta atawa kendaraan darat sejen, alat anjeun perlu diantawis 5 jeung 10 menit pikeun ngonci.
- Perhatikeun yen mun anjeun dina pesawat atawa parahu (atawa kendaraan non-darat), alat anjeun manawi moal ngonci otomatis, jadi pastikeun pikeun ngonci ku cara manual mun diperlukeun.
- Mun anjeun nyokot deui alat anjeun atawa kaluar ti kendaraan, cukup buka konci sakali jeung alat anjeun bakal tetep muka salila anjeun mamawa alat ieu.

Panangtayungan kartu SIM


Anjeun tiasa ngonci tur muka konci unggal kartu SIM nu Anjeun pake di alat Anjeun nganggo PIN (Nomer Identifikasi Pribadi). Lamun kartu SIM kakonci, langganan anu pakait kana kartu eta ditangtayungan tinu panyalahgunaan, hartina anjeun kudu ngasupkeun PIN tiap kali ngahurungkeun alat.

Upami anjeun langkung seueur ngasupkeun PIN salah, kartu SIM Anjeun bakal kablokir. Anjeun kedah ngasupkeun PUK (Personal Unblocking Key) tur ngasupkeun PIN anyar. PIN jeung PUK Anjeun disadiakeun ku operator jaringan Anjeun.




Cara nyetel atawa mupus konci kartu SIM

- 1 Tina layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Setel konci kartu SIM.**
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok geseran **Konci kartu SIM** pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun kartu SIM.
- 5 Tulis PIN kartu SIM jeung ketok **OK**. Konci kartu SIM tos diaktipkeun jeung Anjeun bakal dipenta ngasupkeun PIN na unggal Anjeun ngahurungkeun deui alat.

Cara ngarobah PIN kartu SIM

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Setel konci kartu SIM.**
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Robah PIN SIM.**
- 5 Tulis PIN kartu SIM nu lami terus ketok **OK**.
- 6 Tulis PIN kartu SIM nu anyar terus ketok **OK**.
- 7 Ketik-deui PIN kartu SIM nu anyar terus ketok **OK**.

Muka konci kartu SIM anu kablokir make kode PUK

- 1 Asupkeun kodeu PUK tur ketok .
 - 2 Asupkeun kodeu PIN anyar tur ketok .
 - 3 Asupkeun deui kodeu PIN anyar tur ketok .
- ! Lamun anjeun ngasupkeun kode PUK nu salah sababaraha kali, anjeun kudu ngontak operator jaringan pikeun menta kartu SIM anyar.

Nganggo sababaraha kartu SIM


Alat Anjeun bakal jalan ku hiji atawa dua kartu SIM nu diselapkeun. Anjeun narima komunikasi nu asup ka kadua kartu SIM tur Anjeun tiasa milih ti nomer mana nu Anjeun hoyong make keur komunikasi kaluar. Samemeh Anjeun tiasa make kartu SIM duanana, Anjeun kudu ngaktipkeun eta kartu jeung milih kartu SIM nu bisa dipake keur patalimarga data.

Anjeun bisa neriskeun telepon nu datang kana kartu SIM 1 kana kartu SIM 2 lamun kartu SIM 1 di luar wewengkon, jeung kitu deui sabalikna. Pungsi ieu disebut Kamampuan horizontal kartu SIM dobel. Anjeun kudu ngaktipkeun fungsi ieu sacara manual. Tingali *Neraskeun telepon* dina kaca 74.


Pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun pamakean dua kartu SIM

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > SIM Dobel.**
- 3 Sered geseran disisi **SIM1** jeung **SIM2** ka katuhu atawa kenca.

Cara ngaganti ngaran kartu SIM

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok ikon layar Aplikasi .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > SIM Dobel.**
- 3 Pilih kartu SIM tur tuliskeun ngaranna nu anyar.
- 4 Ketok **OKE**.

Cara milih kartu SIM nu bisa dipake keur patalimarga data


- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan > SIM Dobel > Lalar liwat data seluler**.
 - 3 Pilih kartu SIM nu anjeun hoyong pake jang patalimarga data.
- 💡 Pikeun kagancangan data nu leuwih luhur, pilih kartu SIM nu ngadukung jaringan seluler nu pang gancangna, contona 3G atawa LTE.

Milari nomer identifikasi alat anjeun

Alat Anjeun gaduh nomer ID (identifikasi) nu unik. Dina alat anjeun, nomer ieu disebut oge IMEI (International Mobile Equipment Identity). Anjeun kudu gaduh tironan nomer ieu. Anjeun bisa wae butuh kana eta nomer, contona, lamun anjeun ngakses Ladenan rojongan Xperia™ Care jeung kudu ngadaptarkeun alat anjeun. Upami alat anjeun dipaling, sababaraha operator jaringan bisa make nomer ieu jang ngeureunkeun alat ngakses jaringan di nagara anjeun.

- ! Jang alat nu boga dua kartu SIM, nomer IMEI na aya dua, hiji nomer jang slot kartu SIM sewang-sewangan.

Pikeun nempo nomer IMEI Anjeun dina baki label



- 1 Lepaskeun panutup slot kartu memori.
 - 2 Upami kartu memori diselapkeun ka ala Anjeun, cabut kartu memori atawa pareuman alat, teras kaluarkeun kartu memori.
 - 3 Selapkeun ujung klip kertas nu dibuka (atawa objek sejen nu sami nu gaduh ujung panjang tur seukeut) ka jero liang dina baki label, teras sered baki kaluar. Nomer IMEI dipintonkeun di baki.
- ! Kanggo inpo nu wincik tentang cara nyabut kartu memori, tempo *Pikeun nyabut kartu memori* di kaca 8.
- 💡 Pikeun nempo nomer IMEI, Anjeun oge tiasa muka pamanggil telepon tur nulis ***#06#**.

Cara nempo Anjeun Nomer IMEI tina setelan alat

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Ihwal telepon > Status > Inpormasi IMEI**.


Néang alat nu leungit



Lamun anjeun boga akun Google™, ladén wéb “Tangtayungan ku my Xperia” bisa mantuan anjeun manggihan jeung ngamankeun alat anjeun lamun alat na leungit. Lamun anjeun atos ngaaktipkeun ladénan ieu dina alat anjeun, anjeun tiasa:

- Manggihan alat anjeun dina peta.
 - Ngahurungkeun tanda sora sanajan alat aya dina modeu Tong diganggu.
 - Ngoncian alat ti jauh jeung ngajieun alat némbongkeun wincik kontak anjeun ka sasaha nu mendakan alatna.
 - Mupus mémori internal jeung éksternal alat anjeun ti jarak jauh, sabagé jalan terahir.
- ! Lamun anjeun mupus mémori internal alat maké ladén web "Tangtayungan ku my Xperia", anjeun kedah lebet kana akun Google™ anu sateuacanna disaluyukeun dina alat ieu sanés waktos anjeun ngaaktipkeun alat.
- ! Ladénan "Tangtayungan ku my Xperia" bisa waé teu sadia di kabéh nagara atawa kawasan.

Cara ngaktipkeun Tangtayungan ku my Xperia

- 1 Pastikeun anjeun boga konéksi data aktip, jeung aktipkeun ladenan lokasi dina alat anjeun.
 - 2 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan > Dítangtayungan ku my Xperia > Aktipkeun.**
 - 4 Cirian kotak céntang keur nyatujuan syarat jeung katangtuan ladénan, terus ketok **Tampa.**
 - 5 Upami ditaros, asup kana akun Google™ Anjeun, atawa jieun akun anyar lamun Anjeun teu boga akun.
 - 6 Jang mariksa yen Tangtayungan ku my Xperia bisa manggih alat Anjeun, buka *myxperia.sonymobile.com* terus asup make akun Google™ nu dipake dina alat Anjeun.
- ! Lamun anjeun babagi alat jeung sababaraha pamaké, perlu diperhatoskeun yén ladénan Tangtayungan ku my Xperia ngan sadia jang pamaké nu asup sabagé nu bogana.

Néang alat nu leungit make Menejer Alat Android™

Google™ nawiskeun ladenan lokasi jeung ladenan web kaamanan nu disebut Menéjer Alat Android™. Anjeun bisa make babarengan jeung, atawa alternatif pikeun, Tangtayungan ku my Xperia. Upami alat Anjeun leungit, Anjeun bisa make Manajer Alat Android™ pikeun:

- Neangan jeung minton lokasi alat.
 - Ngiringin jeung ngonci alat, mupus data dina alat, atawa nambahkeun nomer telepon ka layar konci.
- Jang inpormasi tambahan ngeunaan Menejer Alat Android™, buka *www.support.google.com*.
- ! Menéjer Alat Android™ teu ngapungsi upami alat Anjeun pareum, atawa upami teu bosa sambungan internet. Ladenan Menéjer Alat Android™ bisa jadi teu sadia di sadaya nagara atawa kawasan.

Pikeun ngaktipkeun Manajer Alat Android™

- 1 Upami Anjeun nganggo alat sareng sababaraha pamake, pastikeun yen Anjeun asup jadi nu gaduh alat.
- 2 Pastikeun yen Anjeun gaduh sambungan data aktip tur ladenan lokasi diaktipkeun.
- 3 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 4 Panggihan tur ketok **Setelan > Google > Kaamanan.**
- 5 Sered geseran disisi **Neangan lokasi alat ieu ti jarak jauh** jeung **Idinan konci sareng pupus ti jarak jauh** ka posisi Aktip.
- 6 Upami dipenta, Anjeun jawab satuju kana sarat sareng katangtuan nu dipintonkeun ku cara ngetok **Aktipkeun.**
- 7 Pikeun mariksa yen Manajer Alat Android™ tiasa manggihan lokasi alat Anjeun saatos Anjeun ngaktipkeun ladenan eta, buka *www.android.com/devicemanager* tur asup nganggo akun Google™ Anjeun.

Diajar dasar-dasar


Nganggo layar rampa

Ngetok




- Buka atau pilih item.
- Cirian atawa buka tetenger kotak centang atawa pilihan.
- Ngasupkeun teks make kibor di layar.

Noel jeung nahan




- Mindahkeun item.
- Ngaktipkeun menu husus item.
- Ngaktipkeun modeu pamilihan, contona, pikeun milih sababaraha item tina daptar.

Nyiwit jeung ngalegakeun




- Zum kalebet atanapi kaluar dina kaca web, poto yur peta, jeung lamun Anjeun moto atawa ngarekam video.

Ngusapkeun



- Gulung ka luhur atawa ka handap daptar.
- Gulung ka kenca atawa katuhu, contona, antara panel Layar Utama.
- Gesek ka kenca atawa ka katuhu pikeun muka pilihan leuwih loba.


Nyintreuk



- Gulung gancang, contona, dina daptar atawa dina kaca web. Anjeun tiasa nyetop gerakan ngagulung ku cara ngetok layar.

Ngonci jeung muka konci layar

Waktos alat Anjeun diaktipkeun teras dianggurkeun sababaraha waktu, layar bakal moekan pikeun ngahemat daya batre, tur otomatis ngonci. Konci ieu nyegah tindakan nu teu dipikahayang dina layar rampa waktos keur teu dipake ku Anjeun. Waktos meuli alat anjeun, konci usap layar dasar tos dipangnyetelken. Artina Anjeun kudu ngagesek layar ka kenca atawa luhur jang muka konci na. Engke Anjeun bisa ngarobah setelan kaamanan jeung nambahkeun jenis setelan konci nu sejen. Tempo *Konci layar* di halaman 11.



Pikeun ngaktipkeun layar

- Pencet sakeudeung kenop daya (🔌).

Pikeun ngonci layar

- Sawaktos layar keur aktip, pencet sakeudeung kenop daya (🔌).


Layar Utama

Layar Utama téh titik mimiti keur maké alat anjeun. Eta téh jiga desktop dina layar komputer. Layar Utama anjeun tiasa gaduh tujuh panél, langkung rubak ti pintonan layar biasa. Jumlah panél Layar Utama téh ditembrakkeun kalayan runtuyan titik-titik di palih handap Layar Utama Titik nu disorot nempokeun yén panel tempat anjeun aya ayeuna.



- 1 Panganteur ka Xperia™ widget — Ketok keur muka widget jeung pilih hiji tugas sapertos nyalin eusi tina alat heubeul anjeun atawa setél ladén Xperia™
- 2 Titik — Ngawakilan jumlah jandéla Layar Utama

Pikeun pindah ka layar Utama

- Pencet .

Ngotektak Layar Utama




Panel layar utama


Anjeun tiasa nambahkeun panel anyar ka layar urama (dugi ka maksimum tujuh panel) jeung mupus panel. Anjeun oge tiasa nyetel panel nu ku anjeun hayang dipake minangka panel layar Utama.




Cara nyetel hiji panel minangka panel Layar Utama

- 1 Toél jeung tahan wewengkon nu mana wae dina layar Utama Anjeun nepi ka alat ngagater.
- 2 Sintreuk ka kenca atawa ka katuhu pikeun ngotektak panel nu hayang disetel jadi panel Layar Utama anjeun nu utama, teras ketok  di juru kenca luhur layar.

Cara nambah panél ka layar Utama anjeun

- 1 Toél jeung tahan widang mana waé di layar Utama anjeun nepi ka alatna ngageter.
- 2 Jang ngotéktak panél, sintreuk terus ka beulah katuhu atawa ka kénca, terus ketok .



Cara mupus hiji panél tina layar Utama

- 1 Toél jeung tahan widang mana waé di layar Utama anjeun nepi ka alatna ngageter.
- 2 Sintreuk kénca atawa katuhu pikeun ngotéktak panél nu anjeun hoyong pupus, teras ketok  di beulah katuhu luhur panél.


Setelan layar utama

Anjeun tiasa make potong kompas **Setelan** pikeun nyaluyukeun sababarapa setelan layar utama dasar. Contona, Anjeun tiasa nyaluyukeun ukuran ikon dina layar utama Anjeun.

Pikeun mupus pamasangan aplikasi tina layar Utama


- 1 Toel jeung tahan wewengkon nu mana wae dina layar Utama Anjeun nepi ka alat ngagater.
 - 2 Sintreuk ka kénca atawa ka katuhu pikeun ngotektak jandela eta. Sadaya aplikasi anu tiasa dicopot dicirian ku .
 - 3 Ketok aplikasi nu hayang dicabut pamasanganna ku anjeun, terus ketok **Pupuskeun**.
- ! Sababaraha aplikasi nu ditunjukkeun ku  saukur tiasa dinonaktipkeun, jeung teu tiasa dipupus. Nganonaktipkeun aplikasi mupus kabéh data, tapi aplikasi tiasa diaktipkeun deui ti **Setelan > Aplikasi**.

Cara ngaluyukeun ukuran ikon dina layar Utama Anjeun


- 1 Toél jeung tahan widang mana waé di layar Utama anjeun nepi ka alatna ngageter, terus ketok .
- 2 Ketok **Ukuran ikon**, teras pilih hiji pilihan.

Layar aplikasi

Layar Aplikasi, nu dibuka ku anjeun tina layar Utama, ngandung aplikasi nu geus dipasang dina alat anjeun kitu oge sareng aplikasi nu diundeur ku anjeun.



Nempo sadaya aplikasi di layar Aplikasi

- 1 Tina layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Sintreuk ka kénca atawa ka katuhu alayar Aplikasi.

Muka aplikasi ti layar Aplikasi

- Sitreuk ka kénca atawa katuhu pikeun manggihan aplikasi, teras ketok aplikasi.

Jang neangan aplikasi tina layar Aplikasi

- 1 Lamun layar Aplikasi muka, ketok **Teang aplikasi**.
- 2 Tulis ngaran aplikasi nu arek diteangan ku anjeun.

Pikeun muka menu layar Aplikasi

- Lamun layar Aplikasi muka, ketok .

Cara mindahkeun hiji aplikasi dina layar Aplikasi

- 1 Lamun layar Aplikasi muka, ketok ☰.
- 2 Pastikeun **Urutan nyalira** dipilih di handapeun **Urutkeun aplikasi**.
- 3 Toel jeung tahan aplikasi nepi ka alat ngageter, teras sered ka lokasi anyar.

Cara nambahkeun potong kompas aplikasi ka Layar Utama

- 1 Tina layar Aplikasi, toel jeung tahan ikon aplikasi nepi ka alat ngegeter, teras sered ikon ka palih luhur layar. Layar Utama kabuka.
- 2 Sered ikon ka lokasi nu dipikahoyong di Layar Utama, teras leupaskeun.

Cara nyusun aplikasi dina layar Aplikasi

- 1 Lamun layar Aplikasi muka, ketok ☰.
- 2 Ketok **Urutkeun aplikasi**, teras pilih hiji pilihan.

Cara mupus pamasangan aplikasi tina layar Aplikasi

- 1 Toel jeung tahan wewengkon nu mana wae dina layar Aplikasi nepi ka alat ngageter. Sadaya aplikasi nu tiasa dipupus pamasanganna teras ditandaan ku ✖.
 - 2 Pilih aplikasi nu hayang dicabut pamasanganna ku anjeun, terus ketok **Pupus**.
- ! Sababaraha aplikasi nu ditunjukkeun ku ✖ saukur tiasa dinonaktipkeun, jeung teu tiasa dipupus. Nganonaktipkeun aplikasi mupus kabeh data, tapi aplikasi tiasa diaktipkeun deui ti **Setelan > Aplikasi**.

Aplikasi napigasi

Anjeun bisa mukaan aplikasi ngagunakeun kenop napigasi, bar paporit, jeung jandela aplikasi nu dibuka panganyarna, ku cara kitu Anjeun bisa gampang pundah-pindah antawis aplikasi nu anyar dibuka. Kenop napigasi nyaeta kenop Utama, kenop Aplikasi panganyarna jeung kenop Mulang. Sababaraha aplikasi dipareuman sawaktos Anjeun mencet kenop Utama ☰ pikeun kaluar samentawis aplikasi nu sejen bisa direureuhkeun atawa diteruskeun. Lamun aplikasi direureuhkeun atawa hurung di latar tukang, Anjeun bisa neruskeun deui naon nu ku Anjeun tinggalkeun lamun Anjeun muka deui eta aplikasi.



- 1 Jandela aplikasi nu nembe dipake – Buka aplikasi nu nembe dipake
- 2 Bar Paporit – Pake potong kompas jang ngakses aplikasi atawa widget
- 3 Kenop aplikasi panganyarna – Buka jandela aplikasi nu dibuka panganyarna jeung bar paporit
- 4 Kenop utama – Kaluar tina aplikasi terus mulang ka layar Utama
- 5 Kenop mulang – Mulang ka layar samemehna dina aplikasi atawa tutup aplikasina


Pikeun muka jandela aplikasi anu nembe dipake

- Pencet ☐.

Pikeun nutup sadaya aplikasi nu nembe dipake

- Ketok terus ketok .

Muka ménu di aplikasi

- Pas nganggo aplikasi, pencét .
- ! Teu sadaya aplikasi aya ménuna.

Widget

Widget teh mangrupikeun aplikasi leutik nu tiasa dipake langsung ku anjeun di Layar Utama. Widget oge gaduh pungsi minangka potong kompas. Contona, widget Cuaca ngidinan anjeun nempo inpormasi cuaca dasar langsung di Layar Utama anjeun. Tapi upami anjeun ngetok widget, aplikasi Cuaca lengkep kabuka. Anjeun tiasa ngundeur widget tambahan ti Google Play™.



Pikeun nambah widget ka layar Utama

- 1 Toel jeung tahan wewengkon kosong dina Layar Utama Anjeun nepi ka alat eta ngageter, teras ketok **Widget**.
- 2 Panggihan tur ketok widget nu Anjeun hoyong tambah.

Pikeun ngaganti ukuran widget

- 1 Toel jeung tahan widget nepi ka kapilih, teras leupaskeun widgetna. Lamun widget bisa diganti ukurana, contona, widget Almenak, pigura nu disorot jeung titik ngatur ukuran bakal ditembongkeun.
- 2 Sered titik-titik eta ka jero atawa ka luar pikeun ngaleutikan atawa ngagedean widget eta.
- 3 Pikeun mastikeun ukuran anyar widget eta, ketok di mana wae dina Layar Utama.

Pikeun mindahkeun widget

- Toel jeung tahan widget nepi ka kapilih, teras sered ka lokasi anyar.

Cara mupus widget

- Toel jeung tahan widget nepi ka alat ngageter, teras sered ka **Pupus dina layar utama**.

Potong kompas jeung polder

Pake potong kompas jeung polder pikeun ngatur aplikasi jeung nyieun Layar Utama anjeun rapih.

Langlangan potong Kompas jeung polder



- 1 Ngakses aplikasi make potong Kompas
- 2 Ngakses polder nu aya aplikasian

Pikeun nambah potong Kompas aplikasi ka Layar Utama Anjeun

- 1 Toel jeung tahan wewengkon kosong dina Layar Utama Anjeun.
 - 2 Dina menu kustomisasi, ketok **Widget > Aplikasi**.
 - 3 Gulung ka daptar aplikasi tur pilih hiji aplikasi. Aplikasi nu dipilih ditambahkeun ka Layar Utama.
- 💡 Di langkah 3, alternatifna, Anjeun tiasa ngetok **Widget > Potong Kompas** teras milih aplikasi tina daptar nu aya. Upami Anjeun make metodeu ieu pikeun nambahkeun potong Kompas, sababara aplikasi nu sadia ngidinan Anjeun pikeun nambahkeun fungsionalitas nu tangtu ka potong Kompas eta.

Cara mindahkeun hiji item dina layar Utama

- Toel jeung tahan item nepi ka alat ngageter, teras sered item eta ka lokasi nu anyar.

Cara mupus hiji item tina layar Utama

- Toel jeung tahan hiji item nepi ka alat ngageter, terus séréd item ka **Pupus dina layar utama** di bagéan luhur layar.

Cara nyieun polder dina layar Utama

- Toel jeung tahan ikon aplikasi atawa potong Kompas nepi ka alat ngageter, teras sered tur teundeun ikon eta ka luhureun ikon aplikasi atawa potong Kompas nu sejen.

Cara nambah item ka polder dina layar Utama

- Toel jeung tahan hiji item nepi ka alat ngageter, teras sered item eta ka polder.

Pikeun ngaganti nami polder dina layar Utama

- 1 Ketok polder pikeun mukakeunana.
- 2 Ketok bar judul polder pikeun mintonkeun widang **Ngaran polder**.
- 3 Tulis nami polder nu anyar tur ketok **Rengse**.

Latar tukang jeung tema

Anjeun tiada ngaluyukeun Layar utama ku gaya nyalira make wallpaper sareng tema.

Ngarobah wallpaper Layar Utama anjeun

- 1 Colék teras hiji widang kosong di Layar Utama anjeun nepi ka alat ngageter.
- 2 Ketok **Wallpaper** tur pilih hiji pilihan.

Nyetel tema

- 1 Colék teras hiji widang kosong di Layar Utama anjeun nepi ka alat ngageter.
- 2 Ketok **Tema**.
- 3 Pilih hiji pilihan teras turutan pitunjuk dina alat Anjeun.

! Sawaktos Anjeun ngarobah tema, latar tukang oge robah di sababaraha aplikasi.

Nyandak potret layar

Anjeun tiasa nyandak gambar poto ti layar nu mana wae di alat Anjeun pikeun jadi potret layar. Potret layar nu Anjeun candak bakal otomatis disimpen di Albeum.

Pikeun nyandak gambar layar

- 1 Pencet jeung tahan kenop daya nepi ka jandela konfirmasi nembongan.
- 2 Ketok [+].

💡 Anjeun bisa oge nyandak gambar layar ku cara mencet jeung nahan babarengan kenop daya jeung kenop ngalaunan polumeu. Lamun gambar layar geus dicandak, Anjeun bisa ngaleupaskeun kenop eta.

Pikeun ningali potret layar Anjeun

- Sered bar status ka handap pisan, teras ketok potret layar nu Anjeun hoyong tempo.
- 💡 Anjeun bisa oge nempo jepretan layar Anjeun dina aplikasi Albeum.

Bewara

Bewara mere nyaho ka Anjeun ihwal kajadian sapertos bewara talatah anyar jeung almenak oge kagiatan nu keur lumangsung sapertos ngundeur payil. Bewara nembongan di bagean ieu:

- Bar status
- Panel bewara
- Layar konci

Muka atawa nutup panel Bewara



- 1 Muka panel Bewara, sered bar status ka handap.
- 2 Nutup panel Bewara, sered panel ka luhur.

Jang manglaku kana bewara dina Panel bewara

- Ketok bewara.

Miceun bewara ti panel Bewara

- Simpen ramo di bewara terus toel ka kenca atawa katuhu.

Jang ngagedean bewara dina Panel bewara

- Sered bewara ka handap.
- ! Teu kabeh bewara bisa digedean.

Cara mupus sadaya bewara ti panel Bewara

- Gulir ka handap daptar aplikasi, teras ketok .

Jang manglaku kana bewara ti layar konci

- Ketok bewara na dua kali.

Jang ngaleungitkeun bewara ti layar konci

- Simpen ramo dina bewara terus sintreuk ka kenca atawa katuhu.


Jang ngagedean bewara dina layar konci

- Sered bewara ka handap.
- ! Teu kabeh bewara bisa digedean.

Ngatur bewara di layar konci

Anjeun bisa nyetel alat Anjeun jadi ngan bewara nu dipilih nu bakal dipintonkeun dina layar konci Anjeun. Anjeun bisa nyieun kabeh bewara jeung eusina bisa diakses, nyumputkeun eusi nu penting jang kabeh bewara atawa aplikasi husus, atawa milih jang teu nembongkeun bewara naon wae.

Pikeun milih bewara jang dipintonkeun dina layar konci

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sora & bewara > Upami alat dikonci**.
- 3 Pilih hiji pilihan.


Pilihan pintonan bewara di layar konci

Pinton kabeh eusi bewara	Kabeh bewara aktip di layar konci. Lamun Anjeun ngahurungkeun setelan ieu, kudu inget yen kabeh eusi (kaasup eusi surelek jeung talatah obrolan nu datang) bakal katingali dina layar konci Anjeun iwal Anjeun nandaan aplikasi na kaasup Sumputkeun eusi sensitip di menu setelan Bewara aplikasi .
Sumputkeun eusi bewara nu sensitip	Anjeun kudu nyetel PIN, kecap akses, atawa pola jang konci layar Anjeun supados setelan ieu sadia. Eusi disumputkeun dipintonkeun dina layar konci lamun datang bewara penting. Contona, Anjeun bakal meunang bewara tina surelek atawa obrolan, tapi eusina moal katingali dina layar konci Anjeun.
Ulah pinton bewara ieu pisan	Anjeun moal meunang bewara naon wae di layar konci.

Nyeting tingkat bewara jang aplikasi

Anjeun bisa nyetel sipat bewara nu beda-beda jang aplikasi sewang-sewangan. Contona, Anjeun bisa ngablokir kabeh bewara surelek, mrioritaskeun bewara Facebook™ tur ngeset supados eusi bewara talatah teu katingali dina layar konci.

Jang nyetel tingkat bewara jang aplikasi

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sora & bewara > Bewara aplikasi**.
- 3 Pilih aplikasi nu ku Anjeun hoyong dirobah setelan bewarana.
- 4 Sered geseran nu cocog ka katuhu.

Tingkat sareng pilihan bewara kanggo aplikasi spesifik

- Blokir sadayana** Ulah pernah pintonkeun bewara kanggo aplikasi nu dipilih.
- Jadikeun prioritas** Tanpa bewara aplikasi nu dipilih basa Ulah diganggu disetel ka Prioritas wungkul.

Idinan intip

Idinan aplikasi nu dipilih nekenkeun bewara husus ku cara ngageser bewara eta sakeudeung supados ditempo di layar nu ayeuna.


Lampu bewara

Lampu bewara ngabejaan Anjeun ngeunaan status batre jeung kajadian sejenna. Contona, lampu bodas nu kedip-kedip hartina aya talatah anyar atawa telepon lasut. Lampu bewara diaktipkeun tianggalna tapi bisa dinonaktipkeun ku cara manual.
















- ! Lamun lampu bewara dinonaktipkeun, lampu eta ngan bakal hurung lamun aya panggeuing status batre, contona, lamun tingkat batre dihandapeun 15 persen.












Cara ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun lampu bewara

- 1 Tina layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan** > **Sora & bewara**.
- 3 Tina geseran **Lampu bewara**.

Ikon dina bar status.

Ikon status

	Taya kartu SIM
	Kakuatan sinyal
	Taya sinyal
	Roaming
	Ngirim sareng ngundeur data LTE
	Ngirim sareng ngundeur data GPRS
	Ngirim sareng ngundeur data EDGE
	Ngirim sareng ngundeur data 3G
	Ngirim jeung ngundeur data HSPA+
	Sambungan Wi-Fi diaktipkeun jeung jaringan nuju ditransmisikeun
	Sambungan Wi-Fi diaktipkeun tapi teu aya sambungan internet. Ikon ieu oge nembongan basa Anjeun nyobaan pikeun nyambungkeun ka jaringan Wi-Fi aman. Saatos berhasil asup, tanda parentah eta bakal leungit. Upami Google™ diblokir, tanda parentah eta tiasa nembongan sanajan alat disambungkeun ka jaringan Wi-Fi tur aya sambungan internet nu ngapungsi sae
60% 	Status batre
	Batre nuju dieusi
	Modeu STAMINA diaktipkeun
	Modeu Ultra STAMINA diaktipkeun
	Modeu pesawat diaktipkeun
	Pungsi Bluetooth® diaktipkeun

-  Kartu SIM 1 diselapkeun
-  Kartu SIM 2 diselapkeun
-  Mikropon dijempekeun
-  Sepeker telepon dihurungkeun
-  Modeu Ulah ganggu diaktipkeun
-  Modeu geter
-  Alarm disetel
-  GPS diaktipkeun
-  Singkronisasi keur dijalankeun
-  Masalah dina asup atawa singkronisasi
-  Pungsi Alat pitulung denge diaktipkeun







! Gumantung kana propaider laden, jaringan atawa wewengkon, fungsi atawa ladenan anu dinyatakeun ku sababaraha ikon dina daptar ieu tiasa wae teu sadia.

Cara ngatur ikon palang status

- 1 Tina layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Layar > Ikon sistem**.
- 3 Cirian kotak céntang jang ikon sistem nu anjeun hoyong némbongan di palang status.


Ikon bewara

-  Talatah teks atawa talatah multimedia anyar
-  Telepon lasut
-  Telepon tunda heula
-  Terusan telepon diaktipkeun.
-  Talatah suratsora anyar
-  Talatah surelek anyar
-  Ngundeur data
-  Munggah data
-  Data seluler dinonaktipkeun
-  Jalankeun setelan dasar alat Anjeun
-  Apdet software sadia
-  Apdet sistem teu sadia
-  Ngundeur apdet sistem
-  Ketok pikeun masang apdet sistem nu diundeur
-  Poto layar ditewak
-  Talatah chat Hangouts™ anyar
-  Chat video sareng babaturan nganggo aplikasi Hangouts™
-  Aplikasi leutik keur dijalankeun

-  Lagu nuju diputer
-  Radio hurung
-  Alat disambungkeun ka komputer liwat kabel USB
-  Panyimpenan internal 75% pinuh. Ketok pikeun nransper data ka kartu memori
-  Ati-ati
-  Bewara (nu teu dipintonkeun) nu lain

! Teu sadaya ikon nu bakal nembongan dina alat Anjeun didaptarkeun di dieu. Ikon ieu ngan kanggo tujuan referensi, tur tiasa berobah tanpa aya bewara.
















Pikeun ngablokir aplikasi tina ngirim bewara

- 1 Tina layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sora & bewara > Bewara aplikasi**.
- 3 Pilih hiji aplikasi.
- 4 Sered geseran di sisi **Blokir sadaya** ka katuhu.

Langlangan aplikasi

! Sababaraha aplikasi moal kaasup dina alat anjeun atawa manawi teu dirojong di sadaya jaringan atawa propaider laden dina sadaya wewengkon.

-  Pake aplikasi Jam pikeun nyetel sababaraha jenis alarm.
-  Paké pangotéktak wéb Chrome pikeun nganapigasi tur nempo kaca wéb, ngatur téténggér, téks sareng gambar.
-  Paké aplikasi Kalkulator pikeun ngalakonan itungan dasar.
-  Paké aplikasi Almenak pikeun ngalacak kajadian tur ngatur pasini anjeun.
-  Paké aplikasi Kaméra pikeun moto sareng ngarékam klip vidéo.
-  Paké aplikasi Kontak pikeun ngatur nomer telepon, alamat surélék tur inpo séjénna nu berhubungan ka kontak anjeun.
-  Aksés aplikasi, dokumén jeung gambar nu tos diundeur ku anjeun.
-  Paké aplikasi Surélék pikeun ngirim tur nampa surélék ti akun pribadi sareng kantor.
-  Pake aplikasi Facebook™ pikeun jejaring sosial sareng rerencangan, anggota kulawargi sareng kolega di sakuliling dunya.
-  Kotéktak tur déngékeun stasiun radio FM.
-  Pake aplikasi Galeri pikeun nempo tur ngatur, ngedit poto jeung video Anjeun.
-  Pake aplikasi Gmail™ pikeun maca, nyerat tur ngatur talatah surelek.
-  Téang inpo dina alat anjeun sareng di wéb.
-  Tempo lokasi Anjeun ayeuna, panggihan lokasi nu sejen, tur ngarencanakeun rute make Google Maps™.
-  Pake aplikasi Play Store™ pikeun manggihan aplikasi nu dipeser atawa diunder haratis.
-  Paké aplikasi Talatah pikeun ngirim tur nampa talatah téks sareng multimédia.
-  Paké aplikasi Vidéo pikeun muterkeun vidéo dina alat anjeun, tur ngabagikeun eusi sareng babaturan anjeun.

-  Paké aplikasi Musik pikeun ngatur tur muter musik jeung buku audio.
-  Ningali wartos berita ti News Suite.
-  Paké aplikasi Hawa keur ningali ramalan hawa.
-  Telepon ku cara muter nomer sacara manual atawa ku cara maké fungsi pencét pinter.
-  Optimalkeun setélan alat pikeun nyocogkeun ka persaratan anjeun sorangan.
-  Pake aplikasi Hangouts™ pikeun chat sareng rereancangan sacara online.
-  Idéntifikasi lagu musik anu nuju diputer di lingkungan anjeun, tur meunangkeun inpo artis, albeum sareng inpormasi nu séjénna.
-  Pake YouTube™ keur nongton video ti saluruh dunya, jeung ngabagikeun video anjeun.
-  Xperia™ Movie Creator otomatis nyieun kolase video pondok nganggo koleksi poto atawa video nu aya.
-  Paké aplikasi Rojongan pikeun ngaksés rojongan di alat anjeun. Contona, anjeun tiasa ngaksés Buku pituduh, inpo cara ngungkulan, tambah kiat sareng trik.
-  Pake aplikasi Sketsa pikeun nyieun jeung ngotektak gambar, teras bagikan gambar jeung rereancangan anjeun.
-  Pake aplikasi What's New pikeun neangan kaulinan, aplikasi, jeung eusi media anyar.
-  Ngaraosan musik, pilem, aplikasi, jeung kaulinan dina alat anjeun, jeung meunangkeun akses eksklusip ka eusi unik nu saukur sadia jeung alat Xperia™.
-  Tetep nyambung ka rereancangan ulin anjeun, jeung kaulinan nu resep diulinkeun ku anjeun, pese dina PlayStation®Store, jeung leuwih loba.
-  Tangtayungan alat anjeun ti virus, malware, spyware, percobaan panipuan, jeung eksploitasi online.

Rojongan tur pamaliharaan

Ngeusi batre alat Anjeun


- ! Pake carjer Sony asli jeung kabel USB nu husus pikeun model Xperia™ nu tangtu. Carjer jeung kabel nu sejen bakal ningkatkeun waktos ngeusi batre, teu ngeusi pisan, atawa bakal ngaruksa alat. Pastikeun kabeh port USB jeung konektor sapinuhna garih, sateuacan masang kabel USB.


Carjer colokan listrik bakal ngeusi batre leuwih cepet dibandingkeun ngeusi batre liwat komputer. Anjeun tiasa make alat Anjeun pas keur di eusi.

Upami batre kosong, alat bakal perlu dugi ka 30 menit pikeun ngarespons ka ngeusi batre. Salila waktos ieu, layar bakal poek, teu nembongkeun ikon ngeusi batre. Oge perhatoskeun yen bakal perlu dugi ka 4 jam ngeusi batre nu sapinuhna kosong dugi ka sapinuhna ngeusi.

- ! Alat Anjeun gaduh batre nu tos dipasangkeun tur tiasa dicas nu tiasa digentos ngan ku puseur ladenan Sony nu resmi. Anjeun ulah nyobaan muka atawa ngabongkar alat ku sorangan. Milampah eta bisa ngaruksak alat nu ahirna ngabatalkeun haransi.

Cara ngeusi batre alat anjeun



- 1 Colokkeun carjer ka colokan listrik.
 - 2 Colokkeun hiji tungtung kabel USB kana carjer (atawa kana port USB komputer).
 - 3 Colokkeun ujung kabel ka port USB mikro dina alat Anjeun, sareng lambang USB ngahadap ka luhur. Lampu bewara hurung upami ngeusi dimimitian.
 - 4 Sawaktos batre alat geus dieusian pinuh, coplokkeun kabel USB tina telepon anjeun ku cara nyabut kabel eta kaluar. Pastikeun anjeun teu ngabengkokkeun konektor.
- ! Saukur make carjer nu disadiakeun jeung alat anjeun atawa carjer Sony nu sejen pikeun ngeusi batre alat anjeun.
 - 💡 Upami batre soak pisan, butuh sababaraha menit nepi ka lampu bewara hurung tur ikon ngeusi batre  nembongan.

Status lampu bewara batre

Hejo	Batre nuju ngeusi tur tingkat eusian batre leuwih ti 90%
Oranyeu	Batre nuju ngeusi tur tingkat eusian batre kirang ti 90%
Beureum	Batre nuju ngeusi tur tingkat eusian batre kirang ti 15%

Batre sareng pangaturan daya


Alat Anjeun gaduh batre nu dipasangkeun. Pikeun ngamaksimalkeun pamakeanna, tetep lacak daya nu dikonsumsi ku aplikasi jeung fitur nu beda. Fitur ngirit daya latar tukang diakptikeun ku standar pikeun mantuan Anjeun ngurangan konsumsi batre, jeung modeu

ngirit daya tambahan sadia pikeun mantuan Anjeun ngurangan konsumsi batre leuwih lanjut upami diperlukeun.

Fitur ngirit daya ngurangan prioritas pikeun pungsi alat nu teu penting, sapertos kinerja gambar kelas leuwih luhur, aktipitas jaringan sapertos ladenan lokasi, sinkronisasi aplikasi, jeung latar tukang nyeken Wi-Fi. Upami Anjeun teu hoyong aplikasi kapangaruh, Anjeun bisa ngiwalkeun aplikasi dina menu Optimalisasi batre. Telepon sareng SMS moal kapangaruh.

- ! Apdet sistem manawi ngarobah fitur ngirit daya nu aya dina alat.

Pikeun nempo konsumsi batre, perkiraan waktos, jeung tip ngirit daya

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Batre**. Langlangan nembongan nu mintonkeun persentase batre sareng perkiraan waktos pamakean batre.
- 3 Ketok **PINTONKEUN PAMAKÉAN BATRE** pikeun nempo daptar fitur jeung ladenan nu make daya batre ti terahir siklus ngeusi batre. Ketok item pikeun meunangkeun inpormasi ngeunaan cara ngurangan konsumsi batre.

Pikeun nempo konsumsi batre pikeun aplikasi

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Aplikasi**.
- 3 Pilih aplikasi tur tilik pamakean batre make di handap **Batere kaanggo**.

Tip pamakean umum jang ngaronjatkeun kinerja batre.

Tips nu katut tiasa mantuan anjeun ningkatkeun kinerja batre:

- Turunkeun tingkat kacaangan layar, tempo **Setélan layar** di kaca 57.
- Pareuman Bluetooth®, Wi-Fi, jeung ladenan lokasi sawaktos Anjeun teu merlukeun fitur ieu.
- Pareuman alat Anjeun atawa pake modeu Pesawat upami Anjeun keur aya di hiji wewengkon nu taya atawa lemah jangkauan jaringanana. Lamun henteu, alat bakal terus nyeken jaringan nu aya, ieu teh bakal meakkeun daya.
- Pake jaringan Wi-Fi tibatan roaming di luar nagari. Roaming nyaeta nyekel jaringan utama jeung milampah pentaan tambahan dina batre Anjeun, kusabab alat kudu ngirim daya kaluaran nu leuwih luhur, tingal **Wi-Fi** di kaca 45.
- Ngarobah setelan sinkronisasi jang email, kalender, jeung kontak, tingal **Nyingkronkeun jeung akun online** dina kaca 53.
- Pariksa aplikasi nu ngonsumsi batre luhur, jeung pertimbangkeun tip ngirit batre nu aya dina alat pikeun aplikasi ieu.
- Ngarobah tingkat bewara pikeun aplikasi, tingal **Bewara** di kaca 28.
- Pareuman idin babagi lokasi pikeun aplikasi, tingal **Setelan aplikasi** di kaca 58.
- Pupus aplikasi nu teu dipake, tingal **Layar aplikasi** di kaca 24.
- Pake alat handsfree asli Sony pikeun ngadengekeun musik. Alat handsfree make batre leuwih saeutik tibatan sepeker alat Anjeun.
- Balikan deui alat Anjeun ayeuna jeung engke.

Optimalisasi batre




Optimalisasi batre mangrupikeun modeu bawaan nu ampuh sareng gampil dipakena nu ningkatkeun waktos pamakean batre Anjeun ku cara ngurangan pamakean batre basa Anjeun teu make alat atawa aplikasi husus.

Ieu tiasa dihontal ku nahan aktivitas jaringan nu boros batre, sapertos ladenan lokasi, nyingkronkeun tur nyeken Wi-Fi di latar tukang basa Anjeun keur teu make alat dina waktu lami.

Telepon sareng talatah SMS moal kapangaruh.



Anjeun moal bisa ngoptimalkeun Batre, tapi tiasa nyieun iwalan pikeun aplikasi nu tangtu.

Cara ngaluarkeun aplikasi husus ti optimalkeun batre


- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Batre**.
 - 3 Ketok  jeung pilih **Optimasi Batré**. Anjeun bakal nempo daptar aplikasi nu teu dioptimalkeun.
 - 4 Pikeun nambahkeun atawa mupus aplikasi ti daptar ieu, ketok **Aplikasi** jeung pilih aplikasi ti daptar pikeun ngedit setelan pengoptimalanna.
 - 5 Daptar aplikasi nu teu dioptimalkeun bakal di-apdet sasuai ka setelan Anda.
- ! Anjeun moal bisa ngiwalkeun optimalisasi aplikasi ku modeu Ultra STAMINA.
- 💡 Anjeun oge bisa ngonpigurasi **Optimasi Batré** ti menu **Aplikasi** ku ngetok .

Modeu ngirit daya

Aya sababaraha modeu hemat daya nu sadia jang dipake ku Anjeun lamun Anjeun hoyong hirup batre leuwih lila:

modeu STAMINA	Dumasar dina tingkat STAMINA, fitur nu beda bakal diwatesan atawa dinonaktipkeun supados bisa ngurangan konsumsi batre. Ieu kaasup kinerja render, animasi, jeung kacaangan layar, paningkatan gambar, sinkronisasi data apl latar tukang, geter (kajaba telepon asup), streaming jeung GPS (upami layar pareum).  nembongan dina bar status.
Modeu Ultra STAMINA	Salian ti fitur nu dinonaktipkeun ku modeu STAMINA, modeu Ultra STAMINA nganonaktipkeun Data Seluler jeung Wi-Fi. Pilihan aplikasi diwatesan jeung widget (kajaba Jam) dinonaktipkeun. Nelepon jeung SMS tetep sadia. Layar utama anjeun diganti jeung layar Utama modeu Ultra STAMINA husus, jeung panel tambahan dinonaktipkeun.  nembongan dina bar status.

Pikeun ngaktipkeun/nganonaktipkeun modeu STAMINA

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Batre**.
 - 3 Ketok **modeu STAMINA**, sareng ketok geseran pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun pungsi. Upami modeu STAMINA diaktipkeun Anjeun bisa milih pilihan tambahan, contona Anjeun bisa nyaluyukeun persentase Mimitian-otomatis ka preferensi anjeun.
- 💡 Anjeun bisa ngiwalkeun aplikasi dioptimalisasi ku modeu STAMINA dina menu ngoptimalkeun Batre.


Pikeun ngaktipkeun modeu Ultra STAMINA

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Batre**.
 - 3 Ketok **Modeu Ultra STAMINA**, terus ketok **Activate**.
 - 4 Konfirmasi pikeun ngaktipkeun.
- ! Anjeun moal bisa ngiwalkeun optimalisasi aplikasi ku modeu Ultra STAMINA.

Pikeun nganonaktipkeun modeu Ultra STAMINA

- 1 Sered ka handap bar status jang ngakses panel Bewara.
 - 2 Ketok **Nonaktipkeun modeu Ultra STAMINA**.
 - 3 Ketok **OKE**.
- ! Nganonaktipkeun modeu Ultra STAMINA bakal ngabalikan deui alat Anjeun.

Ngapdet alat Anjeun

Anjeun kudu ngapdet software di alat Anjeun pikeun menangkeun fungsionalitas, peningkatan, sareng perbaikan bug panganyarna supados mastikeun kinerja nu optimal. Lamun apdet software geus sadia,  katingali dina bar status. Anjeun oge tiasa mariksa apdet sacara manual, atawa ngajadwalkeun apdet.


Cara panggampilna pikeun masang apdet software nyaeta liwat cara nirkabel ti alat Anjeun. Tapi, sababaraha apdet teu sadia kanggo undeuran nirkabel. Mun kitu, Anjeun kudu make aplikasi Xperia™ Companion dina PC atawa dina komputer Apple® Mac® pikeun ngapdet alat Anjeun.

Sateuacan ngapdet alat Anjeun, pertimbangkeun hal ieu:

- Pastikeun Anjeun gaduh kapasitas panyimpenan nu cukup samemeh tarekah pikeun ngapdet.
- Upami Anjeun make alat nu bisa dipake ku sababaraha pamake, Anjeun kudu asup jadi nu gaduh alat, nyaeta, pamake utama, pikeun ngapdet alat.
- Apdet sistem jeung aplikasi tiasa ngawanohkeun fitur dina alat anjeun dina cara sejen tibatan dijelaskeun dina Buku pituduh. Versi Android™ manawi moal kapangaruh saatos apdet.

Jang inpormasi nu leuwih lengkep ngeunaan apdet software, buka www.sonymobile.com/update/.


Cara mariksa software anyar

- 1 Upami Anjeun nganggo alat sareng sababaraha pamake, pastikeun Anjeun asup jadi nu gaduh alat.
 - 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Ihwal telepon > Apdetan software**.
- ! Upami taya software nu sadia, bisa jadi Anjeun teu gaduh cukup memori kosong dina alat Anjeun. Upami memori internal alat Xperia™ kurang ti 500 MB nu sadia, Anjeun moal nampa inpo tentang software anyar. Upami kawas kitu Anjeun moal nampa ati-ati dina Panel béwara: Rohangan lowong makin séép. Sababaraha pungsi sistem tiasa henteu jalan. Upami Anjeun nampa bewara ieu, Anjeun kudu ngosongkeun memori internal supados menangkeun bewara ngeunaan software anyar nu sadia.

Ngapdet alat Anjeun sacara nirkabel

Pake aplikasi apdet Software pikeun ngapdet software alat Anjeun sacara nirkabel. Apdet nu Anjeun tiasa undeur liwat jaringan seluler gumantung kana operator Anjeun. Disarankeun make jaringan **Wi-Fi** tibatan jaringan seluler pikeun ngundeur software anyar ameh teu beunang tagihan patalimarga data.

Cara ngundeur tur masang apdet sistem

- 1 Upami Anjeun babagi alat sareng sababaraha pamake, pastikeun Anjeun asup jadi nu gaduh alat.
 - 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Ihwal telepon > Apdetan software**.
 - 4 Lamun apdet sistem tos sadia, ketok **Undeuran** jang ngundeur eta apdet kana alat Anjeun.
 - 5 Lamun ngundeur tos rengse, ketok **Pasang** jeung turutan parentah dina-layar jang ngarengsekeun pamasangan.
- 💡 Anjeun bisa ngundeur jeung masang apdet sistem ti Panel béwara ku nyered bar status ka handap, milih bewara apdet sistem, teras ngetok **Undeur**.

Cara masang otomatis

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Ihwal telepon > Apdetan software**.
- 3 Ketok , teras ketok **Setelan** tur pilih hiji pilihan.

Cara ngapdet alat Anjeun make komputer

- 1 Make kabel USB, sambungkeun alat Anjeun ka komputer.
 - 2 Pastikeun yen layar alat dibuka, jeung modeu sambungan USB dina alat disetel ka **Transper payil (MTP)**.
 - 3 Buka Xperia™ Companion, mun teu otomatis dijalankeun.
 - 4 Pastikeun yen komputer tiasa ngakses internét.
 - 5 **Komputer:** Lamun apdet software anyar dideteksi, jandela popup nembongan. Turutan parentah di layar pikeun ngajalankeun apdet software nu sasuai.
- ! Upami Anjeun teu acan masang software Xperia™ Companion dina komputer nu sasuai, sambungkeun alat Anjeun ka komputer tur turutan parentah pamasangan di layar. Patikeun Anjeun make kabel USB nu disayagikeun jeung alat, jeung nyambung bener ka alat jeung komputer.

Pamaliharaan nganggo komputer

Xperia™ Companion

Xperia™ Companion mangrupikeun ladeunan software nu nyadiakeun koleksi peralatan sareng aplikasi nu Anjeun tiasa pake basa Anjeun nyambungkeun alat Anjeun ka komputer. Sareng Xperia™ Companion, Anjeun tiasa:

- Ngapdet atawa ngelereskeun software alat Anjeun.
- Nransper eusi ti alat lawas Anjeun make Xperia™ Transfer.
- Nyieun cadangan tur ngabalikan eusi dina komputer Anjeun.
- Nyinkronkeun eusi multimedia – foto, video, musik, sareng daptar puter – antara alat Anjeun sareng komputer.
- Ngotektak payil dina alat Anjeun.

Pikeun make Xperia™ Companion, Anjeun butuh komputer nu nyambung ka internet tur ngajalankeun salah sahiji sistem operasi di handap ieu:

- Microsoft® Windows® 7 atawa leuwih anyar
- Mac OS® X 10.11 atawa leuwih anyar

Diajar salengkepna tur undeur Xperia™ Companion for Windows di <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion/> atawa Xperia™ Companion pikeun Mac di <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion-mac/>.

Ngatur payil nganggo komputer

Pake sambungan kabel USB antawis komputer Windows® sareng alat Anjeun pikeun transper sareng ngatur payil Anjeun.

Saatos kadua alat nyambung, Anjeun tiasa mun bade ngeusi batre alat, nransper payil, atawa make pikeun input MIDI. Komputer bakal ngadeteksi alat upami Anjeun milih modeu sambungan **Transper payil (MTP)**. Modeu sambungan default disetel ka **Ngeusi batré hungkul**.

Sareng Xperia™ Companion, Anjeun tiasa ngakses sistem payil alat Anjeun. Upami Anjeun can masang Xperia™ Companion, Anjeun dipenta pikeun masang upami nyambungkeun alat ka komputer.

- ! Pake kabel USB nu dihususkeun pikeun model Xperia™ nu tangtu jeung pastikeun sapinuhna garing.

Modeu Sambungan USB

Anjeun bisa make sambungan **Transper payil (MTP)** jang ngatur payil, ngapdet software alat. Modeu USB isu dipake jeung komputer Microsoft® Windows®. Ngeusi diaktipkeun sacara standar.

Make modeu **MIDI**, alat anjeun tiasa ngapungsi jadi input MIDI pikeun aplikasi alat musik.

Cara ngarobah modeu koneksi USB

- 1 Masang konektor USB ka alat Anjeun.
- 2 Sered baris status ka handap, teras ketok **Ngeusi batré hungkul**.
- 3 Ketok **Transper payil (MTP)** atawa **MIDI** nu dipikahayang.

Panyimpenan jeung memori

Alat Anjeun gaduh sababaraha pilihan panyimpenan jeung memori.

- Panyimpenan internalna kirang langkung **16 GB** jeung dipake keur nyimpen undeuran atawa eusi hasil transper salian ti setelan jeung data pribadi. Sababaraha conto data nu disimpen ka panyimpenan internal ieu nyaeta setelan alarm, musik, sareng basa; surelek, tetenger, acara almenak; poto; video sareng musik.
 - Anjeun bisa make kartu memori nu bisa dicabut nu kapasitas panyimpenan na maksimal **128 GB** pikeun boga ruang panyimpenan nu leuwih lega. Payil media sareng sababaraha aplikasi sareng data nu pakait, tiasa dipindahkeun ka tipeu memori ieu pikeun ngosongkeun panyimpenan internal. Sababaraha aplikasi, contona, aplikasi Kamera, tiasa nyimpen data langsung ka kartu memori.
 - Memori dinamis (RAM) kirang langkung **2 GB** jeung teu bisa dipake keur panyimpenan. RAM dipakena keur nanganan aplikasi nu keur jalan jeung sistem operasina.
- ! Anjeun bisa jadi kudu meuli misah hiji kartu memori.
- 💡 Baca deui salengkepna ngeunaan pamakean memori dinu alat Android ku ngundeur Buku manual pikeun alat anjeun di www.sonymobile.com/support/.

Ningkatkeun kinarya memori

Memori alat anjeun bakal pinuh ku pamakean normal. Lamun alat ngamimitian alon, atawa aplikasi ngadadak pareum, anjeun kedah merhatoskeun:

- Kudu boga panyimpenan internal kosong sakurangnya **100 MB**.
 - Tutup aplikasi nu keur jalan tur teu dipake ku anjeun.
 - Pupus memori kas keur sadaya aplikasi.
 - Pupus pamasangan aplikasi undeuran nu teu kapake.
 - Pindahkeun aplikasi kana kartu memori lamun panyimpenan internal pinuh.
 - Transper poto, video, jeung musik ti memori internal kana kartu memori.
 - Upami alat anjeun teu tiasa maca eusi kartu memori, bisa wae kartu memorina kudu dipormat. Inget yen kabeh eusi dina kartu memori bakal dipupus lamun kartu Anjeun dipormat.
- ! Lamun Anjeun ngabagikeun alat nu boga loba pamake, Anjeun kudu asup jadi nu gaduh alat, nyaeta, pamake utama, jang bisa ngalakukeun tindakan husus, sapertos nransper data kana kartu memori jeung pormat kartu memori.

Nembongkeun status memori

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Panyimpenan**.

Cara nempo jumlah RAM kosong sareng nu kapake


- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Ihwal telepon > Diagnostik > Pakta**.

Pikeun mupus memori kas kanggo sadaya aplikasi


- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Panyimpenan**.
- 3 Ketok **Panyimpenan internal > Data kas > OKE**.

- ! Basa Anjeun mupus memori kas, Anjeun moal kaleungitan inpo atawa setelan nu penting.

Pikeun transper payil media kana kartu memori

- 1 Pastikeun Anjeun tos nyelapkeun kartu memori ka alat Anjeun.
- 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Panyimpenan > Transper data ka kartu SD**.
- 4 Cirian jinis payil nu anjeun hoyong transperkeun kana kartu memori.
- 5 Ketok **Transper**.



Pikeun mindahkeun aplikasi ka kartu memori

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Aplikasi**.
 - 3 Pilih aplikasi nu Anjeun hoyong pindahkeun, teras ketok **Panyimpenan**, teras di handapeun Penyimpenan nu dipake, ketok **Robah > Kartu SD > Pindah**.
- ! Sababaraha aplikasi teu bisa dipindahkeun ka kartu memori.

Pikeun ngeureunkeun operasi aplikasi atawa ladenan

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Aplikasi**.
- 3 Pilih aplikasi atawa ladenan, teras ketok **PAKSAKEUN LIREN > OK**.

Pikeun ngapormat kartu memori

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Panyimpenan**.
 - 3 Ketok **Kartu SD**, teras ketok ; terus ketok **Setelan > Pormat > Pupus & pormat**.
- ! Sakabeh eusi dina kartu memori kapupus sawaktos Anjeun pormat kartu eta. Pastikeun Anjeun nyieun cadangan sadaya data nu anjeun hoyong simpen samemeh pormat kartu memori. Pikeun nyieun cadangan eusi Anjeun, Anjeun bisa niron data eta ka komputer. Jang inpo nu leuwih lengkep, tingali *Ngatur payil nganggo komputer* di kaca 38.

Nyieun cadangan tur ngabalikkeun eusi

Biasana, Anjeun teu meunang nyimpen foto, video sareng eusi pribadi sejen ngan saukur di memori internal alat Anjeun. Upami alat Anjeun ruksak, leungit atawa dicolong, data nu disimpen di memori internal eta moal tiasa dibalikkeun. Anjeun disarankeun make software Xperia™ Companion pikeun nyieun cadangan nu bakal nyimpen data Anjeun ka alat eksternal. Metode ieu hususna disarankeun upami Anjeun ngamutakhirkeun software alat Anjeun ka versi Android nu anyar.

Aplikasi Xperia™ Cadangan & malikkeun disarankeun jang nyadangkeun data saacan anjeun ngalakukeun mulangkeun data pabrik. Ku aplikasi ieu anjeun bisa nyadangkeun data ieu kana akun online, kartu SD atawa kana alat panyimpenan USB éksternal nu geus disambungkeun kana alat anjeun maké adaptor USB Host:

Jeung aplikasi Google Cadangan & malikkeun, anjeun tiasa nyadangkeun data kana server Google.

Nyieun cadangan data ka komputer

Pake software Xperia™ Companion pikeun nyieun cadangan data tina alat Anjeun ka PC atawa komputer Apple® Mac®. Anjeun tiasa nyadangkeun jinis data:

- Kontak sareng log telepon
- Talatah teks
- Almenak
- Setelan sareng tetengger
- Payil media sapertos musik sareng video
- Foto sareng gambar

Cara nyieun cadangan data Anjeun make komputer

- 1 Buka layar alat Anjeun teras sambungkeun alat Anjeun ka komputer make kabel USB.
 - 2 Buka software Xperia™ Companion dina komputer mun teu otomatis dijalankeun. Saatos sababaraha saat, komputer ngedeteksi alat Anjeun. Pastikeun pikeun milih modeu **Transper payil (MTP)** dina alat anjeun.
 - 3 Klik **Cadangan** dina layar utama Xperia™ Companion.
 - 4 Turutan parentah di layar pikeun nyieun cadangan data ti alat Anjeun.
- ! Upami Anjeun can masang Xperia™ Companion, Anjeun dipenta pikeun masang upami nyambungkeun alat ka komputer.

Cara ngabalikkeun data Anjeun make komputer

- 1 Buka layar alat Anjeun teras sambungkeun alat Anjeun ka komputer make kabel USB.
 - 2 Buka software Xperia™ Companion dina komputer mun teu otomatis dijalankeun. Saatos sababaraha saat, komputer ngedeteksi alat Anjeun. Pastikeun pikeun milih modeu **Transper payil (MTP)** dina alat anjeun.
 - 3 Klik **Balikkeun** dina layar utama Xperia™ Companion.
 - 4 Pilih payil cadangan ti rekaman cadangan, teras klik dina **Salajengna** tur turutan parentah di layar pikeun ngabalikkeun data ka alat Anjeun.
- ! Upami Anjeun can masang Xperia™ Companion, Anjeun dipenta pikeun masang upami nyambungkeun alat ka komputer.



Nyadangkeun data maké aplikasi Xperia™ Cadangan & malikkeun

Maké aplikasi Xperia™ Cadangan & malikkeun, anjeun tiasa nyieun cadangan online atawa cadangan data lokal. Contona, anjeun bisa nyadangkeun data sacara manual atawa ngahurungkeun fungsi nyadangkeun otomatis jang nyimpen data dina waktu nu tangtu.


Aplikasi Xperia™ Cadangan & malikkeun disarankeun jang nyadangkeun data saacan anjeun ngalakukeun mulangkeun data pabrik. Ku aplikasi ieu anjeun bisa nyadangkeun jinis data ieu kana akun online, kartu SD atawa kana alat panyimpenan USB éksternal nu geus disambungkeun kana alat anjeun maké adaptor USB Host:

- Tetenger
- Kontak jeung daptar telepon kumplit
- Paguneman
- Data almenak
- Akun surélék
- Wi-Fi jaringan
- Setélan alat
- Aplikasi
- Tata Perenah Xperia™ Utama


Pikeun nyetél fungsi cadangan otomatis

- 1 Lamun anjeun nyadangkeun eusi kana alat panyimpenan USB, pastikeun alat panyimpenan disambungkeun kana alat anjeun maké adaptor USB Host. Lamun anjeun nyadangkeun kana kartu SD, pastikeun kartu SD bener diselapkeunna kana alat anjeun.
- 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 3 Téangan terus ketok **Setelan > Cadangan & reset**.
- 4 Dihandapeun **Jieun & pulangkeun cadangan Xperia™**, ketok **Cadangan otomatis**.
- 5 Pikeun aktipkeun fungsi nyadangkeun otomatis, ketok kenop hurung-pareum
- 6 Pilih waktos seringna ngadamel cadangan, kamana nyimpen payil cadangan, waktos jang nyadangkeunna jeung jinis data nu dicadangkeun.
- 7 Jang nyimpen setelan anjeun, ketok .

Cara nyadangkeun eusi sacara manual

- 1 Lamun anjeun nyadangkeun eusi kana alat panyimpenan USB, pastikeun alat panyimpenan disambungkeun kana alat anjeun maké adaptor USB Host. Upami Anjeun nyieun cadangan ka kartu SD, pastikeun kartu SD tos diselapkeun bener ka alat Anjeun.
- 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 3 Téangan terus ketok **Setelan > Cadangan & reset**.
- 4 Dihandapeun **Jieun & pulangkeun cadangan Xperia™**, ketok **Deui**.
- 5 Ketok **Cadangkeun manual**, tur pilih tujuan cadangan jeung jinis data nu badé dicadangkeun.
- 6 Ketok **Jieun cadangan**.
- 7 Saentos data dicadangkeun, ketok **Rengse**.

Cara malikkeun eusi cadangan

- 1 Lamun anjeun malikkeun eusi tina alat panyimpenan USB, pastikeun alat panyimpenan disambungkeun kana alat anjeun maké adaptor USB Host. Lamun anjeun malikkeun eusi ti kartu SD, pastikeun kartu SD bener diselapkeunna kana alat anjeun.
 - 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 3 Téangan terus ketok **Setelan > Cadangan & reset**.
 - 4 Handapeun **Jieun & pulangkeun cadangan Xperia™**, ketok **Ngabalikkeun data**, terus pilih sumber malikkeun jeung jinis data anu anjeun hoyong balikkeun.
 - 5 Ketok **Ngabalikkeun data**.
 - 6 Saentos eusi réngsé dibalikkeun, ketok **Rengse**.
- ! Inget yén sagala perobahan nu anjeun jieun ka data sareng setélan anjeun saatos anjeun nyieun cadangan, kaasup aplikasi nu diundeur, bakal dipupus salami prosedur malikkeun.


Ngundeur aplikasi

Ngundeur aplikasi ti Google Play™

Google Play™ teh toko online resmi Google pikeun ngundeur aplikasi, kaulinan, musik, pilem jeung buku. Kaasup aplikasi haratis jeung nu kedah mayar. Sateuacan mimiti ngunder ti Google Play™, pastikeun koneksi internet anjeun jalan, langkung sae ti Wi-Fi kanggo ngawatesan beaya patalimarga data.

- ! Pikeun make Google Play™, Anjeun kudu gaduh akun Google™. Google Play™ bisa jadi teu sadia di sadaya nagara atawa kawasan.

Pikeun ngundeur aplikasi ti Google Play™


- 1 Tina Layar Utama, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Play Store**.
 - 3 Panggihan item nu hayang diunduh ku anjeun ku cara ngotektak kategori, atawa ku cara make pungsi teang.
 - 4 Ketok item pikeun nempo wincikna, sarta turutan instruksi pikeun ngabereskeun pamasangan.
- ! Sababaraha aplikasi meureun perlu akses data, setelan jeung rupa-rupa pungsi di alat anjeun ngarah jalanna bener. Pasang jeung pasihan idin ngan ka aplikasi nu dipercaya ku anjeun. Anjeun tiasa nempo idin nu dipasikan ka aplikasi nu diundeur tur ngarobah statusna ku cara ngetok aplikasi di **Setelan > Aplikasi**.

Ngundeur aplikasi ti sumber nu sejen

Lamun alat anjeun disetel meh tiasa ngundeur ti sumber salain ti Google Play™, anjeun tiasa ngundeur aplikasi langsung ti situs web ku cara nurutan pitunjuk nu kakait.

- ! Masang aplikasi nu teu terang sumberna atawa nu teu bisa dipercaya bisa ngaruksak alat Anjeun. Undeur aplikasi saukur ti sumber nu tiasa dicangcaya. Kontak nu nyadiakeun aplikasi upami anjeun aya patarosan atawa masalah.
- ! Lamun Anjeun ngagunakeun alat nu boga loba pamake, ngan nu boga na, nyaeta, pamake utama, tiasa ngidinan ngundeur ti sumber salain ti Google Play™. Perobahan nu dijieun ku nu gaduh alat bakal mangaruhan ka sadaya pamake sejenna.

Cara ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun ngundeur aplikasi ti sumber nu sejen

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Konci layar & kaamanan**.
 - 3 Tina geseran **Sumber anu teu jelas**.
 - 4 Ketok **OK**.
- ! Sababaraha aplikasi meureun perlu akses data, setelan jeung rupa-rupa pungsi di alat anjeun ngarah jalanna bener. Pasang jeung pasihan idin ngan ka aplikasi nu dipercaya ku anjeun. Anjeun tiasa nempo idin nu dipasikan ka aplikasi nu diundeur tur ngarobah statusna ku cara ngetok aplikasi di **Setelan > Aplikasi**.

Internet jeung jaringan

Ngotektak web

Pangotektak web Google Chrome™ pikeun alat Android™ geus dipasang samamehna kanggo kalolobaan pasar. Buka <http://support.google.com/chrome> tur klik kakait "Chrome for Mobile" pikeun meunangkan inpo wincik ngeunaan cara make pangotektak web ieu.

Ngotektak ku Google Chrome™


- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok .
- 3 Upami Anjeun munggaran nganggo Google Chrome™, pilih salasa hiji antara asup kana akun Google™ atawa ngotektak tanpa ngaran make Google Chrome™.
- 4 Asupkeun istilah paneangan atawa alamat web dina widang paneangan jeung alamat, teras ketok **Buka** di kibor.

Setelan Internet jeung MMS



Jang ngirimkeun talatah multimédia, atawa muka internét pas euweuh jaringan Wi-Fi anu sadia, anjeun kudu boga sambungan data selulér nu aktip tur setélan internét jeung MMS (Ladenan Talatah Multimedia) nu bener. Ieu aya sababaraha kiat:

- Kanggo sabagéan ageung jaringan selulér sareng operator, setélan internet sareng MMS tos dipasang sateuacana dina alat anjeun. Saatosna anjeun tiasa langsung nganggo internét sareng ngirim talatah multimédia.
 - Setélan internét jeung MMS ogé tiasa diundeur iraha waé di ménu Setélan.
 - Anjeun ogé tiasa iraha waé nambah, ngarobah, atawa mupus setélan internét sareng MMS ku cara manual di alat anjeun. Upami Anjeun teu kahaja ngarobah atawa mupus setélan internet atawa MMS, undeur deui setélan internet sareng MMS eta.
 - Lamun anjeun henteu tiasa ngaaksés internét ngalangkungan jaringan selulér atawa lamun talatah multimédia henteu pungsi, sanajan setélan internét jeung MMS atos hasil diunder ka alat anjeun, baca kiat cara ngungkulan keur alat anjeun www.sonymobile.com/support/keur masalah sinyal jaringan, data selulér, jeung MMS.
- ! Lamun modeu STAMINA aktip keur hémat daya, sadaya patalimarga data selulér direureuhkeun nalika layar pareum. Lamun ieu nyababkeun masalah koneksi, coba kacualikeun sababaraha aplikasi jeung ladén tina direureuhkeun, atawa pareuman modeu STAMINA samentawis. Jang maca salengkepna, buka *Batre sareng pangaturan daya* di kaca 34.
- ! Lamun anjeun babagi alat kalayan loba pamaké, ngan nu boga na, nyaéta, pamaké utama, nu bisa ngundeur setélan internét jeung talatah ti ménu Setélan, tapi setélan nu geus diundeur bisa dipaké ku kabéh pamaké.

Pikeun ngundeur setélan Internet jeung MMS

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setélan > Nu sejen > Setélan internet**.
 - 3 Ketok **TARIMA**. Saatos setélan parantos hasil diundeur, bakal aya dina wagel status sareng patalimarga data seluler diaktipkeun sacara otomatis.
- ! Upami setélan teu bisa diundeur ka alat Anjeun, pariksa kakuatan sinyal jaringan seluler atawa sambungan jaringan **Wi-Fi** Anjeun. Pindah ka lokasi nu kabuka anu henteu kahalangan atanapi ngadeukeutan ka jandela terus cobaan deui.

Cara nambahkeun setelan internet jeung MMS sacara manual

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > Jaringan mobile**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Ngaran Titik Akses > +**.
- 5 Ketok **Nami** terus tuliskeun nami nu dipikahoyong.
- 6 Ketok **APN** jeung tulis ngaran titik wasa.
- 7 Asupkeun kabeh inpormasi sejen nu dibutuhkeun. Upami Anjeun teu terang naon inpormasi nu dibutuhkeun, kontak operator jaringan Anjeun jang inpo nu wincik.
- 8 Sawaktos Anjeun geus rengse, ketok ; teras ketok **SIMPEN**.
- 9 Jang milih APN nu ku Anjeun karek ditambahkeun, ketok kenop radio di sisi nami APN. Lamun tos dipilih, APN ieu bakal jadi APN standar jang laden internet jeung MMS.

Pikeun nempo setelan Internet jeung MMS nu diundeur



- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > Jaringan mobile**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Ngaran Titik Akses**.
- 5 Pikeun nempo wincik nu lain, ketok item nu sadia.

Wi-Fi

Make Wi-Fi jang ngajalajah internet, ngundeur aplikasi, atawa ngirinkeun jeung narima surelek. Saenggeus Anjeun kasambung kana jaringan Wi-Fi, alat Anjeun bakal nginget jaringan eta jeung otomatis kasambung laun engke deui Anjeun aya dina wewengkon jaringan eta.

Sababaraha hiji jaringan Wi-Fi bakal menta Anjeun asup ka hiji kaca web sateuacan meunangkeun wasa ka jaringan eta. Kontak administrator jaringan Wi-Fi nu berhubungan pikeun meunangkeun inpo nu leuwih lengkep.




Jaringan Wi-Fi bisa jadi jaringan bebas atawa aman:

- Jaringan bebas dicirian ku  disabeulah ngaran jaringan Wi-Fi.
 - Jaringan aman dicirian ku  disabeulah ngaran jaringan Wi-Fi.
- ! Sababaraha hiji jaringan Wi-Fi moal nembongan dina daptar jaringan nu sadia kusabab eta jaringan teu ngabewarakeun ngaran jaringan (SSID) na. Lamun Anjeun apal ngaran jaringan na, Anjeun bisa nambahkeun sacara manual kana daptar jaringan Wi-Fi nu sadia.



Cara ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun Wi-Fi

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Wi-Fi**.
 - 3 Ketok geseran pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun Wi-Fi.
- ! Hal ieu bakal ngabutuhkeun sababaraha detik saengan Wi-Fi diaktipkeun.

Cara otomatis nyambungkeun ka jaringan Wi-Fi

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Wi-Fi**.
 - 3 Ketok geseran pikeun ngaktipkeun **Wi-Fi**. Sadaya jaringan Wi-Fi nu sadia dipintonkeun.
 - 4 Ketok hiji jaringan Wi-Fi pikeun nyambungkeun. Kanggo jaringan aman, asupkeun kecap akses nu cocog.  dipintonkeun di bar status sanggeus nyambung.
- 💡 Pikeun neangan jang jaringan anyar nu sadia, ketok ; terus ketok **Refresh**. Lamun Anjeun teu bisa nyambung kana jaringan Wi-Fi, tingali tips cara ngungkulan nu cocog jang alat Anjeun di www.sonymobile.com/support/.

Cara nambahkeun jaringan Wi-Fi kalayan manual

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Wi-Fi**.
 - 3 Ketok  > **Tambahkeun jaringan**.
 - 4 Asupkeun inpormasi **Ngaran jaringan (SSID)**.
 - 5 Pikeun milih jinis kaamanan, toel widang **Kaamanan**.
 - 6 Lamun disuhunkeun, tuliskeun kecap akses.
 - 7 Jang ngedit sababaraha pilihan lanjutan sapertos setelan proksi jeung IP, ketok **Pilihan maher** terus edit pilihan nu dipikahayang.
 - 8 Ketok **Simpen**.
- ! Kontak administrator jaringan Wi-Fi Anjeun pikeun meunangkeun SSID Jaringan jeung kecap akses.

Ningkatkeun kakuatan sinyal Wi-Fi





Aya sababaraha hal anu tiasa anjeun laksanakeun pikeun ningkatkeun panarimaan Wi-Fi:

- Pindahkeun alat anjeun langkung caket kana titik aksés Wi-Fi.
- Pindahkeun titik aksés Wi-Fi ngajauhan tina barang anu tiasa ngahalangan atawa ngaganggu.
- Ulah nutupan wewengkon anténeu Wi-Fi alat anjeun (wewengkon nu disorot dina gambar).

Setelan Wi-Fi

Sawaktos anjeun nyambung ka Wi-Fi jaringan Wi-Fi di mana aya jaringan nu sadia di sakuliling, Anjeun bisa nempo status jaringan ieu. Anjeun oge tiasa ngaktipkeun alat pikeun mere beja lamun Wi-Fi jaringan nu kabuka kadeteksi.



Cara ngaktipkeun bewara jaringan Wi-Fi

- 1 Hurungkeun Wi-Fi lamun acan dihurungkeun.
- 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 3 Téangan terus ketok **Setelan > Wi-Fi**.
- 4 Ketok  > **Tingkat Maher**.
- 5 Séréd géséran di sisi **Bewara jaringan** ka katuhu.



Cara nempo inpo nu leuwih wincik ihwal jaringan Wi-Fi nu disambungkeun

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Wi-Fi**.
- 3 Ketok jaringan Wi-Fi nu keur disambungkeun. Inpo wincikan jaringan dipintonkeun.

Cara nambah kawijakan sare Wi-Fi

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Wi-Fi**.
- 3 Ketok , terus ketok **Tingkat Maher > Aktipkeun terus Wi-Fi keur sare**.
- 4 Pilih hiji pilihan.

Pikeun manggihan alamat MAC pikeun alat anjeun

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Wi-Fi**.
- 3 Ketok . **Alamat MAC** dipinton dina daptar.

WPS

WPS (Wi-Fi Protected Setup™) nyaeta standar jaringan nirkabel nu mantuan anjeun nyieun sambungan jaringan nirkabel nu aman. Upami Anjeun gaduh saeutik pengetahuan latar tukang tentang kaamanan nirkabel, WPS nyieun eta leuwih gampang kanggo Anjeun pikeun nyetel enkripsi Wi-Fi Protected Access® (WPA) pikeun ngamankeun jaringan Anjeun. Anjeun oge tiasa nambah alat anyar ka jaringan nu tos aya tanpa kudu nuliskeun kecap akses nu panjang.

Pake salah sahiji metodeu ieu pikeun ngaktipkeun WPS:

- Metodeu kenop pencet – ngan saukur mencet kenop dina alat nu dirojong ku WPS, contona, router.
- Metodeu PIN – alat Anjeun nyieun PIN (Personal Identification Number) acak, nu Anjeun tuliskeun dina alat nu dirojong ku WPS.

Pikeun nyambungkeun kana jaringan Wi-Fi make kenop WPS

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Wi-Fi**.
- 3 Hurungkeun Wi-Fi lamun acan dihurungkeun.
- 4 Ketok  > **Tingkat Maher > Kenop Pencet WPS**, terus pencet kenop WPS dina alat nu ngarojong WPS.

Pikeun nyambungkeun kana jaringan Wi-Fi make PIN WPS



- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Wi-Fi**.
- 3 Hurungkeun Wi-Fi lamun acan dihurungkeun.
- 4 Ketok  > **Tingkat Maher > Entri PIN WPS**.
- 5 Dina alat nu ngarojong WPS, asupkeun PIN nu nembongan dina alat Anjeun.

Ngabagikeun koneksi data seluler anjeun



Anjeun bisa ngabagikeun koneksi data seluler Anjeun jeung alat sejen make sababaraha cara:

- Ranggitan USB – bagikeun koneksi data seluler Anjeun jeung hiji komputer nganggo kabel USB.
- Ranggitan Bluetooth® – bagikeun koneksi data seluler Anjeun nepi ka lima alat sejen ngalangkungan Bluetooth®.
- Hotspot Wi-Fi portabel – bagikeun koneksi data seluler Anjeun babarengan nepi ka 10 alat sejen, kaasup alat nu ngarojong teknologi WPS.




Pikeun ngabagikeun koneksi data Anjeun make kabel USB

- 1 Nonaktipkeun sadaya sambungan kabel USB anjeun ka alat.
 - 2 Pake kabel USB nu datang sareng alat Anjeun, sambungkeun alat Anjeun ka hiji komputer.
 - 3 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 4 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > Nranggitkeunt & hotspot port.**
 - 5 Seread geseran di sisi **Ranggitan USB** ka katuhu, terus ketok **OKE** upami ditaros.  ditembongkeun dina bar status sawaktos Anjeun tos disambungkeun.
 - 6 Jang eureun babagi koneksi data Anjeun, seread geseran di gigireun **Ranggitan USB** ka kenca atawa pegatkeun sambungan kabel USB.
- ! Anjeun teu tiasa babagi koneksi data alat ajeun sareng kartu SD liwat kabel USB di waktu nu sami.



Pikeun ngabagikeun sambungan data seluler Anjeun sareng alat Bluetooth® nu sejen

- 1 Pastikeun yen alat Anjeun sareng alat Bluetooth® eta tos disapasangkeun tur patalimarga data seluler eta diaktipkeun dina alat Anjeun.
 - 2 **Alat Anjeun:** Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > Nranggitkeunt & hotspot port** teras seread geseran di gigireun **Ranggitan Bluetooth** ka katuhu.
 - 4 **Alat Bluetooth®:** Setel alat supados alat eta tiasa meunangkeun koneksi jaringan make Bluetooth®. Upami alat eta komputer, tingal parentah nu sasuai pikeun ngarengsekeun setelan. Upami alat eta ngajalankeun sistem operasi Android™, ketok ikon setelan di gigireun ngaran alat nu disapasangkeun sareng alat Anjeun nu aya dina **Setelan > Bluetooth > Alat nu disapasangkeun**, teras cirian kotak cek **Akses internet**.
 - 5 **Alat Anjeun:** Dagoan  nembongan dina bar status. Saatos eta nembongan, setelan rengse.
 - 6 Pikeun ngeureunkeun babagi sambungan data seluler Anjeun, seread geseran di gigireun **Ranggitan Bluetooth** ka kenca.
- ! Fungsi **Ranggitan Bluetooth** dipareuman unggal Anjeun mareuman alat atawa mareuman fungsi Bluetooth®.
- 💡 Kanggo inpo nu lain tentang nyapasangkeun tur ngaktipkeun patalimarga data seluler, tingal *Masangkeun alat anjeun jeung alat Bluetooth® nu sejen* dina kaca 125 sareng *Nambahkeun jaringan virtual pribadi* dina kaca 51.


Make alat anjeun minangka hotspot Wi-Fi portabel

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > Nranggitkeunt & hotspot port.**
- 3 Ketok **Setelan hotspot portabel > Konfigurasi hotspot Wi-Fi.**
- 4 Asupkeun inpormasi **Ngaran jaringan (SSID).**
- 5 Pikeun milih jinis kaamanan, toel widang **Kaamanan**. Lamun disuhunkeun, tuliskeun kecap akses.
- 6 Ketok **Simpen**.
- 7 Ketok  terus seread geseran di sisi **Hotspot portabel** ka katuhu.
- 8 Upami ditaros, ketok **OKE** jang ngonpirmasi.  nembongan dina bar status pas hotspot Wi-Fi portabel tos aktip.
- 9 Jang eureun babagi koneksi data Anjeun ngaliwatan Wi-Fi, seread geseran di gigireun **Hotspot portabel** ka kenca.

Ngidinan alat nu ngarojong WPS jang make koneksi data seluler Anjeun

- 1 Pastikeun alat Anjeun manglaku jadi hotspot Wi-Fi portabel.
- 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > Nranggitkeunt & hotspot port > Setelan hotspot portabel.**
- 4 Seread geseran di sisi **Bisa diteang** ka katuhu.
- 5 Dina **Konpigurasikeun hotspot Wi-Fi**, pastikeun hotspot portabel Anjeunis diamankeun ku kecap akses.
- 6 Ketok **Kenop Pencet WPS**, terus turutan pituduh nu cocog. Alternatip sejen, ketok  > **Entri PIN WPS**, terus asupkeun PIN nu nembongan di alat nu ngarojong WPS.

Cara ngaganti ngaran atawa ngamankeun hotspot portabel Anjeun


- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > Nranggitkeunt & hotspot port.**
- 3 Ketok **Setelan hotspot portabel > Konpigurasikeun hotspot Wi-Fi.**
- 4 Tuliskeun **Ngaran jaringan (SSID)** kanggo jaringan.
- 5 Pikeun milih jinis kaamanan, toel widang **Kaamanan.**
- 6 Lamun disuhunkeun, tuliskeun kecap akses.
- 7 Ketok **Simpen.**

Ngadalikeun pamakean data


Anjeun tiasa ngalacak jumlah data nu ditransfer ka sareng ti alat Anjeun make data seluler atawa sambungan Wi-Fi salami periode nu ditangtukeun. Contona, Anjeun tiasa nempo jumlah data nu dipake ku aplikasi individu. Kanggo data nu ditransfer make sambungan data seluler, Anjeun oge tiasa nyetel ati-ati sareng wates pamakean data supados teu aya bea tambahan.

- ! Nyaluyukeun setelan pamakean data tiasa mantuan Anjeun pikeun ngadalikeun pamakean data tapi teu bisa ngajamin pencegahan beaya tambahan.


Cara ngahurungkeun atanapi mareuman patalimarga data

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Pamakean data.**
 - 3 Ketok geseran **Patalimarga data seluler** pikeun nngaktipkeun atawa nganonaktipkeun patalimarga data
 - 4 Pilih kartu SIM pikeun ngaktipkeun koneksi jaringan data seluler.
- 💡 Sawaktos patalimarga data dipareuman, alat Anjeun masih bisa nyieun koneksi Wi-Fi jeung Bluetooth®.


Pikeun nyetel sauran ati-ati pamakean data

- 1 Pastikeun patalimarga data seluler diaktifkeun.
- 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Pamakean data.**
- 4 Pilih kartu SIM.
- 5 Pikeun nyetel tingkat sauran ati-ati, seread garis ati-ati ka nilei nu dipikahoyong. Anjeun nampa hiji bewara sauran ati-ati basa jumlah patalimarga data ngedeketan tingkat nu Anjeun setel.



Cara nyetél wates pamakéan data sélulér

- 1 Pastikeun patalimarga data sélulér diaktipkeun.
 - 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 3 Téangan terus ketok **Setelan > Pamakean data**.
 - 4 Pilih kartu SIM.
 - 5 Séréd géséran di sisi **Setel wates data seluler** ka katuhu, terus ketok **OKE**.
 - 6 Pikeun nyetél wates pamakéan data sélulér, séréd garis bates data ka angka anu dipikahoyong.
- ! Upami pamakéan data sélulér anjeun geus nepi ka wates nu disetél, patalimarga data sélulér dina alat anjeun bakal otomatis dipareuman.

Pikeun ngadalikeun pamakean data kanggo aplikasi individu

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Pamakean data**.
 - 3 Ketok aplikasi nu ku Anjeun hoyong dikadalikeun, terus sered geseran di gigireun **Watesan data latar tkng aplikasi** ka katuhu terus ketok **OK**.
 - 4 Pikeun ngakses setelan nu leuwih khusus kanggo aplikasi eta (upami sadia), ketok **Setelan aplikasi** tur jieun perobahan nu dipikahoyong.
- 💡 Kinerja ti aplikasi individu bisa jadi dipangaruhan upami Anjeun ngarobah setelan pamakean data nu berhubungan.


Cara mariksa pamakean data Anjeun

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Pamakean data**.
- 3 Ketok , terus ketok **Pinton Wi-Fi**.
- 4 Jang nempo inpormasi ihwal jumlah data nu geus dikirim tina Wi-Fi, ketok tab **Wi-Fi**.
- 5 Jang nempo inpormasi ihwal jumlah data nu geus dikirim tina koneksi data seluler, ketok **Patalimarga data seluler**.

Milih kartu SIM kanggo patalimarga data

Sanajan kadua kartu SIM nu diselapkeun di alat Anjeun tiasa ngatur patalimarga data, tapi ngan hiji kartu SIM nu tiasa dipilih pikeun ngatur data di waktos nu ditangtukeun. Anjeun tiasa milih kartu SIM nu bade dipake kanggo patalimarga data basa nyieun setelan awal di alat Anjeun, atawa Anjeun tiasa milih atawa ngarobah kartu SIM eta engke liwat menu Setelan.

Cara ngarobah kartu SIM nu dipake keur patalimarga data

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan > SIM Dobel > Lalar liwat data seluler**.
 - 3 Pilih kartu SIM nu anjeun hoyong anggo jang patalimarga data.
- 💡 Pikeun kagancangan data nu leuwih luhur, pilih kartu SIM nu ngadukung jaringan seluler nu pang gancangna, contona 3G atawa LTE.

Milih jaringan seluler

Alat Anjeun ngarojong pamakean dua jaringan nu beda dina waktos nu sami. Anjeun tiasa milih tina kombinasi modeu jaringan di handap ieu basa dua kartu SIM diselapkeun ka alat Anjeun:

- Hiji jaringan LTE sareng hiji jaringan GSM
- Hiji jaringan WCDMA sareng hiji jaringan GSM
- Dua jaringan GSM

Kanggo unggal kartu SIM, Anjeun tiasa nyetel alat Anjeun pikeun sacara otomatis pindah di antara jaringan seluler gumantung kana jaringan seluler mana nu sadia di tempat


Anjeun. Anjeun oge tiasa nyetel alat Anjeun ku cara manual pikeun make modeu jaringan seluler husus kanggo unggal kartu SIM, contona, WCDMA atawa GSM.

Ikon status nu beda dipintonkeun dina bar status gumantung kana tipeu atawa modeu jaringan nu Anjeun sambungkeun. Tempo *Ikon status* di kaca 30 pikeun nempo kumaha bedana pintonan ikon status eta.

Pikeun milih modeu jaringan


- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > Jaringan mobile.**
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Jinis jaringan pilihan**, terus pilih modeu jaringan.

Pikeun milih jaringan nu sanes ku cara manual

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > Jaringan mobile.**
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Operator jaringan.**
- 5 Ketok **Modeu teang**, terus pilih **Manual.**
- 6 Pilih jaringan.

- ! Upami Anjeun milih hiji jaringan ku cara manual, alat Anjeun moal bakal neangan jaringan nu sejen, sanajan upami Anjeun mindahkeun rentang jaringan nu dipilih sacara manual.

Ngaktipkeun pilihan jaringan otomatis

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > Jaringan mobile.**
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Operator jaringan.**
- 5 Ketok **Modeu teang**, terus pilih **Otomatis.**


Jaringan pribadi virtual (VPN)

Pake alat anjeun pikeun nyambungkeun ka jaringan pribadi virtual (VPN), nu ngidinan anjeun ngakses sarana di hiji jaringan lokal aman ti jaringan publik. Contona, sambungan VPN sering dianggo ku perusahaan tur lembaga pendidikan pikeun sasaha nu perlu ngakses Intranet sareng ladan internal sejenna basa aranjeunna keur aya di luar jaringan internal, contona, basa aranjeunna keur iinditan.


Sambungan VPN bisa disetel ku sababaraha cara, gumantung ka jaringanana. Sababaraha jaringan bakal menta anjeun nransper tur masang sertipikat aman dina alat anjeun. Pikeun inpo nu wincik ihwal kumaha cara nyetel hiji koneksi ka jaringan pribadi virtual, kontak administrator jaringan perusahaan atawa organisasi Anjeun.

- ! Upami Anjeun make alat nu bisa dipake ku sababaraha pamake, Anjeun kudu asup jadi nu gaduh alat, nyaeta, pamake utama, pikeun nyaluyukeun setelan kanggo VPN.

Nambahkeun jaringan virtual pribadi

- 1 Tina Layar Utama njeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > VPN.**
- 3 Ketok **+**.
- 4 Pilih jinis VPN nu rek ditambahkeun.
- 5 Asupkeun setelan VPN.
- 6 Ketok **Simpen.**

Nyambung ka jaringan pribados virtual

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
- 2 Teang terus ketok **Setelan > Nu sejen > VPN.**
- 3 Di daftar jaringan nu sadia, ketok VPN nu rek disambungkeun.
- 4 Asupkeun inpo nu dibutuhkeun.
- 5 Ketok **Sambungkeun.**

Cara megatkeun ti jaringan pribadi virtual


- 1 Ketok dua kali bar status pikeun ngabuka panel Bewara.
- 2 Ketok bewara pikeun mareuman koneksi VPN.

Nyingkronkeun data dina alat Anjeun

Nyingkronkeun jeung akun online

Nyingkronkeun alat Anjeun jeung kontak, surelek, kajadian almenak, jeung inpo sejen ti akun online, contona, akun surelek sapertos Gmail™ jeung Exchange ActiveSync, Facebook™, jeung Flickr™. Anjeun bisa nyingkronkeun data sacara otomatis jang akun eta ku cara ngaktipkeun fungsi sinkronisasi otomatis. Atawa Anjeung bisa nyingkronkeun unggal akun sacara manual.



Jang nyetel akun online pikeun singkronisasi

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Ketok **Setelan** > **Akun** > **Tambahkeun akun**, terus pilih akun nu ku Anjeun hoyong ditambahkeun.
- 3 Turutan parentah pikeun nyieun akun, atawa asup mun anjeun geus boga akun.

Pikeun nyingkronkeun akun online ku cara manual

- 1 Tina Layar Utama, ketok  > **Setelan** > **Akun**.
- 2 Dina **Akun**, ketok ngaran akun nu Anjeun hoyong singkronkeun. Daptar item nembongan mintonkeun naon wae nu bisa disingkronkeun jeung akun eta.
- 3 Ketok item nu ku Anjeun hoyong disingkronkeun.


Pikeun mupus akun online

- 1 Tina Layar Utama, ketok  > **Setelan** > **Akun**.
- 2 Dina **Akun** ketok ngaran akun nu Anjeun hoyong pupus.
- 3 Ketok , teras ketok **Pupus akun**.
- 4 Ketok **Pupus akun** deui pikeun ngonpirmasi.



Nyingkronkeun jeung Microsoft® Exchange ActiveSync®

Lamun pausahaan Anjeun make akun Microsoft Exchange ActiveSync, Anjeun bisa ngakses talatah surelek, pasini almenak sareng kontak pausahaan Anjeun sacara langsung dina alat Anjeun. Saatos nyetel, Anjeun bisa manggihan inpo Anjeun dina aplikasi **Surelek**, **Almenak** jeung **Kontak**.

Cara nyetél akun EAS pikeun singkronisasi

- 1 Pastikeun anjeun boga wincik domain jeung pangladén (nu disadiakeun ku administrator jaringan pausahaan).
 - 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 3 Ketok **Setelan** > **Akun** > **Tambahkeun akun** > **Exchange ActiveSync**.
 - 4 Tulis alamat surélék pausahaan jeung kecap aksés anjeun.
 - 5 Ketok **Salajengna**. Alat anjeun bakal ngamimitian nyokot inpormasi akun. Lamun gagal, asupkeun wincik domain jeung pangladén akun anjeun sacara manual terus ketok **Salajengna**.
 - 6 Ketok **OKE** pikeun ngidinan pangladén pausahaan ngadalikeun alat anjeun.
 - 7 Pilih métodeu singkronisasi, jarak waktos singkronisasi jeung data nu badé disingkronkeun ka alat, kawas kontak jeung éntri almenak.
 - 8 Ketok **Salajengna**, terus pilih cara nampa béwara nalika anjeun nampi surélék anyar.
 - 9 Ketok **Salajengna** deui. Tulis ngaran kanggo akun pausahaan, teras ketok **Rengse nyetel**.
 - 10 Lamun ditaros, aktipkeun administrator alat keur ngawidian pangladén pausahaan anjeun setél aturan kaamanan anu tangtu dina alat anjeun, sapertos mareuman rékaman sora jeung maké énkripsi panyimpenan. Lamun henteu, setélan akun gagal.
- ! Upami anjeun ngarobih kecap aksés asup jang akun EAS di komputer anjeun, anjeun kudu asup deui ka akun EAS di alat anjeun.



Ngarobah setelan akun EAS

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Ketok **Surelek**, teras ketok .
- 3 Ketok **Setelan** jeung pilih akun EAS, terus ganti setelan akun EAS sakahayang.

Pikeun nyetel interpal singkronisasi kanggo akun EAS

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Ketok **Surelek**, teras ketok .
- 3 Ketok **Setelan** terus pilih akun EAS.
- 4 Ketok **Frekuensi mariksa** > **Frekuensi mariksa** tur pilih pilihan interpal.

Jang mupus akun EAS


- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok  > **Setelan** > **Akun**.
- 2 Dina **Akun**, ketok **Exchange ActiveSync**, terus pilih akun EAS nu ku Anjeun hoyong dipupus.
- 3 Ketok ; terus ketok **Pupus akun**.
- 4 Ketok deui **Pupus akun** jang ngonpirmasi.

Setelan dasar

Ngakses setelan

Tempo jeung robah setelan alat anjeun ti menu Setelan. Menu setelan bisa diakses tina Layar aplikasi jeung Panel setelan gancang.

Pikeun ngabuka menu setelan alat ti layar Aplikasi

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok **Setelan**.


Jang ningali inpo ngeunaan alat Anjeun

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan** > **Ihwal telepon**.


Muka atawa nutup panel setelan Gancang

- Jang muka panel setelan Gancang, sered bar status ka handap.

Pikeun ngahurungkeun Senter

- 1 Sereb bar status ka handap nganggo dua ramo.
- 2 Ketok .

Cara milih setelan mana nu dipintonkeun di Panel Setelan gancang

- 1 Sereb bar status ka handap, teras ketok .
- 2 Dina bar di bagean luhur layar, toel jeung tahan ikon jang setelan gancang nu ku Anjeun hoyong ditambahkeun, terus sered jeung simpen di lebet bagean luhur layar.

Cara nyusun panel Setelan gancang

- 1 Sereb bar status ka handap, teras ketok .
- 2 Toel jeung tahan ikonna, tur pindahkeun ka posisi nu dipikahayang.

Sora, rington jeung polumeu

Anjeun tiasa nyetel polumeu rington kanggo telepon asup sareng bewara oge kanggo musik jeung pamuter video.

Ngaluyukeun polumeu rington make kenop polumeu

- Pencet tombol polumeu ka luhur atawa ka handap.


Nyetél volumeu media nu diputer nganggo konci volumeu


- Mun muter tembang atanapi ningali video, pencét konci volumeu kaluhur atanapi kahandap mun layar dikonci.

Cara aktipkeun modeu geter


- Pencet kenop volumeu ka luhur atawa ka handap dugi  nembongan.

Pikeun nyaluyukeun tingkat polumeu



- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan** > **Sora & bewara**.
- 3 Sereb geseran polumeu ka posisi nu dipikahoyong.

- ! Anjeun oge tiasa mencet kenop polumeu luhur atawa handap jeung ketok  pikeun nyaluyukeun rington, pamuter media atawa tingkat polumeu alarm kapisah.



Jang nyetel alat Anjeun ambéh ngageter lamun aya telepon asup

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sora & bewara**.
- 3 Sered geseran di sisi **Oge geter jang telepon** ka katuhu.

Pikeun nyetel rington


- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sora & bewara > Rington telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Pilih hiji pilihan tina daptar atawa ketok  terus pilih payil musik nu disimpen dina alat anjeun.
- 5 Pikeun ngonpirmasi, ketok **Rengse**.

Pikeun milih sora bewara

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sora & bewara > Bewara sora**.
- 3 Pilih hiji pilihan tina daptar atawa ketok  terus pilih payil musik nu disimpen dina alat anjeun.
- 4 Pikeun ngonpirmasi, ketok **Rengse**.

- 💡 Sababaraha aplikasi gaduh sora bewarana sorangan nu husus, nu tiasa Anjeun pilih ti setelan aplikasi.


Ngaktifkeun nada toel

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Teangan terus ketok **Setelan > Sora & bewara > Sora nu sejen**.
- 3 Sered geseran di gigireun **Sora kenop telepon** jeung **Sora rampa** ka katuhu.






Modeu Ulah ganggu

Anjeun tiasa nyetel alat Anjeun ka modeu Ulah diganggu tur mutuskeun sabaraha lami alat Anjeun dina modue Ulah diganggu eta sacara manual. Anjeun tiasa oge nyetel samemehna iraha alat Anjeun bakal aya dina modeu Ulah diganggu sacara otomatis.


Cara aktipkeun modeu Ulah ganggu

- 1 Sered wigel status ka handap pikeun jang ngakses panel setelan Gancang.
- 2 Panggihan terus ketok .
- 3 Pilih hiji pilihan, teras ketok **Rengse**.

Cara pindah gancang antara modeu Tong ganggu/Geter/Sora

- 1 Pencet kenop volumeu ka luhur atawa ka handap dugi ,  atawa  nembongan.
- 2 Ketok  atawa  pikeun pindah antara modeu Jempe/Geter/Sora Pikeun aktipkeun modeu Ulah ganggu, pencet kenop polumeu handap mun dina modeu geter.

Cara ngajadwalkeun jangka waktu modeu Ulah ganggu

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sora & bewara > Interupsi > Aturan otomatis**.
- 3 Pilih waktos atawa acara nu ngajadwalkeun modeu Ulah ganggu, atawa tambah aturan anyar.
- 4 Tulis ngaran nu dipikahoyong jang aturan, teras ketok **OK**.
- 5 Téang jeung ketok **Poe** jeung curek kotak pikeun dinten nu kakait, teras ketok **Rengse**.
- 6 Jang ngaluyukeun waktu mimiti, ketok **Waktu mimiti** tur pilih niléi, terus ketok **OK**.
- 7 Jang ngaluyukeun waktu réngsé, ketok **Waktu ahir** tur pilih niléi, terus ketok **OK**. Alat anjeun tetep dina modeu Ulah ganggu salila jangka waktu nu dipilih.

Nyetél pangacualian dina modeu Ulah ganggu


Anjeun tiasa milih jinis béwara nu diidinan pikeun nyora dina Ulah ganggu jeung anjeun tiasa ngayak pangacualian dumasar ti asal béwara, Jinis pangacualian nu paling umum nyaéta:

- Kajadian jeung panginget
- Telepon
- Talatah
- Alarm

Cara ngidinan pangacualian dina modeu Ulah diganggu



- 1 Tina layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan** > **Sora & bewara** > **Interupsi** > **Idinan dina Prioritas hungkul**.
- 3 Tarik panggeser di gigireun pilihan dipikaresep.

Cara ngaitkeun pangacualian sareang tipeu kontak husus

- 1 Tina layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan** > **Sora & bewara** > **Interupsi** > **Idinan dina Prioritas hungkul**.
- 3 Ketok **Telepon** atawa **Talatah**.
- 4 Pilih hiji pilihan.

Setélan layar




Pikeun nyaluyukeun kacaangan layar sacara manual tanpa nempo kondisi cahya

- 1 Tina layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan** > **Layar** teras ketok geseran **Caang adaptif** jang nganonaktipkeun pungsi ieu, mun teu acan dinonaktipkeun.
 - 3 Ketok **Tingkat kacaangan**.
 - 4 Sered slaidér keur nyaluyukeun kacaangan.
-  Nurunkeun tingkat kacaangan bisa ngabantu hirup batré leuwih lila.

Pikeun ngaktipkeun geter dina toelan

- 1 Tina layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan** > **Sora & bewara** > **Sora nu sejen**.
- 3 Sered geseran di sisi **Geter mun dirampa** ka posisi Aktip. Telepon ayeuna ngageter mun anjeun ngetok kenop lemes.

Ngaluyukeun waktos cicing samemeh layar dipareuman

- 1 Ti Layar Utama, ketok .
 - 2 Teang terus ketok **Setelan** > **Layar** > **Sare**.
 - 3 Pilih hiji opsi.
-  Pikeun gancang mareuman layar, pencet sakedeung kenop daya .

Kadali lampu latar pinter

Kadali lampu latar pinter ngajaga layar terus hurung salila alat dicekel ku Anjeun. Pas alat diteundeun, layar bakal pareum dumasar kana setelan modeu sare Anjeun.

Ngaktipkeun pungsi Kadali lampu latar pinter


- 1 Tina Layar utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan** > **Layar** > **Kadali lampu tkng Smart**.
- 3 Sered geseran ka katuhu.

Ngabitingan layar




Pake ngabitingan layar jang nyetel alat Anjeun pikeun ngan mintonkeun layar aplikasi husus. Contona, lamun Anjeun maenkeun kaulinan jeung teu kahaja noel kenop napigasi Utama, pitur ngabitingan layar nyegah layar aplikasi kaulinan nu aktip pikeun disumputkeun. Anjeun bisa oge make pitur ieu lamun Anjeun nginjeumkeun alat ka jelema sejen supados maranehna hese ngakses layar atawa aplikasi sejen. Contona, Anjeun bisa nginjeumkeun telepon Anjeun ka jelema sejen jang nelepon jeung ngabiting layar ka aplikasi telepon jadi jelema eta teu gampang bisa make aplikasi sejen sapertos Talatah atawa Surelek.

- ! Ngabitingan layar lain mangrupikeun pitur kaamanan tur teu bener-bener nyegah pamake sejen tina muka bitingan layar jeung ngakses alat Anjeun. Jang ngajagi data, Anjeun kudu nyetel alat Anjeun jang nembongkeun konci layar PIN, kecap akses atawa pola samemeh jelema sejen bisa muka bitingan layar.



Jang ngaktipkeun ngabitingan layar

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Pangghian tur ketok **Setelan** > **Kaamanan** > **Nempelkeun layar**.
 - 3 Sered geseran ka katuhu.
 - 4 Upami anjeun teu nyetel pola, PIN atawa kecap akses konci layar dina alat anjeun, seret panggeser di sisi **Konci alat upami nyabut seumat** ke katuhu teras pencet pilihan. Mun anjeun tos ngaktipkeun konci layar, teras seret panggeser pikeun ngaktipkeun pilih kaamanan nu kakait saenggeus anjeun ngaktipkeun seumatan layar.
- 💡 Pola, PIN atawa kecap akses teu wajib pikeun pungsi seumatan layar.

Jang ngabiting layar

- 1 Pastikeun yen bitingan layar diaktipkeun dina alat anjeun.
- 2 Buka aplikasi jeung asup ka layar nu anjeun hayang gabung.
- 3 Ketok .
- 4 Pikeun minton ikon bitingan layar , gesek ka luhur.
- 5 Ketok .
- 6 Dina jandela mecenghul nu ditembongkeun, ketok **Beunang**.

Jang muka bitingan layar

- 1 Dina layar nu dibitingan, toel jeung tahan  terus  babarengan.
 - 2 Leupaskeun kenopna duanana.
- 💡 Lamun nyirian pilihan kaamanan pas anjeun ngaktipkeun pungsi ngabitingan layar, anjeung kudu ngasupkeun pola, PIN atawa kecap akses jang muka konci alat saacan layar bisa dibuka bitinganna.

Setelan aplikasi

Sababaraha aplikasi bakal menta idin basa Anjeun mimiti make aplikasi eta. Anjeun tiasa ngidinan atawa nampik idin sacara sorangan-sorangan kanggo unggal aplikasi, ti menu Setelan atawa ti dialog Konfirmasi idin. Persaratan idin gumantung kana desain aplikasi.

Ngidinan atawa nampik idin

Anjeun tiasa milih pikeun ngidinan atawa nampik idin basa dialog dipintonkeun. Upami Anjeun tos make Android versi nu samemehna, sabagean gede aplikasi bakal tos dibere idin nu diperlukeun.

Pikeun ngidinan idin

- 1 Pikeun ngidinan idin, ketok **Idinan**.
- 2 Basa dialog konfirmasi nembongan kanggo kadua kalina, Anjeun tiasa milih pilihan **Tong nanya deui** upami Anjeun hoyong.
- 3 Dialog oge ngajelaskeun naha aplikasi eta perlu idin tur keur naon idin eta dipake sacara spesifikna. Pikeun ngaleungitkeun dialog ieu, ketok **OKE**.


Pikeun nampik idin

- Pikeun nampik idin, ketok **Tampik** basa dialog dipintonkeun.
- ☛ Sabaraha aplikasi masih tiasa dipake sanajan Anjeun tos nampik idin.

Idin penting

Sabaraha idin wajib supados aplikasi tiasa berpungsi sasuai tujuanna. Dina kasus ieu, dialog bakal mere inpo ka Anjeun.

Pikeun ngonpigurasikeun aplikasi

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Aplikasi > .**
- 3 Pilih pilihan konfigurasi, contona **Idin aplikasi**, teras pilih aplikasi nu Anjeun hoyong konfigurasi.

Cara ngidinan idin penting

- 1 Pikeun ngidinan idin, ketok **Teruskeun > INPO APLIKASI > Idin**.
- 2 Panggihan idin penting nu Anjeun butuhkeun.
- 3 Sered geseran ka katuhu.

Ngidinan atawa nampik idin apdet aplikasi otomatis

Upami fitur apdet otomatis diaktipkeun, aplikasi bakal diapdet tanpa dipenta, janten Anjeun moal nyadar yen polumeu gede data nuju diundeur. Supador nyegah potensi beaya transper data nu luhur, Anjeun bisa nganonaktipkeun apdet otomatis atawa ngaktipkeun apdet otomatis saukur liwat sambungan Wi-Fi. Anjeun tos nganonaktipkeun fitur apdet otomatis dina aplikasi Play Store™ jeung aplikasi What's New (upami sadia) pikeun nyegah apdet otomatis aplikasi.

Pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun apdet otomatis jang kabeh aplikasi dina Play Store

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok , terus téangan tur ketok .
- 2 Ketok , terus ketok **Setelan > Apdet otomatis aplikasi**.
- 3 Pilih pilihan nu dipikahayang.



Pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun apdet otomatis jang kabeh aplikasi dina What's New

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok , terus téangan tur ketok .
- 2 Ketok , terus ketok **Setelan > Apdet otomatis aplikasi**.
- 3 Pilih pilihan nu dipikahayang.

Kakait aplikasi

Alat Anjeun tiasa nangtukeun aplikasi standar nu nanganan kakait web husus. Ieu maksudna upami kakait disetel, Anjeun teu kudu milih aplikasi unggal Anjeun muka kakait. Anjeun tiasa ngarobah aplikasi standar iraha wae Anjeun hoyong.

Pikeun ngator kakait aplikasi tina menu Setelan

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Aplikasi**.
- 3 Ketok  tur panggihan **Kakait aplikasi**.
- 4 Pilih aplikasi nu Anjeun hoyong setel kakait rojonganna.
- 5 Setel properti **Kakait aplikasi** ka pilihan **Buka dina aplikasi ieu**.

Nga-reset aplikasi anjeun

Anjeun tiasa nga-reset aplikasi atawa mupus data aplikasi mun aplikasi eureun ngarespons atawa nyebabkeun masalah jeung alat anjeun.

Pikeun ngareset preferensi aplikasi

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Aplikasi**.
 - 3 Ketok , terus ketok **Reset preferensi aplikasi > Reset aplikasi**.
-  Nga-reset preferensi aplikasi teu mupus unggal data aplikasi ti alat anjeun.


Pikeun mupus data aplikasi

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Aplikasi**.
 - 3 Pilih aplikasi atawa ladenan, teras ketok **Panyimpenan > BERSIHKEUN DATA > OK**.
-  Basa Anjeun mupus data aplikasi, data kanggo aplikasi nu dipilih dipupus tina alat Anjeun salamina. Pilihan pikeun mupus data aplikasi teu sadia kanggo sadaya aplikasi ataw ladenan.

Pikeun mupus kas aplikasi


- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Aplikasi**.
 - 3 Pilih aplikasi atawa ladenan, teras ketok **Panyimpenan > BERSIHKAN CACHE**.
-  Pilihan pikeun mupus kas aplikasi teu sadia kanggo sadaya aplikasi ataw ladenan.

Pikeun mupus setelan aplikasi standar


- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Aplikasi**.
 - 3 Pilih aplikasi atawa ladenan, teras ketok **Buka ku standar > BERSIHKEUN ATURAN TI PABRIK**.
-  Pilihan pikeun mupus setelan standar aplikasi teu sadia kanggo sadaya aplikasi ataw ladenan.

Daydream

Daydream nyaeta tutup layar interaktif nu otomatis mintonkeun warna, poto atawa pintonan slaid lamun alat anjeun disimpen dina dok atawa dicas tur layarna nganggur.

-  Dina alat nu ngabogaan sababaraha hiji pamake, unggal pamake bisa ngabogaan setelan Daydream na sewang-sewangan.



Pikeun ngaktipkeun tutup layar Daydream

- 1 Tina layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Layar > Daydream**.
- 3 Seread geseran ka katuhu.

Pikeun milih eusi jang tutup layar Daydream

- 1 Tina layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Layar > Daydream**.
- 3 Seread geseran ka katuhu.
- 4 Pilih nu ku Anjeun hoyong dipintonkeun lamun tutup layar diaktipkeun.

Cara ngamimitian screen saver Daydream ku cara manual



- 1 Tina layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Layar > Daydream**.
- 3 Seread geseran ka katuhu.
- 4 Pikeun langsung ngaktipkeun tutup layar Daydream, ketok , terus ketok **Mimiti ayeuna**.

Setelan basa

Anjeun tiasa milih basa standar pikeun alat anjeun tur ngarobah eta deui engke. Anjeun oge tiasa ngarobah basa tulisan pikeun input teks.

Pikeun ngarobah basa


- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Basa & input > Basa**.
- 3 Pilih hiji pilihan.
- 4 Ketok **OKE**.

! Upami Anjeun milih basa nu salah jeung teu bisa maca teks menu, panggihan tur ketok . Teras pilih teks salaeun  tur pilih entri pertama nu aya dina menu nu muka. Anjeun teras bisa milih basa nu Anjeun hoyongkeun.


Kaping jeung waktos

Anjeun tiasa ngagentos waktos sareng kaping dina telepon anjeun.


Cara nyetel tanggal sacara manual

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Tanggal & waktos**.
- 3 Nonaktipkeun pungsi **Tanggal & waktu otomatis** ku cara ngetok geseran.
- 4 Ketok **Setel tanggal**.
- 5 Sintreuk ka kenca atawa katuhu, atawa pake tanda panah pikeun nyetel tanggal nu dipikahayang.
- 6 Ketok **OKE**.

Cara nyetel waktos ku cara manual

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Tanggal & waktos**.
- 3 Sered geseran di sisi **Tanggal & waktu otomatis** ka posisi Pareum.
- 4 Ketok **Setel waktos**.
- 5 Pilih nilei nu cocog jang jam tur menit.
- 6 Ketok **OKE**.

Cara nyetel zona waktos

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Tanggal & waktos**.
- 3 Nonaktipkeun pungsi **Zona waktu otomatis** ku cara ngetok geseran.
- 4 Ketok **Pilih zona waktu**.
- 5 Pilih hiji pilihan.

Mobile BRAVIA® Engine

Teknologi Mobile BRAVIA® ENGINE di Sony ningkatkeun kualitas tempo tina potu jeung video, mere gambar nu leuwih jelas, seukeut, jeung leuwih alami. Jang ngurangan konsumsi batre Mobile BRAVIA Engine dipareuman sacara standar.

Pikeun ngaktipkeun Mobile BRAVIA® Engine

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Layar > Peningkatan gambar**.
- 3 Ketok kenop radio **Mobile BRAVIA Engine 2** upami ieu teu acan dipilih.

Modeu super jelas

Modeu super jelas ningkatkeun kacaangan tur saturasi warna potu jeung video Anjeun pas ditingali dina alat.

Cara ngaktipkeun modeu Super-vivid

- 1 Tina layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Layar > Pangingkatan gambar**.
- 3 Ketok kenop radio **Modeu Super hirup** upami ieu teu acan dipilih.


Ningkatkeun output sora

Anjeun bisa ningkatkeun sora alat Anjeun ku cara ngaktipkeun setelan sora sacara manual sapertos ekualiser jeung Sora sakuriling. Anjeun bisa ngaktipkeun Normalkeun dinamis jang ngaleutikan beda polumeu antawis lagu atawa video.

Ningkatkeun output sora sacara manual

- 1 Tina Layar utama Anjeun, ketok .
- 2 Teangan terus ketok **Setelan > Sora & bewara > Setelan audio**.
- 3 Sered geseran di gigireun **ClearAudio+** ka katuhu.

Cara nyaluyukeun setelan sora sacara manual

- 1 Tina layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sora & bewara > Setelan audio**.
- 3 Sered geseran di sisi **ClearAudio+** ka kenca.
- 4 Ketok **Epek sora > Equalizer**.
- 5 Saluyukeun setelan sora ku cara nyered tombol pita prekuensi ka luhur atawa ka handap.

- 💡 Pangaluyuan setelan output sora manual teu aya pangaruhna ka aplikasi komunikasi sora. Contona, teu aya parobahan dina kualitas sora telepon sora.

Ngaleutikan beda polume make Normaliser dinamis

- 1 Tina Layar utama Anjeun, ketok .
- 2 Teangan terus ketok **Setelan > Sora & bewara > Setelan audio**.
- 3 Sered geseran di gigireun **Normalizer dinamis** ka katuhu.

Sababaraha akun pamake




Alat Anjeun ngarojong sababaraha akun pamake supados pamake sejen tiasa asup sacara papisah ka alat tur make alat eta. Sababaraha akun pamake bakal guna dina kaayaan Anjeun sering ngabagi pake alat nu sarua jeung jelema sejen atawa nginjeumkeun alat Anjeun sakeudeung ka jelema sejen. Pamake nu nyetel alat pang mimitina bakal jadi pamake nu gaduh alat eta. Ngan nu boga nu bisa ngatur akun pamake sejen. Salain ti akun nu boga, aya dua jinis akun nu beda:

- Pamake Biasa: Jinis akun ieu cocog jang jelema nu osok make alat Anjeun.
 - Pamake Tamu: Aktipkeun pilihan akun tamu jang jelema nu ngan sakeudeung nginjeum alat Anjeun.
- ! Sababaraha fitur ngan sadia kanggo nu gaduh alat. Contona, ngan nu bogana nu bisa ngidinan ngundeur tina sumber salain ti Google Play™.



Ihwal akun Pamake Biasa

Lamun Anjeun nambahkeun akun Pamake Biasa, pamake eta bisa boga layar utama, wallpaper, jeung setelan umum nu beda-beda. Pamake eta oge bakal boga akses misah kana aplikasi tur panyimpenan memori jang payil sapertos musik jeung foto. Anjeun bisa nambahkeun nepi ka tilu akun pamake biasa dina alat Anjeun.



Pikeun nambah akun pamake reguler

- 1 Pastikeun Anjeun tos asup sabage nu gaduh alat, nyaeta, pamake nu nyetel alat di mimiti.
 - 2 Tina layar Utama anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu make > Tambah nu make**.
 - 4 Ketok **OKE**. Akun anyar dijieun.
 - 5 Ketok **SETEL AYEUNA**. Layar bakal ngonci tur ikon nu ngagambarkeun pamake nu nembe ditambahkeun bakal nembongan di pojok katuhu luhur.
 - 6 Buka konci layar ku cara ngegesek ka kenca atawa luhur.
 - 7 Turutan parentah di layar pikeun nyetel akun kanggo pamake eta.
-  Dina kasus di mana jelema make akun anyar hayang nyetel akun tapi teu sadia dina waktos ieu, anjeun tiasa ngetok **HENTEU AYEUNA** dina langkah 5. Mun nu make tos siap, anjeunna tiasa milih **Nu make** di handap **Setelan** jeung tingali akun anyar, nu nembongan jadi **Nu make anyar**. Keok akun tur turutan parentah pikeun ngarengsekeun setelannana.
-  Anjeun oge tiasa nambah akun pamake reguler ti bar status di layar nu mana wae. Séréd baé batang status ka handap jeung ketok ikon pamaké, terus ketok **Tambah nu make**.

Jang ngidinan pamake biasa nelepon jeung ngaSMS

- 1 Pastikeun Anjeun tos asup sabage nu gaduh alat.
- 2 Tina layar Utama Anjeun, ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu make**.
- 4 Ketok  di gigireun ngaran pamake nu cocog, terus sered geseran di gigireun **Aktipkeun telepon & SMS** ka katuhu.



Jang mupus akun pamake biasa tina alat Anjeun

- 1 Pastikeun Anjeun tos asup sabage nu gaduh alat.
- 2 Tina layar Utama anjeun, ketok .
- 3 Téangan terus ketok **Setelan > Nu make**.
- 4 Ketok  di gigireun nami pamake nu Anjeun hoyong pupus, teras ketok **Pupus nu make > Pupus** .



Ihwal akun Pamake Tamu

Lamun aya nu hayang nginjeum alat Anjeun, Anjeun bisa ngaktipkeun akun tamu jang manehna. Dina modeu tamu, alat Anjeun bakal hurung kawas anyar keneh jeung aplikasi nu aya ngan aplikasi nu tos dipasang sateuacana. Lamun alat Anjeun geus rengse diinjeum, Anjeun bisa mupus sesi pamakeanna jadi lamun aya nu nginjeum deui bakal jiga anyar. Akun pamake tamu tos dipasang sateuacana tur teu bisa dipupus.


Jang ngeset akun pamake tamu

- 1 Pastikeun anjeun tos asup sabage nu gaduh alat, nyaeta, pamake nu nyetel alat pang mimitina.
 - 2 Tina Layar utama Anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu make > Semah**.
 - 4 Turutan pituduh dina-layar jang ngarengsekeun prosedur.
-  Anjeun bisa oge nyetel akun pamake tamu tina bar status di layar mana wae. Sered bae bar status ka handap make dua ramo terus ketok ikon pamake, terus ketok **Tambah semah**.

Cara ngidinan pamake tamu nelepon

- 1 Pastikeun Anjeun tos asup sabage nu gaduh alat.
- 2 Tina layar Utama anjeun, ketok .
- 3 Téangan terus ketok **Setelan > Nu make**.
- 4 Ketok  di gigireun **Semah**, terus sered geseran di gigireun **Aktipkeun telepon & SMS** ka katuhu.

Jang mupus data sesi tamu

- 1 Pastikeun anjeun tos asup ka akun semah.
 - 2 Tina Layar utama Anjeun, ketok .
 - 3 Teangan terus ketok **Setelan > Nu make**.
 - 4 Panggihan terus ketok **Pupus semah**.
 - 5 Ketok **Pupus**.
- 💡 Anjeun oge tiasa mupus sesi semah ti bar status dina unggal layar salila anjeun asup ka akun semah. Sered bae bar status ka handap make dua ramo terus ketok ikon pamake, terus ketok **Pupus semah**.

Pindah antawis sababaraha akun pamake

Cara pindah antar sababaraha akun pamake

- 1 Pikeun nempo daptar pamake, seret bar status ka handap nganggo dua jari, teras ketok ikon pamake di katuhu layar.
 - 2 Ketok ikon nu ngagambarkeun akun pamake nu Anjeun hoyong pindahkeun. Layar konci kanggo akun pamake eta nembongan.
- 💡 Lamun Anjeun hayang pindah kana akun tamu, ketok **Mimitian deui** lamun Anjeun hoyong mupus sesi samemehna atawa ketok **Enya, teruskeun** jang neruskeun sesi samemehna.

Setelan pikeun sababaraha akun pamake

Aya tilu jinis setelan nu beda dina alat nu gaduh sababaraha pamake:

- Setelan nu bisa dirobah ku pamake mana wae tur bisa mangaruhan kabeh pamake. Contona kaasup basa, Wi-Fi, Modeu pesawat, NFC jeung Bluetooth®.
- Setelan nu ngan mangaruhan hiji akun pamake. Contona kaasup nyingkronkeun data otomatis, konci layar, nambahkeun sababaraha akun, jeung wallpaper.
- Setelan nu ngan katingali ku nu boga na jeung bisa mangaruhan kabeh pamake, contona, setelan VPN.




Ngetik teks

Kibor di layar

Anjeun tiasa ngasupkeun teks ka kibor QWERTY di layar ku cara ngetok unggal hurup, atawa anjeun tiasa make fitur input Gerakan tur ngegeser ramo anjeun ti hurup ka hurup pikeun nyieun kecap. Upami anjeun langkung resep make kibor di layar nu leuwih leutik jeung nginput teks make hiji leungeun, anjeun tiasa ngaktipkeun kibor hiji leungeun.

Anjeun tiasa milih dugi ka tilu basa pikeun input teks. Pitur Deteksi basa pinter ngadeteksi basa nu dipake ku anjeun tur ngira-ngira kecap dina basa eta pas anjeun nulis. Sababaraha aplikasi otomatis muka kibor di layar, contona, aplikasi surelek jeung talatah.



- 1 Pupus hiji karakter samemeh kursor.
- 2 Pencet kenop enter atawa konfirmasi input teks.
- 3 Tulis spasi.
- 4 Luyukeun kibor anjeun. Kenop ieu leungit sanggeus kibor diluyukeun.
- 5 Mintonkeun nomer jeung lambang. Kanggo lambang nu sejen, ketok 112.
- 6 Ganti antawis hurup leutik , hurup ageung  jeung kapital . Kanggo sababaraha basa, kenop ieu dipake pikeun ngakses karakter ekstra nu aya di basa eta.

Mintonkeun tuts na-layar pikeun ngasupkeun teks

- Ketok widang entri teks.

Make kibor di layar dina orientasi lanskap

- Sawaktos kibor di layar dipintonkeun, balikkeun alat ka gigir.
- ! Anjeun meureun perlu ngaluyukeun setelan di sababaraha aplikasi pikeun ngaktipkeun orientasi lanskap.


Ngasupkeun teks hiji-hiji karakter

- 1 Pikeun nuliskeun karakter nu bisa ditingali dina kibor, ketok karakter nu dimaksud.
- 2 Pikeun ngalebetkeun jinis karakter, toél jeung tahan karakter kibor umum pikeun ningali daptar pilihan nu sadia, teras pilih tina daptar. Contona, pikeun nulis "é", toél jeung tahan "e" nepi ka pilihan sejen nembongan, teras, sambil terus mencet kibor, séred tur pilih "é".


Ngasupkeun periode

- Sanggeus anjeun ngasupkeun kecap, ketok bar spasi dua kali.




Cara nulis teks make pungsi Input Gerakan


- 1 Sawaktos kibor di layar dipintonkeun, geser jari Anjeun ti hurup ka hurup pikeun ngalacak kecap nu hayang diserat ku Anjeun.
- 2 Saatos Anjeun rengse nuliskeun kecap, angkat jari Anjeun. Saran kecap nembongan dumasar ka hurup nu geus Anjeun lacak.
- 3 Upami kecap nu Anjeun hoyong pake teu nembongan, ketok  pikeun nempo pilihan sejenna tur pilih kecap. Upami pilihan nu dipikahoyong teu nembongan, pupus sadaya kecap tur lacak hurup deui, atawa tuliskeun kecap kucara ngetok unggal hurupna masing-masing.

Pikeun ngarobah setelan input Gerakan

- 1 Basa kibor di layar dipintonkeun, ketok 12!?:
- 2 Ketok , terus ketok **Setelan kibor**.
- 3 Jang ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun pungsi input Gerakan, sered geseran di gigireun **Input sapuan** kana posisi hurung atawa pareum.


Make kibor hiji leungeun

- 1 Buka kibor di layar dina modeu potret, teras ketok 12!?:
- 2 Ketok , teras ketok **Kibor saleungeun**.
- 3 Pikeun mindahkeun kibor hiji leungeun ka sisi kenca atawa katuhu layar, ketok  atawa .

- ☛ Pikeun make kibor di layar pinuh deui, ketok .

Layar tombol

Layar tombol teh jiga alas kenop standar 12-kenop. layar tombol mere pilihan input teks prediktif sarta multitap. Anjeun bisa ngaktipkeun metodeu input teks Layar tombol via setelan kibor. Layar tombo ngan sadia dina orientasi potret.






- 1 Milih pilihan input teks Anjeun tiasa ngetok unggal karakter sakali tur make bongbolongan kecap, atawa terus ngetok kenop nepi ka karakter nu dipikahayang kapilih.
- 2 Pupus hiji karakter sateuacan kursor.
- 3 Asupkeun kenop mulang atawa konfirmasi input teks.
- 4 Asupkeun hiji spasi.
- 5 Mintonkeun simbol sareng smiley.
- 6 Mintonkeun nomer.
- 7 Robah karakter tur aktipkeun konci hurup gede.

Pikeun muka Layar tombol pertama kalina

- 1 Ketok hiji widang entri teks, teras ketok 12!?:
- 2 Ketok , terus ketok **Setelan kibor**.
- 3 Ketok **Kibor potret**, teras pilih pilihan **Layar tombol**.



Pikeun nulis teks make Layar tombol

- Sawaktos  nembongan di Layar tombol, ketok unggal kenop karakter ngan sakali, sanajan hurup nu dipikahayang ku Anjeun sanes hurup nu kahiji dina kenop. Ketok kecap nu nembongan atawa ketok  pikeun saran kecap lainna tur pilih kecap ti daptar.
- Sawaktos  nembongan di Layar tombol, ketok kenop di-layar kanggo karakter nu Anjeun hayang tulis. Ketok terus tombol ieu nepi ka karakter nu dipikahoyong dipilih. Teras lakukeun deui kanggo karakter nu sejen nu hayang ditulis, kitu saterasna.

Ngasupkeun nomer make Layar tombol

- Sawaktos Layar tombol dipintonken, ketok 123. Alas telepon kalayan nomer nembongan




Nyelapkeun lambang jeung smiley make Tombol layar

- 1 Sawaktos Layar tombol dipintonken, ketok  . Grid kalayan simbul sarta smiley nembongan.
- 2 Gulung ka luhur atawa ka handap pikeun nempo leuwih seueur pilihan. Ketok simbul atawa smiley pikeun milih.




Nuliskeun teks make input sora

Mun anjeun ngalebetkeun teks, anjeun bisa make fungsi input sora sanes ngetikkeun kecap. Omongkeun kecap nu rek dilebetkeun. Input sora teh teknologi percobaan ti Google™, jeung disadiakeun pikeun sababaraha basa tur kawasan.

Cara ngaktipkeun input sora

- 1 Waktu anjeun nulis téks make kibor di layar, ketok 12!?:
- 2 Ketok , terus ketok **Setelan kibor**.
- 3 Sered geseran di sisi **Tombok ketik sora Google™** ka posisi Pareum.
- 4 Ketok  pikeun nyimpen setelan Anjeun. Hiji ikon mikropon  nembongan dina kibor di layar Anjeun.

Cara nuliskeun teks make input sora

- 1 Open kibor di layar sareng pastikeun yen fitur input sora diaktipkeun.
- 2 Ketok . Waktu  nembongan, ngomong pikeun ngasupkeun teks.
- 3 Lamun geus rengse, ketok deui . Teks nu diusulkeun nembongan.
- 4 Edit teks sacara manual lamun perlu.

Ngedit teks

Anjeun tiasa milih, motong, niron jeung nempelkeun teks basa Anjeun nulis. Anjeun tiasa ngakses alat edit ku cara ngetok dua kali teks nu ditulis. Alat edit teras bakal sadia via bar aplikasi.

Wagel ngedit teks

Saenggeus milih teks ku ngetok dua kali dina kecap, wagel ngedit mecenghul jeung sababaraha alat nu sadia

- **Potong**
 - **Salin**
 - **Tempel**
 - **Bagikeun**
 - **Pilih sadayana**
 - **Bantosan**
- ! Pilihan **Tempel** ngan nembongan lamun anjeun geus nyimpen teks di papan klip.

Pikeun milih teks

- 1 Tulis sababaraha teks, teras ketok dua kali teks eta. Kecap nu Anjeun ketok bakal disorotan ku tab dina dua sisi.
- 2 Sered tab ka kenca atawa ka katuhu pikeun milih leuwih seueur teks.

Pikeun ngedit teks


- 1 Tulis sababaraha teks, teras ketok dua kali teks nu dituliskeun eta pikeun nyieun palang aplikasi nembongan.
- 2 Pilih teks nu Anjeun hoyong edit, teras pake alat dina palang aplikasi pikeun nyieun perobahan nu Anjeun hoyongkeun.

Ngaluyukeun kibor di layar

Basa ngasupkeun teks make kibor di layar, anjeun tiasa ngakses setelan kibor jeung setelan input teks nu sejen nu mantuan anjeun nyetel pilihan pikeun basa tulisan, prediksi teks jeung koreksi. Anjeun bisa meunangkeun usulan kecap jang hiji basa ku cara nganonaktipkeun pitur Deteksi basa pinter.

Kibor bisa make teks nu ku Anjeun geus ditulis dina talatah jeung aplikasi sejenna pikeun nginget gaya nulis Anjeun. Aya oge pituduh Personalisasi nu nuntun anjeun pikeun nyetel nu setelan dasar ambéh bisa ngamimitian gancang. Anjeun bisa milih jang make kibor sejen jeung pindah antawis kibor. Contona, Anjeun bisa milih kibor Cina Xperia™ atawa kibor Jepang Xperia™.


Pikeun ngakses setelan kibor di layar

- 1 Basa Anjeun nulis teks make kibor di layar, ketok 12!?
- 2 Ketok , teras ketok **Setelan kibor** tur robah setelan nu dipikahoyong.
- 3 Pikeun nambahkeun basa kanggo input teks, ketok **Basa tulisan** tur tandaan kotak centang nu luyu.
- 4 Ketok **OKE** pikeun ngonpirmasi.


Pikeun ngarobah setelan usulan kecap

- 1 Waktu anjeun nulis teks make kibor di layar, ketok 12!?
- 2 Ketok , teras ketok **Setelan kibor** > **Saran kecap**.
- 3 Pilih hiji pilihan.


Jang ngarobah basa tulisan make kibor dina layar

- Lamun Anjeun nulis make kibor di layar, ketok ikon basa tulisan jang pindah antawis basa tulisan nu dipilih. Contona, ketok  nepi ka basa tulisan nu dipikahoyong nembongan.
- ! Pitur ieu ngan sadia lamun Anjeun geus nambahkeun leuwih ti hiji input basa.

Nganggo gaya tulis Anjeun




- 1 Waktu anjeun nulis teks make kibor di layar, ketok 12!?
- 2 Ketok , terus ketok **Setelan kibor** > **Pake gaya tulisan abdi** terus pilih sumberna.

Jang ngarobah setelan Deteksi basa pinter



- ! Deteksi basa pinter bisa wae teu sadia jang kabéh basa tulisan.
- 1 Basa kibor di layar dipintonkeun, ketok 12!?
 - 2 Ketok , terus ketok **Setelan kibor**.
 - 3 Jang ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun pungsi Deteksi basa pinter, cirian atawa buka tetenger kotak centang **Deteksi basa pinter**.

Milih jinis tata perenah kibor

- ! Jinis tata perenah jang kibor di layar caan tangtu sadia jang kabéh basa tulisan. Anjeun bisa milih tata perenah kibor nu beda jang unggal basa tulisan.

- 1 Waktu anjeun nulis teks make kibar di layar, ketok .
- 2 Ketok , terus ketok **Setelan kibar**.
- 3 Ketok **Basa tulisan**, terus ketok  di gigireun basa tulisan.
- 4 Milih jinis tata perenah kibar
- 5 Ketok **OKE** pikeun ngonpirmasi.


Jang milih kibar

- 1 Lamun Anjeun ngetik make kibar di layar, ketok  dina layar bagean handap beulah katuhu.
 - 2 Pilih hiji pilihan.
-  Jang ngaktipkeun pilihan kibar nu leuwih loba, ketok **Kibar deui**, terus sered geseran nu cocog ka katuhu.

Nelepon




Nelepon

Anjeun bisa nelepon sacara manual ku cara mencet nomer telepon, ku cara ngetok nomer nu disimpen dina daptar kontak Anjeun, atawa ku cara ngetok nomer telepon nu aya nu di panempoan catetan telepon Anjeun. Anjeun oge tiasa make fitur pencet pikeun neangan nomer ti daptar kontak sareng catetan telepon Anjeun. Jang ngagunakeun sauran video, Anjeun bisa make aplikasi talatah instan jeung paguneman video Hangouts™ di alat Anjeun. Tingali *Talatah instan jeung paguneman video* dina kaca 87.







- | | |
|---|------------------------|
| 1 | Nempo pilihan nu sejen |
| 2 | Pupus nomer |
| 3 | Papan tombol |
| 4 | Kenop telepon |




Pikeun muka papan tombol

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok .
- 3 Upami papan tombol teu nembongan, ketok .






Jang mencet nomer telepon

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan terus ketok **Telepon**. Daptar telepon kumplit dipintonkeun.
 - 3 Ketok  jang mintonkeun papan tombol.
 - 4 Asupkeun nomer telepon.
 - 5 Pilih kartu SIM.
-  Jang mupus nomer nu teu kahaja katuliskeun, ketok .

Cara nelepon nganggo pencet pinter

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok .
- 3 Lamun daptar telepon kumplit nembongan, ketok  jang mintonkeun papan tombol.
- 4 Pake papan tombol pikeun nuliskeun aksara atawa nomer nu berhubungan ka kontak nu Anjeun hoyong telepon. Basa Anjeun nulis unggal aksara atawa nomer, hiji daptar kontak nu mungkin cocog nembongan.
- 5 Ketok kontak anu ku Anjeun hoyong ditelepon.
- 6 Pilih kartu SIM.

Cara milampah telepon internasional

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok . Daptar telepon kumplit dipintonkeun.
- 3 Ketok  jang mintonkeun papan tombol.
- 4 Toel jeung tahan 0 nepikeun tanda a “+” nembongan.
- 5 Asupkeun kode nagara, kode wewengkon teu make nol di mimitina jeung nomer telepon. Teras pilih kartu SIM ku cara ngetok  atawa .


Kangge nambah nomer pencet langsung ka Layar utama Anjeun

- 1 Toel jeung tahan wewengkon nu kosong di Layar Utama nepi ka alat ngegeter tur menu kustomisasi nembongan.
- 2 Di menu kustomisasi, ketok **Widget > Potong kompas**.
- 3 Gulung dina daptar aplikasi terus pilih **Sambungan Langsung**.
- 4 Pilih kontak jeung nomer nu ku Anjeun hoyong anggo jadi nomer pencet langsung.

Ningalikeun atanapi nyumputkeun nomor télépon anjeun

Anjeun tiasa milih bade ningalikeun atanapi nyumputkeun nomor télépon anjeun dina alat panarima nu disaur mun anjeun nyauran.

Pikeun mintonkan atawa nyumputkeun nomer telepon Anjeun

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Setelan tambahan > ID Nu Nelepon**.

Nampa telepon

Upami Anjeun nampa telepon asup basa alat dina modeu sare atawa layar keur kakonci, aplikasi telepon muka dina pormat layar pinuh, ikon SIM nunjukkeun kartu SIM nu aya telepon asup. Lamun Anjeun narima telepon asup pas layar aktip, telepon asup bakal dipintonkeun jadi bewara ngapung, nyaeta, jandela leutik nu ngapung diluhureun layar naon wae nu keur muka, SIM1 atawa SIM2 nunjukkeun kartu SIM nu aya telepon asup. Basa bewara ieu datang, Anjeun tiasa milih pikeun ngajawab telepon sareng muka layar aplikasi telepon, atawa Anjeun tiasa nolak telepon tur tetep di layar nu ayeuna.

Jang ngangkat telepon asup lamun layar teu aktip

- Sered  ka katuhu.

Jang ngangkat telepon asup lamun layar aktip

- Dina bewara ngapung nu nembongan na layar, ketok **JAWAB**.
- 💡 Salain ti ngajawab telepon, Anjeun tiasa muka layar aplikasi telepon utama ku cara ngetok widang luhur dina jandela bewara ngapung. Make metodeu ieu, Anjeun boga pilihan leuwih loba jang ngatur telepon eta. Contona, Anjeun bisa milih jang nampik telepon make talatah atawa neraskéun telepon kana mesin pangjawab.

Jang nampik telepon asup lamun layar teu aktip

- Sered  ka kenca.

Jang nampik telepon asup lamun layar aktip

- Dina bewara ngapung nu nembongan na layar, ketok **Tampik**.
- 💡 Salain ti nampik telepon, Anjeun tiasa muka layar aplikasi telepon utama ku cara ngetok widang luhur dina jandela bewara ngapung. Make metodeu ieu, Anjeun boga pilihan leuwih loba jang ngatur telepon eta. Contona, Anjeun bisa milih jang nampik telepon make talatah atawa neraskéun telepon kana mesin pangjawab.

Sahiji sauran anu asup

- Sawaktos anjeun nampa telepon, pencet kenop polumeu.

Nganggo mesin pangjawab

Anjeun bisa nganggo aplikasi mesin pangjawab dina alat Anjeun jang ngajawab telepon pas Anjeun sibuk atawa telepon lasut. Anjeun bisa ngaktipkeun pungsi pangjawab otomatis jeung nangtukeun sabaraha detik kudu diliwatan saacan telepon dijawab otomatis. Anjeun bisa oge mindahkeun telepon sacara manual ka mesin pangjawab lamun Anjeun sibuk teuing jang ngajawabna. Engke, Anjeun bisa nagdangukeun talatah nu aya na mesin pangjawab.

- ! Saacan nanggo mesin pangjawab, Anjeun kudu ngarekam talatah salam.

Ngarekam talatah salam jang mesin pangjawab


- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Teangan terus ketok **Setelan > Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Mesin Nu Ngajawab Xperia™ > Salam**.
- 5 Ketok **Kirim salam anyar** terus turutan parentah dina-layar.

Cara ngaktipkeun ngajawab otomatis

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM, terus ketok **Mesin Nu Ngajawab Xperia™**.
- 4 Séréd géséran di sisi **Mesin Ngajawab** ka katuhu.

- 💡 Lamun Anjeun teu nyetel waktu reureuh jang telepon nu dijawab otomatis, nilei standar dipake.


Nyetel waktu reureuh jang ngajawab otomatis


- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM, terus ketok **Mesin Nu Ngajawab Xperia™**.
- 4 Ketok **Cokot saenggeus**.
- 5 Saluyukeun waktos ku cara ngagulung ka luhur jeung ka handap.
- 6 Ketok **Rengse**.

Jang neriskeun telepon asup kana mesin pangjawab

- Lamun aya telepon asup, sered **Opsi respon** ka luhur, terus pilih **Tampik ku Mesin Ngajawab**.
- 💡 Lamun aya telepon asup, Anjeun bisa oge nungguan nepika waktu reureuh tina waktu prasetel kaliwatan jadi mesin pangjawab otomatis ngangkat telepon eta.

Ngadangukeun talatah nu aya di mesin pangjawab

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Teangan terus ketok **Setelan > Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Mesin Nu Ngajawab Xperia™ > Talatah**.
- 5 Pilih talatah sorah nu hoyong didangukeun ku Anjeun.

- 💡 Anjeun bisa oge langsung ngadangukeun talatah mesin pangjawab ti catetan telepon ku cara ngetok .

Nampik telepon ku talatah teks

Anjeun bisa nampik telepon ku talatah teks. Sawaktos Anjeun nampik telepon ku talatah sapertos ieu, talatah eta sacara otomatis dikirim ka panelepon tur disimpen dina Paguneman talatah jeung kontak eta.

Anjeun bisa milih tina sababaraha hiji talatah nu geus jadi dina alat Anjeun, atawa Anjeun bisa nyieun talatah anyar. Anjeun oge bisa nyieun talatah nu luyu jeung kahayang Anjeun ku cara ngedit talatah nu geus jadi.

Pikeun nampilkeun telepon ku talatah teks upami layar teu aktip

- 1 Lamun aya telepon asup, ketok **Opsi respon**.
- 2 Pilih talatah siap pake atawa ketok **Tulis talatah anyar**.

Pikeun nampilkeun telepon ku talatah teks upami layar aktip

- 1 Upami aya telepon asup, ketok bagean luhur jandela bewara nu ngambang nu aya nomer telepon atawa ngaran kontak nu ditembongkeun.
- 2 Ketok **Opsi respon**.
- 3 Pilih talatah siap pake atawa ketok **Tulis talatah anyar**.


Pikeun nampilkeun telepon kadua ku talatah teks

- 1 Sawaktos Anjeun ngadenge suara bip eta terus-terusan salami keur nelepon, ketok **Opsi respon**.
- 2 Pilih talatah siap pake atawa ketok **Tulis talatah anyar**.

Cara ngedit talatah teks nu dipake pikeun nampilkeun telepon

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Telepon > Umum > Tampilkeun telepon make talatah**.
- 3 Ketok talatah nu Anjeun hoyong edit, teras jieun perobahan nu diperlukeun.
- 4 Ketok **OKE**.

Telepon Lumangsung






- 1 Rengsekeun telepon
- 2 Nelepon nu kadua
- 3 Nyimpen telepon nu lumangsung dina posisi tunda heula atawa neruskeun telepon tunda heula
- 4 Tulis nomer basa nuju nelepon
- 5 Jempeken mikropon basa nuju nelepon
- 6 Ngaktipkeun loudspeaker basa nuju nelepon



Ngarobih polumeu speaker dina sauran

- Pencét tombol polumeu kaluhur atanapi kahandap.

Make log telepon

Dina log telepon, Anjeun tiasa ningali sauran nu kaliwat  jeung **1** atawa **2** nunjukkeun kartu SIM nu aya telepon asup, telepon nu ditampa saren  nu kaputer .



Pikeun muka log telepon

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok .

Nempo telepon lasut

- 1 Pas anjeun boga telepon lasut,  ditembongkeun dina bar status. Sered bar status ka handap.
- 2 Ketok **Telepon lasut**.



Cara nelepon nomer ti log telepon Anjeun

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok . Daptar telepon kumplit dipintonkeun.
- 3 Pikeun nelepon hiji nomer sacara langsung tina daptar telepon kumplit, ketok nomer eta terus pilih kartu SIM. Jang ngedit eta nomer samemeh nelepon, rampa terus tahan nomer, terus ketok **Edit nomer samemeh nelepon**.

Pikeun nambah nomer ti daptar telepon kumplit kana kontak Anjeun

- 1 Toel jeung tahan hiji nomer nu dipintonkeun dina daptar telepon kumplit, terus ketok **Tambahkeun ka Kontak**.
- 2 Pilih kontak nu geus aya jang nambahkeun eta nomer, atawa ketok **Damel kontak anyar**.
- 3 Edit wincik kontak, terus ketok **SIMPEN**.

Jang nempo pilihan daptar telepon kumplit

- Sawaktos log telepon dibuka, ketok .
-  Anjeun bisa oge ngakses setelan telepon umum make parentah di luhur.


Neraskeun telepon

Anjeun bisa mindahkeun telepon panarima nu beda, sapertos ka nomer telepon sejen, alat sejen atawa kana ladeunan pangjawab. Anjeun bisa oge neraskeun telepon nu datang kana kartu SIM 1 kana kartu SIM 2 lamun kartu SIM 1 di luar wewengkon, jeung kitu deui sabalikna. Pungsi ieu disebut Kamampuan hontalan kartu SIM dobel. Anjeun kudu ngaktipkeun fungsi ieu sacara manual.

Cara neruskeun telepon

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Terusan telepon** tur pilih hiji pilihan.
- 5 Tulis nomer nu Anjeun hoyong teruskeun telepon eta, teras ketok **Aktipkeun**.

Cara mareuman terusan telepon

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Terusan telepon**.
- 5 Pilih hiji pilihan, teras ketok **Pareuman**.

Cara ngaktipkeun fungsi Kamampuan hontalan kartu SIM dobel

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan > SIM Dobel > Kamampuan jangkauan SIM Ganda**.
 - 3 Dina **Kamampuan jangkauan SIM Ganda**, séréd géséran ka katuhu.
 - 4 Turutan pituduh dina-layar jang ngarengsekeun prosedur.
-  Upami fungsi kahontalan dua SIM henteu aktip saatos anjeun aktipkeun, parios naha anjeun atos ngalebetkeun nomer telepon anu leres kanggo masing-masing kartu SIM. Kadang-


kadang, nomerna kabaca sacara otomatis nalika pangaturan (setup). Upami henteu, Anda bakal dipasihkeun terang pikeun ngalibetkeun nomerna sacara manual.

Ngawatesan telepon


Anjeun tiasa ngawatesan sadaya atawa sabaraha kategori telepon asup jeung telepon kaluar. Upami Anjeun nampi kodeu PIN2 ti operator jaringan Anjeun, Anjeun tiasa oge make daptar Nomer Telepon Maneuh (FDN) kanggo ngawatesan telepon kaluar sareng asup. Lamun paket langganan Anjeun geus kaasup laden suratsora, Anjeun bisa ngirim kabeh telepon asup tina kontak husus langsung kana suartsora. Lamun Anjeun ngoyong ngablokir nomer husus, Anjeun tiasa muka Google Play™ terus ngundeur aplikasi nu ngarojong pungsi ieu.

- ! FDN teu dirojong ku kabeh operator jaringan. Tanyakeun ka operator jaringan Anjeun jang marioskeun yen kartu SIM Anjeun atawa ladenan jaringan ngarojong pitur ieu.


Cara ngablokir telepon asup atawa telepon kaluar

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
 - 2 Téangan terus ketok **Setelan > Telepon**.
 - 3 Pilih kartu SIM.
 - 4 Ketok **Watesan Telepon**, teras pilih hiji pilihan.
 - 5 Tulis kecap aksés terus ketok **Aktipkeun**.
- ! Basa anjeun mimiti nyetél blokir telepon, anjeun kudu nuliskeun kecap aksés. Anjeun kudu make kecap aksés nu sami ieu deui upami anjeun hoyong ngedit setélan cegahan telepon.


Cara ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun telepon maneuh

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Nomer telepon maneuh**.
- 5 Ketok **Aktipkeun telepon maneuh** atawa **Nonaktipkeun telepon maneuh**.
- 6 Tuliskeun PIN2 Anjeun terus ketok **OK**.





Pikeun ngakses daptar panarima telepon nu ditampa

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Nomer telepon maneuh > Nomer telepon maneuh**.

Cara ngarobah PIN2 kartu SIM

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Nomer telepon maneuh > Robah PIN2**.
- 5 Tulis PIN2 kartu SIM nu lami tur ketok **OK**.
- 6 Tulis PIN2 kartu SIM nu anyar tur ketok **OK**.
- 7 Konfirmasi PIN2 nu anyar tur ketok **OK**.

Cara ngirim telepon asup tina kontak husus langsung kana suratsora

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok .
- 3 Pilih kontak nu dipikahoyong.
- 4 Ketok  > .
- 5 Cirian kotak centang di gigireun **Kabeh telepon ka suratsora**.
- 6 Ketok **SIMPEN**.


Sauran nu langkung ti hiji

Upami anjeun parantos ngaktipkeun sauran antosan, anjeun tiasa ngadamel langkung ti hiji sauran dina waktos anu sareng. Mun éta diaktipkeun, anjeun bakal diémutan ku sahiji sora bip upami anjeun nampi sahiji sauran .

Pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun telepon dago

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan > Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Setelan tambahan**.
- 5 Pikeun ngaktipkeun atawa nga-nonaktipkeun telepon dago, ketok **Telepon dago**.

Cara ngajawab telepon kadua teras nahan telepon nu keur jalan

- 1 Sawaktos ngadangu sora bip deudeuian, sered  ka katuhu.
- 2 Ketok **Tahan telepon**.

Nampik telepon kadua

- Sawaktos ngadangu sora bip deudeuian, sered  ka kenca.

Cara ngadamel telepon kadua

- 1 Basa keur nelepon, ketok . Daptar telepon kumplit dipintonkeun.
- 2 Ketok  jang mintonkeun papan tombol.
- 3 Asupkeun panampi teras toel . Telepon nu pertama ditahan heula.

Cara pindah antara telepon ganda





- Pikeun pindah ka telepon sejenna tur nyimpen telepon nu ayeuna dina posisi dagoan, ketok **Nuju ditahan**.

Telepon konprensi


Sareng hiji konprensi atanapi sauran multipartai, Anjeun tiasa gaduh hiji paguneman gabungan sareng dua atanapi leuwih jalmi.

- ! Kanggo wincik tentang jumlah pamilon nu Anjeun bisa tambahkeun ka telepon konprensi, kontak operator jaringan Anjeun.


Cara milampah telepon konprensi

- 1 Basa keur nelepon, ketok . Daptar telepon kumplit nembongan.
- 2 Jang mintonkeun papan tombol, ketok .
- 3 Pencet nomer telepon pamilon kadua terus ketok . Pamilon nu pertama ditahan heula, samentawis.
- 4 Jang nambahkeun pamilon kadua kana telepon jeung ngamimitian telepon konprensi, ketok .
- 5 Kanggo nambahan pamilon kana telepon, ulang langkah nu cocog sapertos nu tos dijelaskeun di luhur.


Cara nyieun paguneman pribadi sareng hiji pamilon telepon konprensi

- 1 Basa keur nelepon konperensi, ketok **Atur konperensi**.
- 2 Ketok nomer telepon pamilon nu ku Anjeun hoyong diajak paguneman pribadi.
- 3 Pikeun mungkas paguneman pribadi tur balik ka telepon konprensi, ketok .

Pikeun nutup telepon hiji pamilon tina telepon konprensi

- 1 Basa keur nelepon konperensi, ketok **Atur konperensi**.
- 2 Ketok  di sabeulah pamilon nu teleponna hayang ditutup ku anjeun.

Cara mungkas panggero konférénsi

- Basa keur nelepon konperensi, ketok .



Suratsora

Upami langganan anjeun kaasup oge laden suratsora, nu nelepon bisa ninggalkeun pesan ka anjeun basa anjeun teu bisa ngajawab. Nomer laden suratsora anjeun biasana disimpen dina kartu SIM anjeun. Upami henteu, anjeun bisa meunangkeun nomer eta ti propaider laden terus nuliskeunana sacara manual.

Cara nuliskeun nomer surat sora Anjeun

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan** > **Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok **Surat Sora** > **Setelan suratsora** > **Nomer surat sora**.
- 5 Tuliskeun nomer surat sora Anjeun.
- 6 Ketok **OK**.

Pikeun nelepon ladenan talatah sora Anjeun


- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok **Telepon**. Daptar telepon kumplit dipintonkeun.
- 3 Ketok  jang mintonkeun papan tombol.
- 4 Toel jeung tahan **1**.
- 5 Pilih kartu SIM.

Telepon darurat

Alat Anjeun ngarojong nomer darurat internasional, contona, 112 atawa 911. Anjeun tiasa nganggo nomor ieu kanggo ngadamel telepon darurat dina sadaya nagara, nganggo atawa teu nganggo kartu SIM, upami Anjeun aja dina jangkauan jaringan.

Cara milampah telepon darurat




- 1 Buka papan tombol
- 2 Asupkeun nomer darurat, terus pilih kartu SIM.

 Anjeun bisa nyieun telepon darurat sanajan euweuh kartu SIM nu diselapkeun atawa lamun kabeh telepon kaluar diblokir.

Cara milampah telepon darurat upami kartu SIM kakonci

- 1 Ketok **Telepon darurat**.
- 2 Asupkeun nomer darurat terus ketok .

Cara milampah telepon darurat upami layar kakonci

- 1 Tina layar konci, sered ikon telepon  ka katuhu.
- 2 Upami tipeu konci layar nyaeta **Gesek**, ketok  jang minton papan kenop, teras tulis nomer darurat teras ketok pilih kartu SIM.
- 3 Upami layar Anjeun dikonci ku pola, PIN, atawa kecap akses, ketok **Telepon darurat**, teras tulis nomer darurat teras ketok .

Kontak

Nransper kontak

Aya sababaraha cara pikeun nransferkuen kontak ka alat anyar Anjeun. Anjeun bisa nyingkronkeun kontak tina akun online atawa langsung ngimpor kontak tina alat sejen.

Nransper kontak make komputer

Xperia™ Transfer mangrupikeun aplikasi nu mantuan Anjeun ngumpulkeun kontak ti alat lami Anjeun tur nransperkeunana ka alat anyar Anjeun. Xperia™ Transfer, nu tiasa Anjeun akses tina software Xperia™ Companion, ngarojong alat seluler nu ngajalankeun iOS/iCloud sareng Android™. Upami Anjeun pindah tina alat iOS, fitur App Matching bakal nyarankeun ekuivalen Android kanggo aplikasi iOS Anjeun.

Pikeun make Xperia™ Transfer, Anjeun butuh:

- Komputer nu nyambung ka Internet.
 - Alat Android™ Anjeun nu anyar.
 - Kabel USB kanggo alat Android™ anyar Anjeun.
 - Alat Anjeun nu lami.
 - Kabel USB kanggo alat lami Anjeun.
- 💡 Anjeun teu merlukeun alat Anjeun nu lami. Kanggo alat iOS, Anjeun tiasa nyambungkeun langsung ka iCloud atawa make cadangan lokal. Kanggo alat Sony nu samemehna, Anjeun tiasa make cadangan lokal.


Pikeun nransperkeun kontak ka alat anyar Anjeun

- 1 Teang tur undeur Xperia™ Companion jang Windows dina <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion/> atawa Xperia™ Companion jang Mac dina <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion-mac/> upami software teu aca dipasang.
- 2 Make kabel USB, sambungkeun alat Anjeun ka komputer.
- 3 Saatos pemasangan berhasil, buka software Xperia™ Companion mun teu otomatis dijalankeun, teras klik *Xperia™ Transfer* tur turutan parentah pikeun nransperkeun kontak Anjeun.

Nransper kontak make akun online

Lamun Anjeun nyingkronkeun kontak tina alat lila atawa komputer Anjeun jeung akun online, contona, Google Sync™, Facebook™ atawa Microsoft® Exchange ActiveSync®, Anjeun bisa nransper kontak kana alat anyar Anjeun make akun eta.




Nyingkronkeun kontak ka alat baru anjeun make akun singkronisasi

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , teras ketok .
 - 2 Ketok , teras ketok **Setelan > Akun & singkronisasi**.
 - 3 Pilih akun nu hayang disinkronkan ka kontak anjeun, teras ketok  > **Singkronkeun ayeuna**.
- ! Anjeun perlu asup ka akun singkronisasi nu kakait sateuacan nyingkronkeun kontak ka akun eta.

Metodeu transper kontak nu sejen

Aya sababaraha cara pikeun nransfer kontak ti alat nu lila ka alat nu anyar Anjeun. Contona, Anjeun tiasa niron kontak ka kartu memori, make teknologi Bluetooth®, atawa nyimpen kontak ka kartu SIM. Kanggo inpo husus lainna tentang cara nransfer kontak ti alat nu lila, baca Buku pituduh nu kakait.




Pikeun ngimpor kontak ti kartu memori

- 1 Tina Layar Utama, ketok , teras ketok .
- 2 Pencet , teras ketok **Impor kontak** > **Kartu SD**.
- 3 Pilih tempat nyimpen kontak anjeun.
- 4 Pilih payil nu Anjeun hayang impor teras ketok **OKE**.


Ngimpor kontak make teknologi Bluetooth®

- 1 Pastikeun pungsi Bluetooth® diaktipkeun jeung alat anjeun disetel ka bisa katingali.
- 2 Waktu anjeun dibere beja ihwal payil nu bakal masuk ka alat anjeun, sered bar status ka handap jeung ketok bewara pikeun nampa payill nu keur ditransper.
- 3 Ketok **Tampa** pikeun ngamimitian transper payil.
- 4 Seread bar status ka handap. Upami transper geus rengse, ketok bewara.
- 5 Ketok payil nu ditarima tur pilih tempat nyimpen kontak anjeun.

Ngimpor kontak tina kartu SIM




- ! Inpormasi meureun leungit atawa anjeun meunangkeun sababaraha entri kontak upami anjeun nransper kontak make kartu SIM.
- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
 - 2 Ketok , terus ketok **Impor kontak**.
 - 3 Pilih kartu SIM.
 - 4 Pilih tempat nyimpen kontak anjeun.
 - 5 Pikeun ngimpor kontak individual, panggihan tur ketok kontak. Pikeun ngimpor sadaya kontak, ketok **Impor kabeh**.

Neangan jeung nempo kontak






- 1 Teangan kontak
- 2 Nempo pilihan nu sejen
- 3 Tab Kontak, Paporit jeung Grup
- 4 Ngedit jeung ningali inpormasi kontak medis jeung darurat
- 5 Nempo wincik kontak
- 6 Luncat ka kontak nu dimimitian ku hurup nu tangtu
- 7 Nambahkeun kontak

Pikeun neangan hiji kontak




- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok .
- 2 Ketok , teras tulis nomer telepon, nami, jeung inpo sejen dinu widang **Pilari kontak**. Daftar hasilna disaring ti saprak anjeun nulis tiap karakter.

Pikeun milih kontak nu mana nu bade dipintonkeun di aplikasi Kontak




- 1 Tina Layar Utama, ketok , teras ketok .
- 2 Pencet , teras ketok **Saring**.
- 3 Dina daptar nu nembongan, cirian atawa batalkeun cirian pilihan nu dipikahoyong. Upami Anjeun tos nyingkronkeun kontak Anjeun sareng hiji akun singkronisasi, akun eta nembongan dina daptar. Kanggo manjangkeun daptar pilihan, ketok akun eta.

Nambahkeun sareng ngedit kontak





Pikeun nambahkeun kontak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
 - 2 Ketok .
 - 3 Lamun Anjeun geus nyingkronkeun kontak Anjeun ka hiji atawa leuwih akun jeung Anjeun nambahkeun kontak jang pertama kalina, Anjeun kudu milih akun mana nu arek dipake nyimpen kontak eta. Alternatip sejen, ketok **Teu dijieun cadangan** lamun Anjeun hayang make jeung nyimpen akun ieu dina alat Anjeun.
 - 4 Tulis atawa pilih inpo nu dipikahoyong kanggo kontak eta.
 - 5 Sawaktos Anjeun rengse, ketok **SIMPEN**.
- ! Sanggeus Anjeun milih akun nu disingkronkeun dina langkah 3, akun eta bakal jadi akun standar nu ditembongkeun lamun engke deui Anjeun nambahkeun kontak. Upami Anjeun nyimpen kontak kana akun husus, akun eta bakal jadi akun standar nu disimpen lamun engke deui Anjeun nambahkeun kontak. Upami Anjeun tos nyimpen kontak kana akun husus sareng hoyong digentos, Anjeun kudu ngadamel kontak anyar teras pilih akun nu beda jang nyimpenna.
- 💡 Upami Anjeun nambahkeun hiji tanda tambah jeung kodeu nagara saengan nomer telepon kontak, Anjeun teu kudu ngedit nomer deui lamun Anjeun nelepon ti nagara sejen.






Pikeun ngedit kontak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
 - 2 Ketok kontak nu hayang diedit ku anjeun, terus ketok .
 - 3 Edit inpo anu dimaksud.
 - 4 Sawaktos Anjeun rengse, ketok **SIMPEN**.
- ! Sababaraha ladan singkronisasi henteu ngidinan anjeun ngedit wincik kontak.




Pikeun ngahubungkeun hiji gambar sareng hiji kontak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
 - 2 Ketok kontak nu hayang diedit ku anjeun, terus ketok .
 - 3 Ketok , terus pilih metodeu kanggo nambahkeun gambar kontak jeung edit sakahayang.
 - 4 Saentos Anjeun nambahkeun gambar, ketok **SIMPEN**.
- 💡 Anjeun oge bisa nambahkeun gambar ka hiji kontak langsung tina aplikasi **Albeum**. Upami Anjeun hoyong nambahkeun gambar nu tos disimpen di akun online, Anjeun kudu ngundeur heula gambarna.




Nyieun personalisasi rington kanggo kontak

- 1 Tina Layar Utama, ketok , teras ketok .
- 2 Ketok kontak nu hayang diedit ku anjeun, terus ketok .
- 3 Ketok  > **Setel rington**.
- 4 Pilih hiji pilihan tina daptar atawa ketok  jang milih payil musik nu disimpen di alat Anjeun, terus ketok **Rengse**.
- 5 Ketok **SIMPEN**.

Jang mupus kontak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
- 2 Toel jeung tahan kontak nu hayang dipupus ku anjeun.
- 3 Jang mupus kabeh kontak, ketok tanda panah ka handap jang muka menu ragrag handap, terus pilih **Cirian kabeh**.
- 4 Ketok , terus ketok **Pupus**.

Pikeun ngedit inpo kontak ihwal diri Anjeun

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
- 2 Ketok **Simkuring**, terus ketok .
- 3 Tulis inpo nu anyar atawa jieun parobahan nu dipikahoyong ku Anjeun.
- 4 Sawaktos Anjeun rengse, ketok **SIMPEN**.

Cara nyieun kontak anyar ti talatah téks

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok .
- 2 Ketok ikon di sabeulah nomer telepon, terus ketok **Simpen**.
- 3 Pilih kontak nu aya, atawa ketok **Damel kontak anyar**.
- 4 Robah inpo kontak tur ketok **SIMPEN**.

Nambahkeun inpormasi kontak medis jeung darurat

Anjeun bisa nambahkeun jeung ngedit inpormasi ICE (In Case of Emergency (Kayaan Darurat)) dina aplikasi kontak. Anjeun bisa ngeusian inpo medis, sapertos alergi jeung obat nu ku Anjeun dileueut, ditambah inpo ngeunaan kulawarga atawa babaturan nu bisa disauran upami aya dina kaayaan darurat. Saentosna dieusian, inpormasi ICE Anjeun tiasa ditingali di layar konci kaamanan. Jadi lamun layarna dikonci oge, contona, dikonci ku PIN, pola, atawa kecap akses, pagawe kasehatan masih bisa ningali inpormasi ICE Anjeun.






- 1 Mulang ka layar Kontak utama
- 2 Tempo pilihan nu lain
- 3 Pintonkeun inpo medis jeung inpo pribadi Anjeun sabage bagean ti inpo ICE
- 4 Inpo medis
- 5 Daptar kontak ICE
- 6 Nyieun kontak ICE anyar
- 7 Pake kontak nu aya jadi kontak ICE




Jang nembongkeun inpormasi medis jeung pribadi Anjeun dina inpormasi ICE

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
- 2 Ketok **ICE – In Case of Emergency (Upami Darurat)**.
- 3 Ketok , terus cirian **Pinton inpormasi pribadi** kotak centang.




Ngasupkeun inpormasi medis Anjeun

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
- 2 Ketok **ICE – In Case of Emergency (Upami Darurat)**.
- 3 Ketok , terus ketok **Edit inpo kasehatan**.
- 4 Edit inpo anu dimaksud.
- 5 Sawaktos Anjeun rengse, ketok **SIMPEN**.




Nambahkeun kontak ICE anyar

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
 - 2 Ketok **ICE – In Case of Emergency (Upami Darurat)**, terus ketok .
 - 3 Lamun Anjeun geus nyingkronkeun kontak Anjeun ka hiji atawa leuwih akun jeung Anjeun nambahkeun kontak jang pertama kalina, Anjeun kudu milih akun mana nu arek dipake nyimpen kontak eta. Alternatip sejen, ketok **Teu dijieun cadangan** lamun Anjeun hayang make jeung nyimpen akun ieu dina alat Anjeun.
 - 4 Tulis atawa pilih inpo nu dipikahoyong kanggo kontak eta.
 - 5 Sawaktos Anjeun rengse, ketok **SIMPEN**.
- ! Kontak ICE kudu aya paling henteu hiji nomer telepon supaya pagawe kasehatan bisa nelepon. Upami alat Anjeun dikonci ku konci layar kaamanan, pagawe kasehatan ngan bisa ningali nomer telepon kontak ICE, sanajan aya inpo sejen di aplikasi Kontak ngeunaan kontak eta.




Ngagunakeun kontak nu aya jadi kontak ICE

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
 - 2 Ketok **ICE – In Case of Emergency (Upami Darurat)**, terus ketok .
 - 3 Cirian kontak nu ku Anjeun arek dipake jadi kontak ICE.
 - 4 Sawaktos Anjeun rengse, ketok **Rengse**.
- ! Kontak ICE nu dipilih ku Anjeun kudu aya paling henteu hiji nomer telepon supaya pagawe kasehatan bisa nelepon. Upami alat Anjeun dikonci ku konci layar kaamanan, pagawe kasehatan ngan bisa ningali nomer telepon kontak ICE, sanajan aya inpo sejen di aplikasi Kontak ngeunaan kontak eta.

Supados inpormasi ICE Anjeun tiasa ditingali di layar konci kaamanan

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
 - 2 Ketok **ICE – In Case of Emergency (Upami Darurat)**.
 - 3 Ketok , terus ketok **Setelan**.
 - 4 Cirian kotak centang **ICE dina layar konci**.
- ! Inpormasi ICE tiasa ditingali ti layar konci kaamanan sacara standar.




Ngaktipkeun telepon ka kontak ICE konci layar kaamanan

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
 - 2 Ketok **ICE – In Case of Emergency (Upami Darurat)**.
 - 3 Ketok , terus ketok **Setelan**.
 - 4 Cirian kotak centang **Aktipkeun telepon dina ICE**.
- ! Sababaraha jaringan jeung/atawa laden jaringan bisa wae teu ngarojong telepon ICE.



Paporit sareng grup

Kontak nu Anjeun cirian jadi paporit nembongan di handapeun tab paporit dina aplikasi Kontak babarengan jeung kontak nu paling sering Anjeun telepon atawa "top contacts". Ku cara ieu, Anjeun menangkeun akses nu leuwih gancang ka kontak ieu. Anjeun oge tiasa ngadaptarkeun kontak ka grup, pikeun meunangkeun akses nu leuwih gancang ka grup kontak nu aya dina aplikasi Kontak.


Pikeun nyirian atawa teu nyirian hiji kontak janten paporit

- 1 Tina Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Toel kontak nu Anjeun hayang tambah atawa cabut tina paporit Anjeun.
- 3 Ketok .

Pikeun nempo kontak paporit Anjeun




- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
- 2 Ketok **Paporit**.

Pikeun ngadaptarkeun kontak ka grup




- 1 Dina aplikasi Kontak, ketok kontak nu ku Anjeun hoyong ditambahkeun ka grup.
- 2 Ketok , teras ketok palang eta sacara langsung di handapeun **Grup**.
- 3 Cirian kotak centang kanggo grup tempat Anjeun hoyong nambahkeun kontak eta.
- 4 Ketok **SIMPEN**.

Ngirim inpo kontak





Pikeun ngirim kartu bisnis Anjeun

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
- 2 Ketok **Simkuring**.
- 3 Ketok , terus ketok **Bagikeun**.
- 4 Pilih hiji metodeu transper nu sadia tur turutan parentah nu aya dina-layar.

Ngirim hiji kontak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
- 2 Ketok kontak nu wincikna rek dikirim.
- 3 Ketok , terus ketok **Bagikeun**.
- 4 Pilih hiji metodeu transper nu sadia tur turutan parentah nu aya dina-layar.




Pikeun ngirim sababaraha kontak sakaligus

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok .
- 2 Pencet , teras ketok **Cirian sawatara**.
- 3 Cirian kontak nu Anjeun hoyong kirimkeun, atawa pilih kabeh upami Anjeun hoyong ngirim sakabeh kontak.
- 4 Ketok , teras pilih hiji metodeu transper nu sadia tur turutan parentah di layar.


Ngahindarkeun panulisan ganda dina aplikasi Kontak

Upami Anjeun nyingkronkeun kontak Anjeun sareng hiji akun anyar atawa ngimpor inpo kontak ku cara nu sejen, Anjeun bisa jadi gaduh panulisan ganda dina aplikasi Kontak. Upami ieu kajadian, Anjeun bisa ngagabungkeun inpo nu dobel ieu ku cara nyieun entri tunggal. Tur upami Anjeun salah ngagabungkeun entri, Anjeun bisa misahkeun deui entri eta engkena.

Ngaitkeun kontak

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , teras ketok .
- 2 Ketok kontak nu hayang dikaitkeun ka kontak nu sejen.
- 3 Pencet , teras ketok **Kaitkeun kontak**.
- 4 Ketok kontak nu inpona hoyong Anjeun gabungkeun ka kontak nu kahiji, teras ketok **OK** pikeun ngonpirmasikeun. Inpormasi ti kontak kahiji dihijikeun sareng kontak kadua, tur kontak kontak nu dikaitkeun kahiji dipintonkeun minangka hiji kontak dina daptar Kontak.

Pikeun misahkeun kontak kakait

- 1 Tina Layar Utama, ketok , teras ketok .
- 2 Ketok kontak kakait nu hayang Anjeun edit, teras ketok .
- 3 Ketok **Pegatkeun kaitan kontk > Pegat kakait**.




Nyieun cadangan kontak

Anjeun tiasa make panyimpenan interna, kartu memori atawa kartu SIM pikeun nyieun cadangan kontak. Tingali *Nransper kontak* dina kaca 78 jang inpo nu leuwih lengkep ihwal cara malikkeun kontak kana alat anjeun.

Ngekspor sadaya kontak ka kartu memori

- 1 Ti Layar Utama, ketok , terus ketok .
- 2 Pencet , terus ketok **Ekspor kontak** > **Kartu SD**.
- 3 Ketok **OKE**.

Pikeun ngekspor kontak ka kartu SIM

- ! Sawaktos Anjeun ngekspor kontak ka hiji kartu SIM, teu sakabeh inpo bisa diekspor. Ieu disababkeun ku pangwatesan memori dina kartu SIM.
- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
 - 2 Pencet , terus ketok **Ekspor kontak**.
 - 3 Pilih kartu SIM.
 - 4 Cirian kontak nu Anjeun hoyong ekspor, atawa ketok **Cirian kabeh** upami Anjeun hoyong ngekspor sadaya kontak.
 - 5 Ketok **Ekspor**.
 - 6 Pilih **Tambahkeun kontak** upami Anjeun hoyong nambah kontak ka kontak nu tos aya dina kartu SIM Anjeun, atawa pilih **Gentos sadaya kontak** upami Anjeun hoyong ngaganti kontak nu tos aya dina kartu SIM Anjeun.

Talatah jeung chat

Maca jeung ngirim talatah





Aplikasi Talatah nempokeun talatah Anjeun sapertos peguneman, nu hartina yen sadaya talatah ka sareng tina jalma nu tangtu bakal digrupkeun.

- ! Jumlah karakter nu Anjeun bisa kirim dina hiji talatah teks tunggal beda-beda tergantung kana operator jeung basa nu Anjeun pake. Ukuran maksimum talatah multimedia, nu nyartakeun ukuran payil media tambahan, tergantung oge ka operatorna. Kontak operator jaringan Anjeun kanggo inpo nu lain.





- 1 Mulang ka daptar paguneman
- 2 Telepon ka nu ngirim talatah
- 3 Tempo pilihan nu lain
- 4 Talatah nu dikirim jeung nu ditampa
- 5 Kirim talatah lengkep
- 6 Tambahkeun gagantel




Cara nyieun sareng ngirim talatah

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus teangan jeung ketok .
 - 2 Ketok .
 - 3 Tulis ngaran atawa nomer telepon panarima, atawa inpo kontak sejen nu anjeun simpen ngeunaan panarima, tur pilih tina daptar nu aya. Upami panarima teu kadaptar na kontak, asupkeun nomer panarima sacara manual.
 - 4 Mun anjeun bade ngirim talatah grup, ulang prosedur nu dijelaskeun di luhur pikeun nambah pamilon leuwih loba.
 - 5 Ketok **Tulis talatah** jeung tuliskeun teks talatah Anjeun.
 - 6 Upami Anjeun hoyong nambahkeun gagantel, pilih pilihan gagantel nu pakait.
 - 7 Pikeun ngirim talatah, ketok kenop  nu dumasar ka kartu SIM nu bade diangge.
- 💡 Upami Anjeun kaluar ti talatah saengan ngirim, talatah eta bakal disimpen jadi rancangan. Paguneman eta digantelkeun sareng **Konsep** kecap.




Pikeun maca hiji talatah anu ditampa

- 1 Tina Layar Utama, ketok , teras panggihan tur ketok .
 - 2 Ketok paguneman nu dipikahoyong.
 - 3 Upami talatah teu acan diundeur, ketok jeung tahan talatah eta, teras ketok **Undeur talatah**.
- 💡 Sadaya talatah nu ditampa bakal disimpen sacara standar ka memori alat.



Pikeun ngabales hiji talatah

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok .
- 2 Ketok paguneman nu ngandung talatah.
- 3 Tuliskeun balesan Anjeun tur ketok kenop  nu dumasar ka kartu SIM nu bade diangge.

Pikeun neruskeun talatah



- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus teangan jeung ketok .
- 2 Ketok paguneman nu ngandung talatah nu hayang diteruskeun ku anjeun.
- 3 Toel jeung tahan talatah nu hayang diteruskeun ku anjeun, teras ketok **Teraskeun talatah**.
- 4 Tulis ngaran atawa nomer telepon panarima, atawa inpo kontak sejen nu anjeun simpen ngeunaan panarima, tur pilih tina daptar nu aya. Upami panarima teu kadaptar na kontak, asupkeun nomer panarima sacara manual.
- 5 Edit talatah, upami peryogi, teras ketok kenop  nu dumasar ka kartu SIM nu bade diangge.

Cara nyimpen payil nu aya di talatah nu ditampi





- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok .
- 2 Upami talatah teu acan diundeur, ketok talatahna.
- 3 Toél jeung tahan payil nu anjeun hoyong simpen, teras pilih pilihan nu dipikahoyong.

Ngatur talatah anjeun



Pikeun mupus hiji talatah

- 1 Ti Layar Utama Anjeun, ketok , teras pilari jeung ketok .
- 2 Ketok paguneman nu ngandung talatah nu Anjeun hoyong pupus.
- 3 Toel jeung tahan talatah nu Anjeun hoyong pupus, teras ketok **Hupus talatah > Pupus**.

Pikeun mupus paguneman

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , teras panggihan tur ketok .
- 2 Ketok , teras ketok **Pupus paguneman**.
- 3 Cirian kotak centang kanggo paguneman nu Anjeun hoyong pupus, teras ketok  > **Pupus**.




Pikeun mere bintang ka hiji talatah

- 1 Tina Layar Utama, ketok , terus teangan jeung ketok .
- 2 Ketok paguneman nu ku Anjeun hoyong dibuka.
- 3 Toel jeung tahan talatah nu ku Anjeun hoyong dibere bintang, terus ketok **Tambahkeun bintang**.
- 4 Jang mupus bintang hiji talatah, toel jeung tahan talatah nu dibentangan, terus ketok **Pupus bintang**.

Pikeun nempo talatah nu dibere bintang




- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras panggihan tur ketok .
- 2 Ketok , teras ketok **Talatah nu dibintangan**.
- 3 Sadaya nu dibere tanda bintang nembongan dina daptar.

Pikeun neangan talatah

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok .
- 2 Ketok .
- 3 Tuliskeun kecap konci teangan Anjeun. Hasil neangan nembongan dina daptar.

Nelepon ti talatah

Pikeun nelepon ka pangirim talatah




- 1 Tina Layar Utama, ketok , teras panggihan tur ketok .
- 2 Ketok hiji paguneman terus ketok , terus pilih kartu SIM.

Cara nyimpen nomer nu ngirim minangka kontak




- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok .
- 2 Ketok ikon di sabeulah nomer telepon, terus ketok **Simpen**.
- 3 Pilih kontak nu aya, atawa ketok **Damel kontak anyar**.
- 4 Robah inpo kontak tur ketok **Simpen**.

Setelan talatah

Pikeun ngarobah setelan bewara talatah

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok .
- 2 Ketok , terus ketok **Setelan**.
- 3 Pikeun nambahkeun sora bewara, ketok **Sora bewara**, terus pilih hiji pilihan atawa ketok **+** and select a music file that is saved to your device.
- 4 Pikeun ngonpirmasi, ketok **Rengse**.
- 5 Pikeun setelan bewara sejen, sered panggeser nu kakait ka katuhu atawa kenca.

Pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun pungsi laporan ngirim kanggo talatah kaluar

- 1 Tina Layar Utama, ketok , teras panggihan tur ketok .
 - 2 Ketok , teras ketok **Setelan**.
 - 3 Sered geseran di sisi **Laporan pangiriman** ka katuhu atawa ka kenca.
- ! Saatos pungsi laporan ngirim diaktipkeun, **Dikirim** dipintonkeun dina talatah nu tos berhasil dikirim eta.


Talatah instan jeung paguneman video

Anjeun bisa ngagunakeun aplikasi talatah instan Google Hangouts™ jeung paguneman video dina alat Anjeun jang pagunem jeung babaturan nu make eta aplikasi di komputer, alat Android™, jeung alat sejen. Anjeun bisa ngarubah paguneman mana wae ka na sauran video jeung sababaraha urang babaturan, tur Anjeun bisa ngirim talatah ka babaturan sanajan maranehna offline. Anjeun oge bisa leuwih gampang nempo jeung ngabagikeun foto .

Hangouts™ perlu akses internet sareng akun Google™. Buka <http://support.google.com/hangouts> sareng klik kakait "Hangouts dina Android Anjeun" kangge meunangkeun inpormasi anu leuwih lengkep ihwal cara make aplikasi ieu.

- ! Fungsi sauran video ngan bisa jalan dina alat nu boga kamera hareup.

Pikeun make aplikasi Hangouts™


- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Hangouts**.

Surelek



Nyetel surelek

Pake aplikasi surelek di alat anjeun pikeun ngirim jeung nampa talatah surelek make akun surelek anjeun. Anjeun tiasa gaduh hiji atawa sababaraha akun surelek dina waktos nu sami, kaasup akun Microsoft Exchange ActiveSync pausahaan.


Cara nyetel akun surelek

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan terus ketok **Surelek**.
 - 3 Turutan pitunjuk nu nembongan di layar pikeun ngarengsekeun setelan.
- ! Kanggo sababaraha ladenan surelek, Anjeun bisa jadi kudu ngontak propaider laden surelek Anjeun kanggo meunangkeun inpo tentang setelan nu wincik keur akun surelek eta.

Pikeun nambahkeun akun surelek tambahan

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Surelek**.
- 3 Ketok , teras ketok **Setelan** > **Tambah akun**.
- 4 Tulis alamat surelek sareng kecap akses, teras ketok **Salajengna**. Upami setelan kanggo akun surelek teu bisa diundeur sacara otomatis, teruskeun setelan ku cara manual.
- 5 Sawaktos Anjeun rengse, ketok **Salajengna**.

Ngirim jeung nama talatah surelek






- 1 Nempo daptar kabeh akun surelek jeung polder panganyarna
- 2 Neangan talatah surelek
- 3 Setelan akses jeung pilihan
- 4 Daftar talatah surelek
- 5 Tulis talatah surelek





Ngundeur talatah surelek anyar

- Lamun koropak surelek muka, gesek ka handap dina daptar talatah.
- ! Saacan ngundeur talatah surelek anyar, pastikeun Anjeun boga koneksi data nu bisa dipake. Jang inpormasi ihwal koneksi data nu sukses, buka *Setelan Internet jeung MMS* di kaca 44.

Pikeun maca talatah surelek Anjeun

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok **Surelek**.
- 3 Upami Anjeun nganggo sababaraha akun surelek, ketok  tur pilih akun koropak nu Anjeun hoyong dipariksa. Upami Anjeun hoyong mariksa sadaya akun surelek Anjeun sakaligus, ketok , terus ketok **Koropak gabungan**.
- 4 Dina koropak surelek, gulung ka luhur atawa ka handap tur ketok talatah surelek nu Anjeun hoyong baca.


Pikeun nyieun jeung ngirim talatah surelek

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok **Surelek**.
- 2 Upami Anjeun nganggo sababaraha akun surelek, ketok  tur pilih akun nu bade diangge ngirim surelek.
- 3 Ketok , terus tulis nami panarima atawa alamat surelek jeung pilih hiji atawa leuwih panarimana tina daptar ragrag handap.
- 4 Tulis subjek surelek sareng teks talatah, terus ketok .


Pikeun ngawalon talatah surelek

- 1 Dina koropak surelek Anjeun, panggihan tur ketok talatah nu hayang diwalon ku Anjeun, teras ketok **Bales** atawa **Bales kabeh**.
- 2 Tulis walonan Anjeun, teras ketok .

Pikeun neraskeun hiji talatah surelek

- 1 Dina koropak surelek Anjeun, panggihan tur ketok talatah nu ku Anjeun hoyong diteruskeun, terus ketok **Teraskun**.
- 2 Tulis nami panarima atawa alamat surelek, terus pilih hiji atawa leuwih panarimana tina daptar ragrag handap.
- 3 Tulis teks talatah Anjeun, teras ketok .

Pikeun nempo gagantel talatah surelek





- 1 Panggihan tur ketok talatah surelek nu ngandung gagantel nu Anjeun hoyong tempo. Talatah surelek nu gaduh gagantel diidentipikasi ku .
- 2 Sanggeus talatah surelek kabuka, ketok **Muat**. Gagantel mimiti diundeur.
- 3 Saatos gagantel rengse diundeur, ketok **Tempo**.

Pikeun nyimpen alamat nu ngirim surelek ka kontak Anjeun

- 1 Panggihan tur ketok hiji talatah dina koropak surelek Anjeun.
- 2 Ketok nami nu ngirim, ketok **Tambahkeun ka Kontak** teras ketok **OK**.
- 3 Pilih kontak nu aya, atawa ketok **Damel kontak anyar**.
- 4 Edit inpo kontak, upami di hoyongkeun, teras ketok **Simpen**.

Ngatur talatah surelek anjeun

Pikeun nyortir surelek Anjeun

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok **Surelek**.
- 3 Upami Anjeun nganggo sababaraha akun surelek, ketok  tur pilih akun koropak nu Anjeun hoyong disortir. Upami Anjeun hoyong nyortir surelek dina sadaya akun surelek Anjeun sakaligus, ketok , terus ketok **Koropak gabungan**.
- 4 Ketok , terus ketok **Sortir**.
- 5 Pilih hiji pilihan sortir.

Pikeun neangan surelek

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok ☰, terus téangan jeung ketok **Surelek**.
- 2 Upami Anjeun nganggo sababaraha akun surelek, ketok ☰ tur pilih akun koropak nu Anjeun hoyong diteangan. Upami Anjeun hoyong mariksa sadaya akun surelek Anjeun sakaligus, ketok ☰, terus ketok **Koropak gabungan**.
- 3 Ketok ☰.
- 4 Asupkeun teks paneangan anjeun, teras ketok ☰ dina kibor.
- 5 Hasil teangan nembongan dina daptar nu disortir berdasarkeun kaping. Ketok talatah surelek nu hayang Anjeun buka.

Pikeun nempo sadaya polder kanggo hiji akun surelek

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok ☰, terus teangan jeung ketok **Surelek**.
- 2 Ketok ☰, teras pilih akun nu ku Anjeun hoyong pariksa.
- 3 Dina akun nu ku ANjeun hoyong dipariksa, pilih **Pinton kabeh polder**.

Pikeun mupus talatah surelek

- Dina koropak surelek Anjeun, sintreuk ka katuhu talatah nu Anjeun hoyong pupus.

Pikeun mindahkeun talatah surelek ka polder sejen

- 1 Dina koropak surelek Anjeun, sintreuk ka kenca talatah nu Anjeun hoyong pindahkeun.
- 2 Ketok **Pindahkeun**, teras pilih hiji polder.

Setelan akun surelek

Pikeun nyabut hiji akun surelek tina alat Anjeun

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok ☰.
- 2 Panggihan tur ketok **Surelek**.
- 3 Pencet ☰, teras ketok **Setelan**.
- 4 Pilih akun nu Anjeun hoyong cabut.
- 5 Ketok **Pupuskeun akun > OKE**.

Pikeun ngarobah prekuensi mariksa koropak


- 1 Tina Layar Utama, ketok ☰.
- 2 Panggihan tur ketok **Surelek**.
- 3 Ketok ☰, teras ketok **Setelan**.
- 4 Pilih akun nu Anjeun hoyong robah prekuensi pariksa koropakna.
- 5 Ketok **Frekuensi mariksa > Seringna dipariksa** tur pilih hiji pilihan.

Pikeun nyetel walon-otomatis Kaluar Kantor dina akun Exchange Active Sync

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok ☰, teras panggihan tur ketok **Surelek**.
- 2 Pencet ☰, teras ketok **Setelan**.
- 3 Pilih akun EAS (Exchange Active Sync) nu Anjeun hoyong setel walon-otomatis Kaluar Kantor.
- 4 Ketok **Kaluar kantor**.
- 5 Sered geseran di sisi **Kaluar kantor** ka katuhu pikeun ngaktipkeun fungsi.
- 6 Upami diperlukeun, cirian kotak centang **Setel dangka waktu** tur setel kisaran waktos kanggo walon otomatis.
- 7 Tulis talatah Kaluar Kantor Anjeun dina widang teks eusi.
- 8 Ketok **OKE** pikeun ngonpirmasi.

Gmail™

Upami anjeun gaduh akun Google™, anjeun tiasa make aplikasi Gmail™ pikeun maca jeung nulis talatah surelek.



1 Nempo daptar kabeh akun Gmail jeung polder

2 Neangan talatah surelek

3 Daftar talatah surelek

4 Tulis talatah surelek

Cara nempo inpo nu leuwih lengkep ihwal Gmail™

- Sawaktos aplikasi Gmail kabuka, ketok ☰, teras panggihan jeung ketok **Pitulung**.

Musik


Nransperkeun musik ka alat Anjeun

Aya sababaraha cara pikeun nransperkeun musik ti komputer ka alat Anjeun:

- Anjeun bisa nransper payil musik antara alat jeung komputer Anjeun make kabel USB nu disadiakeun. Saenggeus nyambung, pilih **Transper payil (MTP)** dina alat, teras tiron jeung tempel atawa sered jeung tunda payil make komputer. Tingali *Ngatur payil nganggo komputer* di kaca 38.
 - Anjeun tiasa make software Xperia™ Companion pikeun nransper payil media Anjeun antara komputer sareng alat Anjeun. Diajar salengkepna tur undeur Xperia™ Companion jang Windows dina <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion/> atawa Xperia™ Companion jang Mac dina <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion-mac/>.
- ! Aplikasi Musik tiasa jadi teu ngarokong sadaya pormat payil musik. Jang inpormasi nu leuwih lengkep ngeunaan pormat payil nu didukung jeung cara make payil multimedia (audio, gambar, tur video), undeur manual pikeun alat Anjeun di www.sonymobile.com/support/.

Ngadangukeun musik

Pake aplikasi Musik pikeun ngadangukeun musik jeung buku audio paporit Anjeun.



1 Ngaleutikan layar pinuh pamuter

2 Teang sadaya lagu nu disimpen ka alat Anjeun

3 Nempo antayan puteran lagu kiwari

4 Gambar albeum (upami sadia)

5 Indikator kamajuan – sered indikator atawa ketok di sepanjang garis pikeun ngamajukeun gancang atawa muter ulang

6 Waktu nu tos dilakonan ku lagu kiwari

7 Panjang total waktu lagu kiwari

8 Malikan sadaya lagu di antayan puteran lagu kiwari


9 Ketok pikeun muka lagu saterasna nu aya di antayan puteran lagu, toel jeung tahan pikeun ngamajukeun gancang lagu kiwari

10 Puter atawa reureuhkeun lagu

11 Ketok pikeun muka lagu samemehna nu aya di antayan puteran lagu, toel jeung tahan pikeun ngamundurkeun lagu kiwari

12 Ngacak lagu di antayan puteran lagu kiwari

Layar utama musik



- 1 Ketok ☰ dina pojok kenca luhur pikeun muka menu Musik.
- 2 Gulung ka luhur atawa ka handap pikeun nempo eusi
- 3 Puter lagu make aplikasi Musik
- 4 Puter sadaya lagu dina modeu acak
- 5 Mulang ka layar pamuter musik

Cara muter lagu make aplikasi Musik

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok 🎵, terus téangan jeung ketok 🎵.
 - 2 Ketok ☰.
 - 3 Pilih hiji kategori musik.
 - 4 Ketok tembang nu bade diputer.
- ! Anjeun meureunan teu bisa muterkeun item nu dijagi hak ciptana. Pariksa yen anjeun gaduh hak nu diperlukan ka bahan nu anjeun hoyong bagikeun.

Manggihan inpormasi kakait tembang online

- Basa lagu keur diputerkeun dina aplikasi Musik, ketok gambar Album, tur ketok **Leuwih loba ngeunaan ieu**.
- 💡 Sumber online nu kakait ka lagu tiasa ngasupkeun video dina YouTube™, lirik lagu, jeung inpormasi artis dina Wikipedia.

Pikeun ngedit inpormasi musik jeung ngundeur sampul album

- 1 Tina aplikasi Musik, ketok seni Album jeung teras ketok **Edit inpo musik**.
 - 2 Edit inpormasi nu dipikahoyong.
 - 3 Pikeun nyetel atawa ngundeur sampul album, ketok ✎, teras pilih hiji pilihan.
 - 4 Sawaktos Anjeun rengse, ketok **SIMPEN**.
- 💡 Anjeun oge bisa nyetel sampul album pikeun ngundeur otomatis dina menu Musik, dina Setelan.

Pikeun nyaluyukeun polume audio

- Pencét konci volumeu.

Pikeun ngaleutikan aplikasi Musik


- Basa tembang diputer, ketok 🏠 pikeun muka Layar Utama. Aplikasi Musik tetep jalan dina latar tukang.

Cara muka aplikasi Musik nu keur diputer di latar tukang

- Basa hiji lagu keur diputer di latar tukang, sered bar status ka handap jeung ketok aplikasi Musik.
- Salaen eta, tina Layar Utama anjeun, ketok 🎵, terus panggihan jeung ketok 🎵.

Menu Musik

Menu Musik mere Anjeun langlangan tentang sadaya lagu nu aya di alat Anjeun. Ti dieu, Anjeun tiasa ngatur albeum sareng daptar puter Anjeun.



- 1 Mulang ka layar utama Musik
- 2 Nempo antayan puteran lagu kiwari
- 3 Kotektak sadaya artis
- 4 Kotektak sadaya albeum
- 5 Kotektak sadaya lagu
- 6 Kotektak sadaya polder
- 7 Kotektak sadaya daptar puter
- 8 Muter payil musik nu disimpen dina alat sejen
- 9 Nempo sadaya podcast nu dilanggan atawa diundeur
- 10 Muka menu setelan kanggo aplikasi Musik
- 11 Muka menu rojongan kanggo aplikasi Musik

Cara muka menu Musik

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok .
- 2 Ketok .

Cara balik deui ka layar utama Musik

- Lamun menu Musik muka, ketok **Utama** atawa ketok dina layar bagean katuhu tina menu.

Cara mupus lagu


- 1 Ti menu Musik, kotektak ka lagu nu hayang dipupus ku Anjeun.
- 2 Toel jeung tahan judul lagu, terus ketok **Pupus** dina daptar nu nembongan.
- 3 Ketok **Pupus** deui pikeun ngonpirmasi.

Daptar puter

Dina layar utama Musik, anjeun tiasa nyieun daptar puter nyalira tina musik nu disimpen dina alat anjeun.

Cara nyieun daptar puter nyalira

- 1 Ti layar utama Musik, toél jeung tahan ngaran albeum atawa lagu nu ku anjeun hoyong ditambahkeun kana daptar puter.
- 2 Di ménu nu muka, ketok **Tambah ka daptar puter** > **Jieun daptar puter anyar**.
- 3 Tulis ngaran jang daptar puter terus ketok **OKE**.

-  Anjeun bisa oge muka menu layar utama Musik, ketok **Daptar puter**, teras ketok **+** jang nyieun daptar puter anyar.

Cara muter daptar puter nu Anjeun sorangan

- 1 Buka menu Musik, terus ketok **Daptar puter**.
- 2 Dina **Daptar puter**, pilih daptar puter nu ku Anjeun hoyong dibuka.
- 3 Lamun Anjeun hoyong muter kabeh lagu, ketok lagu naon wae atawa **Acak kabeh**.

Nambahkeun lagu ka daptar puter

- 1 Ti layar utama Musik, kotektak lagu atawa albeum ku Anjeun bade ditambahkeun kana daptar puter.
- 2 Toel atawa tahan judul lagu atawa albeum, teras ketok **Tambah ka daptar puter**.
- 3 Ketok ngaran daptar puter tempat hayang nambahkeun albeum atawa lagu tea. Albeum atawa lagu ayeuna ditambahkeun ka daptar puter.

Pikeun mupus lagu tina daptar puter

- 1 Dina playlist, toél jeung tahan judul lagu nu Anjeun nu ku Anjeun hoyong dipupus.
 - 2 Ketok **Cabut ti daptar puter**.
- ! Anjeun bisa wae teu bisa mupus lagu nu disimpen dina kartu memori atawa dina alat panyimpenan internal.

Cara mupus daptar puter

- 1 Buka menu Musik, terus ketok **Daptar puter**.
 - 2 Toel jeung tahan daptar puter nu hayang dipupus ku anjeun.
 - 3 Ketok **Pupus**.
 - 4 Ketok **Pupus** deui pikeun ngonpirmasi.
- ! Anjeun teu bisa mupus daptar puter pinter.

Babagi musik

Pikeun ngabagikeun lagu

- 1 Ti layar utama Musik, kotektak ka lagu atawa albeum nu hayang dibagikeun ku Anjeun.
 - 2 Toel jeung tahan judul lagu, teras ketok **Bagi**.
 - 3 Pilih aplikasi ti daptar aplikasi, teras turutan parentah dina-layar.
- 💡 Anjeun oge tiasa ngabagikeun albeum jeung daptar puter ku cara nu sami.

Ningkatkeun sora

Pikeun ningkatkeun kualitas sora make Ekualiser

- 1 Buka menu Musik, terus ketok **Setelan > Setelan audio > Epek sora > Equalizer**.
- 2 Pikeun nyaluyukeun sora ku cara manual, sered tombol pita prekuensi ka luhur atawa ka handap. Pikeun nyaluyukeun sora ku cara otomatis, ketok **✓** tur pilih hiji gaya.


Cara ngaktipkeun fitur Sora sakuliling

- 1 Buka menu Musik, terus ketok **Setelan > Setelan audio > Epek sora > Sora surround (VPT)**.
- 2 Sintreuk ka kenca atawa ka katuhu jang milih setelan, terus ketok **OKE** jang ngonpirmasi.

Ngawawuhan musik make TrackID™

Pake ladeunan paneguh musik TrackID™ pikeun ngidentifikasi lagu nu keur Anjeun dangukeun diputer di sakuliling Anjeun. Rekam hiji conto pondok ti lagu eta teras Anjeun bakal meunangkeun inpo artis, judul jeung albeumna dina waktu sababaraha detik. Anjeun tiasa meuli lagu nu diidentifikasi ku TrackID™ tur Anjeun tiasa nempo daptar lagu

TrackID™ pikeun nempo naon nu diteangan ku pamake TrackID™ di sakumna dunya. Kanggo hasil nu pangsaena, pake TrackID™ di tempat nu sepi.



- 1 Neangan lagu, album, jeung artis
- 2 Jieun profil TrackID™ online
- 3 Tempo daptar lagu ayeuna
- 4 Tempo pilihan TrackID™
- 5 Tempo riwayat teangan Anjeun nu sateuacana
- 6 Pariksa naon nu dilacak ku nu sejen
- 7 Identifikasi musik nu Anjeun keur dengekeun

! Aplikasi TrackID™ sareng sababaraha fitur laden TrackID™ bisa jadi teu dirojong di sadaya nagara atawa kawasan, atawa ku sakabeh jaringan atawa panyadia ladenan. TrackID™ tiasa disambungkeun ka ladenan streaming musik di nagara Anjeun.

Pikeun ngidentifikasi musik nganggo teknologi TrackID™

- 1 Tina Layar Utama, ketok 📶.
 - 2 Teangan tur ketok **TrackID™**, terus cekel alat Anjeun sing deukeut kana sumber musik.
 - 3 Ketok 🎵. Lamun lagu diwanoh ku ladenan TrackID™, hasil ditembongkeun di layar.
- 💡 Pikeun mulang ka layar mimitian **TrackID™**, ketok ⏪.

Pikeun nempo inpo artis kanggo hiji lagu

- 1 Saenggeus lagu diwanohan ku aplikasi **TrackID™**, hasilna dipintonkeun di layar utama TrackID™.
- 2 Gulung hasil nu ku Anjeun hayang ditingali, terus ketok jang muka hasilna.

Pikeun mupus hiji lagu ti riwayat lagu

- 1 Buka aplikasi **TrackID™**, terus kotektak kana lagu nu ku Anjeun hoyong dipupus.
- 2 Toel jeung tahan layar sangkan 🗑️ nembongan.
- 3 Ketok 🗑️.

Pikeun make TrackID™ LIVE


Anjeun bisa make TrackID™ LIVE pikeun ngalacak LANGSUNG ti saluruh dunya. Aya dua cara pikeun ngamimitian TrackID™ LIVE:

- Ketok peta dina layar utama TrackID™.
 - Atawa pencet 📶, terus ketok TrackID™ LIVE.
- 💡 Anjeun bisa ngarobah sabaraha gancang ngalacak jeung tiasa ngajempe atawa hurungkeun sora tilikan lagu.

Radio FM



Ngadangukeun radio

Radio FM dina alat Anjeun berpungsi jiga radio FM biasa. Contona, anjeun tiasa ngotektak teras ngadangukeun stasiun radio FM, teras nyimpen kana paporit. Anjeun kedah nyambungkeun headset kabel atawa headphone ka alat samemeh anjeun bisa make radio. Soalna, headset atawa headphone teh berpungsi jiga anteneu. Saentos salah sahiji alat ieu disambungkeun, anjeun bisa mindahkeun audio ka speaker, upami hoyong.



- 1 Daptar paporit
- 2 Kenop on/off radio
- 3 Nempo pilihan menu
- 4 Prekuensi nu dipasang
- 5 Simpen atawa cabut hiji saluran minangka paporit
- 6 Pilih nomer
- 7 Pita prekuensi – sered ka kencana atawa ka katuhu pikeun mindahkeun saluran
- 8 Pindahkeun pita prekuensi ka luhur pikeun neangan saluran
- 9 Saluran paporit nu disimpen
- 10 Pindahkeun pita prekuensi ka handap pikeun neangan saluran


Ngadangukeun ka radio FM

- 1 Sambungkeun headset atawa headphone ka alat.
 - 2 Ti Layar Utama, ketok .
 - 3 Panggihan teras ketok **Radio FM** . Saluran anu sadia nembongan basa Anjeun ngagulung dina pita gelombang.
- ! Mun anjeun buka radio FM, saluran nu kasayagi muncul otomatis. Mun hiji saluran gaduh informasi RDS, éta muncul sababaraha detik saentos anjeun mulai ngadangukeun.




Pikeun pipindah di antara saluran radio

- Sered pita prekuensi ka kencana atawa ka katuhu.




Pikeun ngamimitian hiji teangan anyar kanggo saluran radio

- 1 Sawaktos radio dibuka, ketok .
- 2 Ketok **Teang saluran**. Radio nyeken sadaya pita gelombang, sareng cirian sadaya saluran nu sadia dipintonkeun.

Pikeun mindahkeun sora radio ka speaker


- 1 Sawaktos radio dibuka, pencet .
 - 2 Ketok **Puter di sepeker**.
-  Pikeun ngalihkeun sora ka headset atawa headphone, pencet  teras ketok **Puter di headphone**.

Jang ngidentifikasi lagu di radio FM make TrackID™

- 1 Sawaktos lagu ieu diputer dina radio FM alat Anjeun, ketok  terus pilih **TrackID™**.
 - 2 Hiji indikator kamajuan nembongan sawaktos aplikasi TrackID™ milih laguna. Upami identifikasi sukses, Anjeun dibere hasil na atawa daptar hasil nu mungkin.
 - 3 Pikeun mulang ka FM Radio, ketok .
-  Aplikasi TrackID™ jeung ladenan TrackID™ teu dirojong di sadaya nagara/wewengkon, atawa ku sadaya jaringan jeung/atawa propaider laden di sadaya wewengkon.

Saluran radio paporit


Pikeun nyimpen hiji saluran jadi paporit

- 1 Sawaktos radio dibuka, navigasi ka saluran nu Anjeun simpen jadi paporit.
- 2 Ketok .
- 3 Tulis nami tur pilih hiji warna kanggo saluran eta, teras pencet **Simpen**.

Ngadangukeun saluran radio paporit



- 1 Ketok .
- 2 Pilih hiji pilihan.

Pikeun miceun hiji saluran paporit

- 1 Mun radio kabuka, arahkeun ka saluran anu ku Anjeun hoyong piceun.
- 2 Ketok , teras ketok **Pupus**.

Setelan sora

Pikeun pindah antara mode sora mono sareng stereo

- 1 Sawaktos radio dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Aktipkeun sora stereo**.
- 3 Pikeun ngadengekeun radio dina mode sora mono deui, pencet  tur ketok **Paksa sora mono**.

Pikeun milih kawasan radio

- 1 Sawaktos radio dibuka, pencet .
- 2 Ketok **Setel wewengkon radio**.
- 3 Pilih hiji pilihan.




Kamera

Nyandak poto sareng ngarekam video



- 1 Lampu kilat kamera hareup
- 2 Lénsa kaméra hareup
- 3 Pindah antara kamera hareup jeung kamera utama
- 4 Pilih modeu motret
- 5 Zoom gede atawa leutik
- 6 Layar kamera utama
- 7 Kenop kamera – Aktipkeun kamera/Candak poto/Rekam video
- 8 Tempo poto jeung video
- 9 Kenop jepret - toel jeung leupas pikeun nyandak poto atawa rekam klip video
- 10 Tutup menu nu ayeuna atawa Kaluar ti kamera
- 11 Ngakses setelan kamera jeung potong kompas
- 12 Setelan lampu kilat


Nyandak poto ti layar konci

- 1 Pikeun ngaktipkeun layar, pencet sakeudeung kenop daya .
- 2 Jang ngaktipkeun kamera, toel jeung tahan ikon kamera , terus sered ka kenca.
- 3 Sanggeus kamera muka, ketok .


Pikeun nyandak poto nganggo kenop kamera

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Pencet kenop kamera.

Cara moto selfie nganggo kamera hareup

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Ketok .
- 3 Pikeun moto, pencet kenop kamera. Poto dicandak langsung saatos Anjeun ngaleupaskeun kenop kamera.

Make lampu kilat kamera poto


- 1 Sawaktos kamera kabuka, ketok .
- 2 Pilih setelan lampu kilat nu Anjeun hoyong.
- 3 Candak poto.

Cara maké fungsi zum






Basa kamera dibuka, ciwit asup atawa renggangkeun dina layar kamera. Anjeun bisa oge make kenop volumeu, mencet ka luhur atawa ka handap.

- 1 Jang ngaktipkeun fungsi ieu, ketok  terus ketok **Deui** > **Pk kenop Polm sbg.**
- 2 Pilih **Zum**


Pikeun ngarekam video nganggo kenop kamera

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Gesek layar jang milih .
- 3 Pikeun ngamimitian ngarekam video, pencet kenop kamera.
- 4 Pikeun eureun ngarekam, pencet deui kenop kamera eta.

Cara ngarekam video

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Upami modeu video teu dipilih, gesek layar pikeun milih .
- 3 Arahkeun kamera ka arah subjek.
- 4 Jang ngamimitian ngarekam, ketok .
- 5 Jang reureuh ngarekam video, ketok . Jang neruskeun ngarekam, ketok .
- 6 Jang ngeureunkeun ngarekam, ketok .


Cara nyandak poto lamun nuju ngarékam pidéo

- To take a photo when recording a video, ketok . Poto dicandak langsung saatos Anjeun ngaleupaskeun kenop kamera.

Nempo poto sareng video anjeun





- 1 Aktipkeun kamera, teras ketok gambar leutik pikeun muka poto atawa videp.
- 2 Sintreuk kenca atawa katuhu pikeun nempokeun poto sareng klip video Anjeun.

Pikeun mupus poto atawa video nu direkam

- 1 Panggihan poto atawa video nu hayang dipupus ku anjeun.
- 2 Ketok layar nu bade dipintonkeun di tulbar.
- 3 Ketok .
- 4 Ketok **Pupus** pikeun ngonpirmasi.

Setelan kamera umum

Modeu motret





-  **Manual**
Ku cara manual ngatur setelan kamera sapertos resolusi, imbangan bodas, jeung ISO.
-  **Otomatis superior**
Optimalkeun setelan Anjeun pikeun cocog ka pamandangan nu mana wae.
-  **Kamera video**
Ku cara manual ngatur setelan video sapertos resolusi, video HDR, jeung modeu pokus.
-  **Aplikasi kamera**
Pilih aplikasi kamera ku cara manual.

- ! Video HDR saukur sadia mun resolusi video disetel ka HD.

Cara pindah antar modeu motret jeung aplikasi kamera

- 1 Pencet tur tahan kenop kamera.
- 2 Gesek layar ka modeu motret nu dipikahoyong atawa ka daptar aplikasi.

Aplikasi Kamera

-  **Sound Photo**
Moto sareng sora latar tukang.
-  **Multi kamera**
Rekam pamandangan nu sami ti sababaraha sudut dina layar tunggal.
-  **Raray dina gambar**
Moto make kamera hareup sareng tukang sacara babarengan.
-  **Epek AR**




Moto atawa ngarekam video ku pamandangan jeung karakter virtual.

-  **Epek kreatif**
Terapkeun efek ka poto atawa video.
-  **Panorama Sapu**
Candak poto sudut lebar sareng panoramik.
-  **Potret gaya**
Moto sareng gaya potret waktu-sabenerna.
-  **Topeng AR**
Pake raray sejen jang nutupan raray anjeun.




Potret Gaya

Anjeun bisa make pitur Potret Gaya jang mere epek kana poto potret nu ku Anjeun eukeur dipoto, jadi yakin hasilna bakal alus. Anjeun bisa oge make setelan **Nyorot sihir** jang nambahkeun pola spot caang dina mata.

Pikeun make fitur Potret gaya

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Gesek layar pikeun muka , teras pilih .
- 3 Pikeun mintonkeun sadaya gaya, ketok ngaran gaya nu keur dipilih ayeuna, contona, **GImbg**.
- 4 Pikeun nambah gaya nu lain, ketok **Nu lain**.
- 5 Pilih gaya nu Anjeun hoyong pake, teras ketok  pikeun nyandak poto.




Pikeun make fitur Magic beam

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Gesek layar pikeun muka , teras ketok  > .
- 3 Pikeun masang epek spot caang di jero panon, pilih pola nu dihususkeun.

Sweep Panorama

Anjeun tiasa nyandak poto sudut lebar sareng poto panorama ti arah horisontal atawa vertikal ku cara gerakan pencet-tur-sapu nu gampang.

Pikeun nyandak poto panoramik

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Gesek layar pikeun muka , teras pilih .
- 3 Pikeun milih arah pamotretan, ketok .
- 4 Pencet kenop kamera tur pindahkeun kamera lalaunan tur ajeg dina arah gerakan nu dituduhkeun di layar.






Modeu kamera multi

Modeu kamera multi bisa nyolot poto nu nghijikeun gambar tina dua juru jeung alat nu beda. Anjeun ningali dua gambar dina kamera tempo heula dina alat Anjeun – hiji tina kamera Anjeun jeung hiji deui tina alat Xperia™ nu disambungkeun atawa kamera Sony nu ngarojong NFC and teknologi Wi-Fi Direct™. Anjeun tiasa ngedit nu ku Anjeun tingali dina tempo heula saacan moto.

Jadi, contona, lamun Anjeun keur di konser jeung Anjeun hoyong nyokot poto nu ngahijikeun gambar ben tina juru hiji jeung panongton tina juru sejenna, Anjeun bisa make Modeu kamera multi jang epek nu alus.

Anjeun bisa ngeset Modeu kamera multi make NFC, nu bakal muka pemasangan dua alat make teknologi Wi-Fi Direct™.



Pikeun make modeu Multi kamera

- 1 Aktipkeun pungsi NFC di kadua alat nu Anjeun hoyong sambungkeun.
- 2 Aktipkeun kamera dina alat Anjeun.
- 3 Gesek layar pikeun muka , teras pilih .
- 4 Dina layar kadua alat, ketok .
- 5 Toel wewengkon deteksi NFC di unggal alat. Kadua alat ayeuna disambungkeun nganggo teknologi Wi-Fi Direct™.
- 6 Saatos alat disambungkeun, dua gambar nembongan di layar tempo heula di alat Anjeun – hiji ti layar tempo heula kamera Anjeun jeung hiji deui ti layar tempo heula di alat nu disambungkeun.
- 7 Pikeun ngedit gambar dina layar tempo heula Anjeun, ketok .
- 8 Edit gambar sakahoyong Anjeun. Contona, Anjeun tiasa ngetok tur tahan gambar tur nyered gambar eta ka sisi nu sejen layar tempo heula pikeun ngarobah urutanana.
- 9 Basa Anjeun rengse ngedit tur siap pikeun nangkeup gambar nu digabungkeun, ketok **Rengse** > .

Ngundeur aplikasi kamera



Anjeun tiasa ngundeur aplikasi kamera haratis atawa nu mayar ti Google Play™ atawa Sony Select sejenna. Samemeh Anjeun mimiti ngunder ti, pastikeun sambungan internet Anjeun jalan, langkung sae ti Wi-Fi kanggo ngawatesan beaya patalimarga data.

Pikeun ngundeur aplikasi kamera


- 1 Buka aplikasi kamera.
- 2 Gesek layar pikeun muka , teras ketok .
- 3 Pilih aplikasi nu Anjeun hoyong undeur, teras turutan parentah pikeun nyalsekeun pamasangan.

Nambahkeun posisi geografis ka poto Anjeun

Aktipkeun pungsi Simpen lokasi pikeun nambahkeun perkiraan lokasi geografis (geotag) ka poto waktos Anjeun nyandak eta poto. Lokasi geografis ditangtukeun ku jaringan nirkabel jeung /atawa teknologi GPS.

Pas  mucunghul dina layar kamera, Nyimpen lokasi dihurungkeun tapi posisi geografis can kapanggih. Lamun  mucunghul, Nyimpen lokasi dihurungkeun tur lokasi geografis sadia, jadi lokasi geograpi bisa ditambahkeun ka poto anjeun. Mun salah sahiji ti dua lambang éta teu nembongan, Nyimpen lokasi dinoanktipkeun.

Pikeun ngaktipkeun geotag

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Ketok .
- 3 Ketok **Deui** > **Simpen lokasi**. Ketok geseran pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun pungsi.
- 4 Upami anjeun ngaktipkeun geotagging, Anjeun dipenta ngaktipkeun Ladenan lokasi upami teu acan diaktipkeun. Ketok **OKE**, teras ketok geseran **Lokasi**.

Nganggo Smile Shutter™ pikeun moto ramo nu seuri

Pake tehnologi Smile Shutter™ pikeun moto ramo basa keur seuri. Kamera ngadeteksi nepi ka lima rupa jeung milih hiji rupa kanggo deteksi seuri jeung pokus otomatis. Sawaktos rupa nu dipilih seuri, kamera sacara otomatis nyandak poto.

Pikeun ngaktipkeun Smile Shutter™

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Smile Shutter** tur pilih tingkat seuri.

Pikeun moto nganggo Smile Shutter™

- 1 Sawaktos kamera dibuka tur Smile Shutter™ dihurungkeun, arahkeun kamera ka subyek Anjeun. Kamera milih rupa mana nu bade difokuskeun.
- 2 Rupa nu dipilih nembongan di jero bingkai berwarna tur poto nu dicandak sacara otomatis.
- 3 Upami taya seuri nu dideteksi, pencet kenop kamera pikeun moto sacara manual.

Nyandak gambar ku noel

Nangtukeun area pokus, terus toel layar kamera make ramo Anjeun. Poto dicandak langsung saatos Anjeun ngaleupaskeun layar.

Baris kotak

Pilih keur aktipkeun atawa mareuman garis kotak dina tempoan kaméra anjeun.

Tilikan poto otomatis

Anjeun bisa milih jang nilik vidéo saenggeus anjeun nyokot gambar.

Hurung

Saeunggeus anjeun moto, tilikan poto nembongan di pojok handap katuhu layar salila 3 detik.

Ukur kaméra hareup

Saeunggeus anjeun moto make kamera hareup, oto nembongan di pojok handap katuhu layar salila 3 detik.

Pareum

Poto atawa vidéo disimpen saenggeus anjeun nyokot gambar, jeung moal aya panilikan némbongan.

Pake kenop Polumeu jadi

Anjeun tiasa milih cara make kenop polumeu waktos moto.

Zum

Pake kenop polumeu ngazum gede atawa leutik.

Polumeu

Pake kenop polumeu pikeun ngatur polumeu.

Jepret

Pake kenop polumeu pikeun moto.

Sora

Anjeun bisa milih pikeun ngaktipkeun atawa mareuman sora jepret.

Panyimpenan data

Anjeun tiasa milih pikeun nyimpen data Anjeun ka kartu SD nu tiasa dicabut atawa ka panyimpenan internal alat Anjeun.

Panyimpenan internal

Poto atawa video disimpen ka memori alat Anjeun.

Kartu SD

Poto atawa video disimpen ka kartu SD.

Buka rusuh

Gunakeun setelan buka rusuh jang muka kamera lamun layar dikonci.

Ngan ngajalankeun

Lamun setelan ieu diaktipkeun, Anjeun bisa muka kamera mun layar dikonci ku cara mencet jeung nahan kenop kamera.

Jalankeun tur potret


Lamun setelan ieu diaktipkeun, Anjeun bisa muka kamera jeung motret otomatis mun layar dikonci ku cara mencet jeung nahan kenop kamera.

Jalan jeung rékam vidéo


Lamun setelan ieu diaktipkeun, Anjeun bisa muka kamera jeung mulai nyokot video mun layar dikonci ku cara mencet jeung nahan kenop kamera.

Pareum

Cara ngatur warna sareng kacaangan

- 1 Aktipkeun kamera.
 - 2 Ketok  > **Warna sareng kacaangan**.
 - 3 Serep geseran ka posisi nu dipikahoyong pikeun ngatur warna sareng kacaangan.
- ! Setelan ieu ngan sadia dina mode Superior otomatis jeung modeu Kamera video.

Imbangan bodas

Pungsi ieu ngaluyukeun kasaimbangan warna nurutkeun kondisi cahya lkon setelan imbangan bodas  sadia dina layar kamera.

Otomatis

Saluyukeun kasaimbangan warna sacara otomatis pikeun nyocogkeun ka kondisi pencahayaan.

Pijer

Saluyukeun kasaimbangan warna kanggo kondisi pencahayaan nu haneut, saperti di handapeun bohlam.

Caang

Saluyukeun kasaimbangan warna kanggo pencahayaan fluoresensi.

Beurang

Saluyukeun kasaimbangan warna kanggo kondisi di luar ruangan nu cerah.


Mendung

Saluyukeun kasaimbangan warna kanggo langit nu berawan.

- ! Setelan ieu ngan sadia di **Manual** modeu motret.

Setelan kamera poto

Pikeun nyaluyukeun setelan kamera tetep

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Pikeun mintonkeun sadaya setelan, ketok .
- 3 Pilih setelan nu anjeun hoyong saluyukeun, terus edit nu dipikahoyong.

Langlangan setelan kamera poto

Resolusi

Anjeun tiasa milih diantara sababaraha resolusi jeung perbandingan aspek sateuacan nyandak poto. Poto nu resolusina leuwih gede butuh memori nu leuwih gede.

13MP

4096×3072(4:3)

Resolusi 13 megapiksel sareng perbandingan aspek 4:3. Cocog jeung poto nu Anjeun hoyong tempo dina layar rupek atawa dicetak dina resolusi luhur.

9MP

3920×2208(16:9)

Resolusi 9 megapiksel sareng perbandingan aspek 16:9. Cocog kanggo poto nu rek ditempo dina layar lega.

8MP

3264×2448(4:3)

Resolusi 8 megapiksel sareng perbandingan aspek 4:3. Cocog jeung poto nu Anjeun hoyong tempo dina layar rupek atawa dicetak dina resolusi luhur.

8MP

3840×2160(16:9)

Resolusi 8 megapiksel sareng perbandingan aspek 16:9. Cocog kanggo poto nu rek ditempo dina layar lega.

3MP

2048×1536(4:3)

Resolusi 3 megapiksel sareng perbandingan aspek 4:3. Cocog jeung poto nu Anjeun hoyong tempo dina layar rupek atawa dicetak dina resolusi luhur.

2MP**1920×1088(16:9)**

Resolusi 2 megapiksel sareng perbandingan aspek 16:9. Cocog kanggo poto nu rek ditempo dina layar lega.

VGA**640×480(4:3)**

Pormat VGA sareng perbandingan aspek 4:3.

- ! Setelan ieu ngan sadia di modeu motret **Manual**.

Pangatur waktu otomatis

Make pangatur waktu otomatis anjeun bisa motret sorangan tur teu kudu nyekel alat. Pake ieu fungsi jang nyokot potret-diri atawa poto grup supados sarerea aya dina poto. Anjeun oge bisa make pangatur waktu otomatis upami Anjeun hoyong kamera teu oyag lamun keur moto.

10 detik

Setel jeda 10 detik ti anjeun mencet kenop kamera dugi ka poto dicokot.

2 detik

Setel jeda 2 detik ti anjeun mencet kenop kamera dugi ka poto dicokot.

0.5 detik

Setel jeda satengah detik ti anjeun mencet kenop jepret dugi ka poto dicokot.

Pareum

Poto dicokot mun anjeun kenop kaméra dipencét.

Pelacakan objek

Upami anjeun milih objék ku cara noel dina tempo heula, kaméra ngalacak objék éta kanggo anjeun.

HDR

Pake setelan HDR (High-Dynamic Range / Kisaran Dinamik-Luhur) pikeun moto ngalawan cahya tukang nu caang pisan atawa di kondisi kontrasna seukeut pisan. HDR mere kompensasi kanggo wincik nu leungit sareng ngahasilkeun gambar nu ngawakilan wewengkon nu poek sareng nu caang.

- ! Setelan ieu ngan sadia di **Manual** modeu motret.

ISO

Sensitipitas ISO tiasa disetel jang disaluyukeun otomatis, atau bisa ku cara manual disaluyukeun ka setelan sensitipitas dina rentang 100 dugi ka 3200.

- ! Setelan ieu ngan sadia di **Manual** modeu motret.

Pangukuran

Pungsi ieu sacara otomatis nangtukeun paparan nu saimbang-sae ku cara ngukur cahya nu ngahalangan gambar nu anjeun hoyong candak.

Tengah

Saluyukeun paparan ka bagean tengah gambar.

Rata-rata


Etang paparan dumasar jumlah cahya dina sadaya gambar.






Spot

Saluyukeun paparan di bagean gambar nu pangleutikna nu hayang dipoto ku anjeun.

- ! Setelan ieu ngan sadia di **Manual** modeu motret.














Lampu kilat






Pake lampu kilat pikeun nyandak poto sawaktos kondisi pencahayaan kirang atawa sawaktos teu aya lampu tukang. Pilihan di handap bakal sadia lamun Anjeun ngetok ikon lampu kilat  dina layar kamera:

-  **Otomatis**
Kamera sacara otomatis nangtukeun mun kondisi pencahayaan merlukeun pamakean lampu kilat.
-  **Eusian flash**
Pake setelan ieu sawaktos latar tukang leuwih caang ti subyekna. Setelan ieu mupus kalangkang hideung nu teu dipikahoyong.
-  **Pangurang panon beurm**
Ngurangan warna panon nu beureum sawaktos keur nyandak poto.
-  **Pareum**
Lampu kilat dipareuman. Sakapeung kualitas poto bisa leuwih alus mun teu make lampu kilat, sanajan dina kondisi poek. Nyandak poto tanpa lampu kilat butuh leungeun nu ajeg. Anjeun bisa make timer-otomatis pikeun nyegah poto nu rumeuk.
-  **Senter**
Lampu kilat hurung terus waktos nyandak gambar.

Pilihan pamandangan

Pake fitur pilihan Pamandangan jang nyetel kamera ku cara gancang jang situasi umum make pamandangan nu geus diprogram samemehna. Kamera nangtukeun jumlah setelan kanggo Anjeun supados bisa cocog ka pamandangan nu dipilih, mastikeun poto pangsaena nu bisa dicandak.

-  **Pareum**
Fitur Pilihan Pamandangan pareum sareng Anjeun bisa moto sacara manual.
-  **Kulit lemes**
Cokot potret nganggo epek ningkatkeun kageulisan.
-  **Motret lembut**
Pake kanggo shooting poto di latar tukang nu lembut.
-  **Anti gambar surem**
Gunakeun jang ngaminimalkeun oyagan kamera pas nyokot gambar di kaayaan poek.
-  **Lansekap**
Pake kanggo poto bentuk lanskap. Kamera mokuskeun ka objek nu jauh.
-  **HDR koreksi lampu tukang**
Pake pikeun ningkatkeun wincik kanggo poto nu kontrasna gede. Koreksi lampu latar nu dipasang di kamera eta nganalisa gambar tur sacara otomatis nyaluyukeun lampu tukang kanggo nyieun cahya pamotoan nu sempurna ka Anjeun.
-  **Potret peuting**
Pake kanggo poto potret nu dicandak basa wengi atawa di lingkungan nu kirang cahaya/reueuk. Kusabab waktu nampa cahaya nu rada lila, kamera kudu dijejegkeun atawa disimpen dina tempat nu teu oyag.
-  **Pandangan peuting**
Pake sawaktos moto basa wengi atawa di lingkungan nu kirang cahaya. Kusabab waktu nampa cahaya nu rada lila, kamera kudu dijejegkeun atawa disimpen dina tempat nu teu oyag.
-  **Sore keupeul**
Pake jang nyandak poto nu motona dicekel ku leungeun bari rada poek jang ngurangan gambar renyek tur rumeuk.
-  **Sensitipitas luhur**
Pake jang moto tanpa kilat dina kondisi cahyana kurang. Ngurangan rumeuk.
-  **Gourmet**
Pake jang nyokot gambar dahareun nu warnana caang.
-  **Sato piaraan**
Pake jang moto ingon-ingon Anjeun. Ngurangan rumeuk jeung mata beureum.
-  **Basisir**
Gunakeun jang moto pamandangan sisi laut atawa sisi situ.

-  **Salju**
Pake dina lingkungan nu caang pikeun nyegah hasil foto nu caang teuing.
-  **Hajatan**
Pake kanggo foto di jero ruangan dina lingkungan nu kirang cahayana. Pamandangan ieu nyandak pencahayaan latar tukang di jero ruangan atawa cahaya lilin. Kusabab waktu nampa cahaya nu rada lila, kamera kudu dijejegkeun atawa disimpen dina tempat nu teu oyag.
-  **Olahraga**
Dipake kanggo moto objek anu usikna-gancang. Waktos paparan pondok ngaminimalkeun gambar nu kabur.
-  **Dokumen**
Pake kanggo foto teks atawa gambar. Mere foto kontras nu leuwih tajem.
-  **Mercon**
Pake jang moto kembang api nu endah.

! Setelan ieu ngan sadia di **Manual** modeu motret.

Setelan kamera video









Pikeun nyaluyukeun setelan kamera video

- 1 Aktipkeun kamera.
- 2 Gesek ka .
- 3 Pikeun mintonkeun setelan, ketok .
- 4 Pilih setelan nu Anjeun hoyong saluyukeun, teras jieun perobahan Anjeun.

Tinjauan setelan kamera video

Pilihan pamandangan

Fitur Pilihan Pamandangan mantuan anjeun nyetel gancang kamera kanggo kaayaan umum nganggo pamandangan video nu geus diprogram. Unggal setelan pamandangan dirancang pikeun ngahasilkeun video kualitas pangsaena nu tiasa dijieun dina lingkungan rekaman nu spesifik.

-  **Pareum**
Fitur Pilihan pamandangan pareum tur Anjeun bisa ngarekam video sacara manual.
-  **Motret lembut**
Pake kanggo shooting video di latar tukang nu lembut.
-  **Lansekap**
Pake kanggo video lansekap. Kamera mokuskeun ka objek nu jauh.
-  **Pamandangan peuting**
Waktu diaktipkeun, sensitipitas cahya ditingkatkeun. Pake dina kondisi cahya nu kirang caang. Video objek nu keur ngolebat bisa jadi kabur. Tahan leungeun Anjeun sing ajeg, atawa pake pangrojong. Pareuman setelan peuting lamun kondisi cahya caang, pikeun ngaalusan kualitas video.
-  **Basisir**
Gunakeun jang video pamandangan sisi laut atawa sisi situ.
-  **Salju**
Pake dina lingkungan nu caang pikeun nyegah hasil video caang teuing.
-  **Olahraga**
Pake kanggo ngarekam video objek nu keur ngolebat gancang. Waktos paparan pondok ngaminimalkeun gambar nu kabur ku sabab aya gerakan.
-  **Hajatan**
Pake kanggo video di jero ruangan dina lingkungan nu kirang caang. Pamandangan ieu nyandak pencahayaan latar tukang di jero ruangan atawa cahaya lilin. Video objek nu keur ngolebat bisa jadi kabur. Tahan leungeun Anjeun sing ajeg, atawa pake pangrojong.

Resolusi video

Anjeun bisa nyaluyukeun resolusi video kanggo pormat nu beda-beda.

HD Pinuh (30 fps)

Pormat Full HD (Definisi Gede) sareng perbandingan aspek rasio 16:9 (1920x1080) .

HD

Pormat HD (Definisi Luhur) sareng perbandingan aspek 16:9 (1280x720).

VGA

Pormat VGA sareng perbandingan aspek 4:3 (640x480).

MMS

Rekam video nu cocog kanggo dikirim dina talatah multimedia. Waktu ngarekam pormat video ieu diwatesan supados fayil videona tiasa pas dina talatah multimedia.

- ! Setelan ieu ngan sadia di **Manual** modeu motret.

Pelacakan objek

Upami anjeun milih objék ku cara noel dina tempo heula, kaméra ngalacak objék éta kanggo anjeun.

Smile Shutter™(video)

Pake fungsi Smile Shutter™ pikeun nangtukeun jinis keom nu kumaha nu bakal dipake kamera sateuacan ngarekam video..

SteadyShot™


Sawaktos ngarekam video, nyekel alat sing ajeg hese dilampahkeun. Pangajeg mantuan anjeun ku cara nahan gideg leungeun nu panglaunna.

Video HDR

Pake setelan HDR (High-Dynamic Range / Kisaran Dinamik Luhur) pikeun ngarekam ngalawan cahya tukang nu caang pisan atawa dina kondisi kontrasna seukeut pisan. Video HDR mere kompensasi kanggo wincik nu leungit sareng ngahasilkeun gambar nu ngawakilan wewengkon nu poek sareng nu caang.

- ! Setelan ieu ngan sadia di **Manual** modeu motret.

Lampu kilat

Pake lampu kilat pikeun ngarekam video nuju kondisi cahya kirang atawa nuju teu aya lampu tukang. Ikon lampu kilat video  ngan sadia di layar kamera video. Perhatoskeun yen kadang-kadang kualitas video bisa langkung sae tanpa aya cahya sanajan kondisi cahya kirang.

**Hurung****Pareum**

Poto sareng video di Albeum




Nempo poto sareng video

Pake aplikasi Albeum pikeun nempo poto sareng muter video nu tos dicandak make kamera anjeun, atawa pikeun nempo eusi nu sami nu tos disimpen ka alat anjeun. Sadaya poto sareng video dipintonkeun dina grid nu disusun sacara kronologis.



- 1 Ketok ikon jang muka menu layar utama Albeum
- 2 Tempo pintonan slaid kabeh gambar atawa gambar nu ku Anjeun geus ditambahkeun kana paporit
- 3 Sered tungtung layar kenca ka katuhu jang muka menu layar utama Albeum
- 4 Untuyan tanggal item dina grup nu ayeuna
- 5 Ketok hiji poto atawa video pikeun muka eta dina salayar
- 6 Gulung ka luhur atawa ka handap pikeun nempo eusi

Cara nempo poto jeung video

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan terus ketok **Albeum**.
 - 3 Ketok poto atawa video nu Anjeun hoyong tempo. Upami ditaros, ketok .
 - 4 Sintreuk kenca pikeun nempo poto atawa video salajengna. Sintreuk ka katuhu pikeun nempo video atawa poto nu samemehna.
-  Pikeun nyetel layar jang muter otomatis mun dibalikkeun ke sisi, ketok **Puter layar otomatis** di handap **Setelan > Layar > Puteran layar**.


Ngarobah ukuran gambar leutik

- Sawaktos Anjeun keur nempo gambar leutik poto sareng video di Albeum, lebarkeun dua ramo Anjeun pikeun zum gede, atawa ciwit dua ramo anjeun babarengan pikeun zum leutik.


Ngazum poto

- Sawaktos Anjeun keur nempo hiji poto, lebarkeun dua ramo Anjeun pikeun zum gede, atawa ciwit dua ramo Anjeun babarengan pikeun zum leutik.


Pikeun lalajo pintonan slaid poto Anjeun

- 1 Sawaktos Anjeun keur nempo hiji poto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok , teras ketok **Pintonan slaid** pikeun mimiti muterkeun sadaya poto di albeum.
- 2 Ketok hiji poto pikeun ngeureunkeun pintonan slaid.

Pikeun muter hiji video

- 1 Dina Albeum, panggihan tur ketok video nu hayang diputer.
- 2 Ketok .
- 3 Upami taya kadali puter balik nu ditembongkeun, ketok layar pikeun mintonkeunana. Pikeun nyumputkeun kadali, ketok layar deui.

Pikeun ngarereuh hiji video

- 1 Mun hiji video nuju diputer, ketok layar kanggo mintonkeun kadali.
- 2 Ketok .

Pikeun ngamajukeun gancang sareng ngamundurkeun hiji video

- 1 Mun hiji video nuju diputer, ketok layar kanggo mintonkeun kadali.
- 2 Sered pananda wagel video nu keur diputer ka kenca pikeun ngamundurkeun, atawa ka katuhu kanggo ngamajukeun gancang.

Nyetél volumeu hiji video


- Pencét konci volumeu.

Babagi jeung ngatur poto sareng video


Anjeun bisa ngabagikeun poto jeung video nu disimpen dina alat Anjeun. Anjeun oge tiasa ngatur poto jeung video dina rupa-rupa cara. Contona, anjeun tiasa ngatur poto dina grup, mupus poto jeung ngaitkeun poto ka kontak. Lamun Anjeun gaduh seueur poto nu disimpen dina alat Anjeun, alus pisan lamun rutin ditransperkeun kana komputer atawa kana alat panyimpenan eksternal supados nyegah kaleungitan data nu teu disangka-sangka. Ku cara kitu oge bakal mere rohangan kosong dina alat Anjeun. Tingali *Ngatur payil nganggo komputer* di kaca 38.

- ! Bisa jadi Anjeun teu tiasa niron, ngirim atawa ntransfer item nu ditangtayungan ku hak cipta. Oge, sababaraha item bisa jadi teu dikirim upami ukuran payil gede teuing.


Babagi poto atawa video

- 1 Di Albeum, panggihan poto atawa video nu hayang dibagijeu ku anjeun.
- 2 Ketok layar nu bade dipintonkeun di tulbar, teras ketok .
- 3 Ketok aplikasi nu hayang dipake babagi poto, teras turutan langkah pikeun ngirim.


Pikeun nganggo poto jadi gambar kontak

- 1 Sawaktos Anjeun nempo poto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok  > **Pake jadi** > **Gambar kontak**.
- 2 Pilih kontak, teras edit poto nu dipikahoyong,
- 3 Ketok **Simpen**.


Make poto jadi wallpaper

- 1 Sawaktos anjeun nempo poto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok  > **Pake jadi** > **Wallpaper**.
- 2 Turutan pitunjuk di layar.


Pikeun muterkeun poto

- 1 Sawaktos anjeun keur nempo hiji poto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok .
- 2 Ketok **Puter**, teras pilih hiji pilihan. Poto eta disimpen dina orientasi nu anyar.

Mupus poto atawa video

- 1 Sawaktos Anjeun keur nempo hiji poto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok .
- 2 Ketok **Pupus**.



Pikeun ngagawean bets poto atawa video di Albeum

- 1 Lamun nempo gambar leutik poto atawa video dina Albeum, toel jeung tahan hiji item nepi ka disorot.
- 2 Ketok item sejenna nu hayang digawean ku anjeun jang milihna. Lamun Anjeun hoyong milih kabeh item, ketok  terus ketok **Pilih kabeh**.
- 3 Pake alat dina tulbar pikeun ngagawean item nu tos Anjeun pilih.

Nganalisis poto jeung raray dina Albeum

Anjeun bisa nganalisis poto naon wae di alat anjeun anu aya raray manusana. Sanggeus diaktipkeun, fitur analisis poto tetep aktip, tur poto anyar dianalisis basa ditambahkeun. Sanggeun ngalakonan analisis, anjeun bisa ngelompokkeun sadaya poto jalmi nu sami dina hiji polder.


Cara ngaktipkeun fitur analisis poto

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok **Albeum**.
- 3 Ketok , terus ketok **Rupa**. Sadaya poto dina alat anjeun dianalisis jeung dikelompokkeun di polder raray Tanpa Ngaran.

Masih ngaran raray

- 1 Di tehel **Rupa**, ketok polder **Rupa nu teu dingaranan**, teras kotektak ka polder **Raray sejen** tur pilih raray nu hayang dipasih ngaran ku anjeun.
- 2 Ketok **Tambah ngaran**.
- 3 Ketik ngaran, teras ketok **Rengse > Tambah jelema anyar**.


Ngedit ngaran raray

- 1 Basa anjeun nempo raray dina tempoan layar pinuh, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok  > **Edit tag ngaran**.
- 2 Ketok **OKE**.
- 3 Toel ngaran raray nu hayang diedit ku anjeun.
- 4 Edit ngaran, teras ketok **Rengse > Tambah jelema anyar**.




Ngedit poto make aplikasi editor Poto

Anjeun tiasa ngedit jeung nerapkeun epek ka poto asli nu dicandak ku anjeun make kamera. Contona, anjeun tiasa ngarobah epek cahya. Sanggeus nyimpen poto nu diedit, versi asli poto nu teu dirobah tetap aya dina alat anjeun.




Ngedit poto

- Sawaktos Anjeun keur nempo hiji poto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok .



Motong poto

- 1 Sawaktos anjeun keur nempo hiji poto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok .
- 2 Upami ditaros, pilih **Editor poto**.
- 3 Ketok  > **Potong**.
- 4 Ketok **Potong** pikeun milih pilihan.
- 5 Pikeun nyaluyukeun pigura pamotongan, toel jeung tahan ujung pigura pamotongan. Sawaktos lingkaran nu aya di gigir teu nembongan deui, sered ka jero atawa ka luar pikeun ngatur ukuran pigura.
- 6 Pikeun ngatur ukuran sakabeh sisi pigura pamotongan dina waktu nu sami, toél jeung tahan salah sahiji ti kaopat sudut. Basa lingkaran di gigir leungit, sered sudut eta.
- 7 Pikeun mindahkeun pigura pamotongan ka widang nu lian dina poto, toel jeung tahan bagean lebet pigura, teras sered ka posisi nu dipikahoyong.
- 8 Ketok .
- 9 Pikeun nyimpen hiji tironan poto nu tos Anjeun potong, ketok **Simpen**.



Cara nerapkeun épék husus ka poto

- 1 Sawaktos Anjeun keur nempo hiji poto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok .
- 2 Upami ditaroskeun, pilih **Editor poto**.
- 3 Ketok ,  atawa , teras pilih hiji pilihan.
- 4 Édit poto sakahayang, teras ketok **Simpen**.



Pikeun pigura ka poto

- 1 Sawaktos Anjeun keur nempo hiji poto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok .
- 2 Upami ditaroskeun, pilih **Editor poto**.
- 3 Ketok , teras pilih hiji pilihan.
- 4 Pikeun nyimpen tironan poto nu tos diédit, ketok **Simpen**.

Ngaluyukeun setélan cahaya poto

- 1 Sawaktos Anjeun keur nempo hiji poto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok .
- 2 Upami ditaroskeun, pilih **Editor poto**.
- 3 Ketok , terus pilih hiji pilihan tur édit sakahayangna.
- 4 Pikeun nyimpen tironan poto nu tos diédit, ketok **Simpen**.


Nyetél tingkat saturasi kelir di poto

- 1 Sawaktos Anjeun keur nempo hiji poto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar, teras ketok .
- 2 Upami ditaroskeun, pilih **Editor poto**.
- 3 Ketok , teras pilih hiji pilihan.
- 4 Pikeun nyimpen tironan poto nu tos diédit, ketok **Simpen**.


Ngedit video make aplikasi Movie Creator

Anjeun tiasa ngedit video nu tos ku anjeun rekam nganggo kamera. Contona, anjeun tiasa motong panjang waktos video atawa ngaluyukeun gancang na video. Saentos anjeung nyimpen video nu tos diedit, video persi orisinil nu can dirobah bakal tetep aya dina alat anjeun.


Pikeun motong video

- 1 Dina Albeum, panggihan tur ketok video nu hayang edit.
- 2 Ketok layar nu bade dipintonkeun di tulbar, teras ketok  > **Potong**.
- 3 Pikeun midanhkeun pigura pamotongan ka widang nu lian dina timeline, toel jeung tahan tungtung pigura nu dipotong terus sered kana posisi nu dipikahoyong, terus ketok **Terapkeun**.
- 4 Jang nyimpen video nu tos dipotong, ketok **Simpen**.

Pikeun nyetel kagancangan video

- 1 Dina Albeum, panggihan tur ketok video nu hayang diputer.
- 2 Ketok layar nu bade dipintonkeun di tulbar, teras ketok .
- 3 Upami ditaroskeun, pilih **Editor video** teras pilih **Gancang**.
- 4 Pilih hiji pilihan, terus toel jeung tahan tungtung baris waktu terus sered kana posisi nu dipikahoyong terus ketok **Terapkeun**.
- 5 Jang nyimpen video nu tos diedit, ketok **Simpen**.

Cara nyandak poto ti video

- 1 Dina Albeum, panggihan tur ketok video nu hayang diputer.
- 2 Ketok layar nu bade dipintonkeun di tulbar, teras ketok .
- 3 Upami ditaroskeun, pilih **Editor video** teras pilih **Néwak poto**.
- 4 Make pitulung tanda panah, atawa ku nyered pananda dina bar kamajuan, pilih pigura nu dipikahayang nu abde dicandak, terus ketok **Simpen**.

Nyumputkeun poto sareng video

Anjeun bisa nyumputkeun poto jeung video nu mana wae tina layar utama Albeum. Upami poto jeung video tos disumputkeun tina layar utama Albeum, poto jeung video eta ngan tiasa ditingali tina polder Sumput.

Pikeun nyumputkeun poto atawa video

- 1 Dina albeum, panggihan tur ketok poto jeung video nu ku Anjeun hayang disumputkeun.
- 2 Ketok layar nu bade dipintonkeun di tulbar, teras ketok ☰.
- 3 Ketok **Sumput** > **OKE**.

Pikeun nempo poto sareng video Anjeun nu disumputkeun


- 1 Dina Albeum, ketok ☰, terus ketok **Sumputkeun**.
- 2 Ketok hiji poto atawa video pikeun nempokeunana.
- 3 Sintreuk kenca pikeun nempo poto atawa video salajengna. Sintreuk ka katuhu pikeun nempo video atawa poto nu samemehna.

Cara bolay nyumputkeun poto atawa video

- 1 Dina Albeum, ketok ☰, terus ketok **Sumputkeun**.
- 2 Ketok poto atawa video nu Anjeun hoyong bolay nyumputkeun.
- 3 Ketok layar nu bade dipintonkeun di tulbar, teras ketok ☰.
- 4 Ketok **Ulah sumputkeun**.

Menu layar utama albeum

Tina menu layar utama Albeum Anjeun tiasa ngotektak albeum poto, kaasup albeum poto jeung video nu dicandak make epek husus, jeung eusi nu ku tos Anjeun bagikeun sacara online liwat ladenan sapertos Picasa™, jeung Facebook. Saatos Anjeun asup ka platform eta, Anjeun tiasa ngatur eusi sareng nempo gambar sacara online. Tina aplikasi Albeum, Anjeun bisa oge nambahkeun geotag kana poto, migawe tugas ngedit dasar kana poto, jeung ngagunakan cara saperti teknologi nirkabel Bluetooth® sareng surelek pikeun ngabagikeun eusi.



1 Mulang ka layar utama aplikasi Albeum pikeun nempo sadaya eusi

2 Tempo poto sareng video paporit Anjeun

3 Tempo sadaya video nu disimpen dina alat Anjeun

4 Tempo poto Anjeun dina peta atawa dina panempoan Globe

5 Tempo sadaya poto sareng video nu dicandak make kamera alat Anjeun make efek husus

6 Tempo sadaya poto sareng video nu disimpen dina alat anjeun tur dina polder nu beda.

7 Tempo sadaya poto nu aya gambar beungeut

8 Tempo poto sareng video di na alat sejen di jaringan nu sami

9 Buka menu setelan kanggo aplikasi Albeum

10 Buka rojongan web

Cara nempo foto ti ladan online di Albeum

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok 🌐.
- 2 Teang jeung ketok **Albeum**, teras ketok ☰.
- 3 Ketok ladan online nu dipikahayang, terus turutan pituduh na layar jang ngamimitianna. Sadaya albeum online nu sadia nu ku Anjeun geus diundeur dipintokeun.
- 4 Ketok albeum nu mana wae pikeun nempo eusina, teras ketok hiji foto dina Albeum eta.
- 5 Sintreuk kenca pikeun nempo foto atawa video salajengna. Sintreuk ka katuhu pikeun nempo video atawa foto nu samemehna.

Nempokeun foto Anjeun dina peta

Nambahkeun inpormasi lokasi oge disebut nyieun geotag. Anjeun tiasa nempo foto anjeun dina peta tur mintonkeun ka rancangan sareng kulawarga tempat anjeun basa nyandak foto. Tempo *Nambahkeun posisi geografis ka foto Anjeun* dina kaca 102 pikeun inpormasi salengkepna.

- 💡 Upami anjeun geus ngaktipkeun deteksi lokasi jeung ngaktipkeun geotag dina kamera, anjeun tiasa nandaan foto langsung jang tempoan peta engke deui.



- 1 Tempo foto nu geus di-geotag dina panempoan Globe
- 2 Pilari lokasi dina peta
- 3 Nempo pilihan menu
- 4 Ketok dua kali jang zum kalebet. Ciwit jang zum kaluar. Sered jang ningali bagian peta nu lian
- 5 Grup foto jeung/atawa video nu digeotag dina tempat nu sarua
- 6 Gambar leutik tina grup foto jeung/atawa video nu dipilih. Ketok hiji item pikeun nempokeunana dina salayar

- 💡 Upami sababaraha foto nu dicandak di lokasi nu sami, ngan salah sahiji ti foto eta nu nembongan di peta. Jumlah foto total nu nembongan di juru katuhu luhur, contona, 📍. Pikeun nempo sadaya foto dina grup, ketok foto hareup teras ketok salah sahiji gambar leutik nu aya di bagian handap layar eta.

Cara nambah atawa ngedit geotag foto

- 1 Sawaktos Anjeun keur nempo hiji foto, ketok layar pikeun mintonkeun tulbar.
- 2 Ketok 📍, terus ketok **Tambahkeun geotag** atawa **Edit geotag** jang muka layar peta.
- 3 Ketok dina peta jang nyetel lokasi foto.
- 4 Jang ngareset lokasi foto, ketok lokasi anyar dina peta.
- 5 Sawaktos Anjeun rengse, ketok **OKE**.

Cara nempo poto nu digeotag dina peta

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok ☰.
- 2 Panggihan terus ketok **Albeum**.
- 3 Ketok ☰, terus ketok **Tempat**.
- 4 Ketok poto nu ku ANjeun hoyong ditingali di peta.

Cara nempo poto nu di-geotag dina bola dunya

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok ☰.
- 2 Panggihan terus ketok **Albeum**.
- 3 Ketok ☰, terus ketok **Tempat** > 🌐.
- 4 Ketok poto nu ku ANjeun hoyong ditingali di globe.

Ngarobah geotag poto

- 1 Sawaktos nempo poto dina peta di Albeum, toel jeung tahan poto eta nepi ka pigurana robah jadi warna bulao, teras ketok kolasi nu dipikayang dina peta.
- 2 Ketok **OKE**.

Cara ngarobah tempoan peta


- Sawaktos nempo peta dina Albeum, ketok ☰; teras pindah antawis **Tempoan klasik** jeung **Tempoan satelit**.

Video

Lalajo video dina aplikasi Video

Pake aplikasi Video jang mutar pilem tur eusi video nu sejen nu geus disimpen atawa diundeur ka na alat Anjeun. Aplikasi Video oge mantuan anjeun meunangkeun seni poster, ringkasan carita, inpo genre sareng wincikan sutradara unggal pilem. Anjeun oge bisa muter pilem dina alat nu sejen nu disambungkeun ka jaringan nu sami.





- ! Sababaraha fayil video bisa jadi teu bisa diputer di aplikasi Video.




- 1 Ketok ikon pikeun muka menu layar utama Video
- 2 Pintonkeun video nu nembe diputer
- 3 Sered bagean gigir kenca layar ka katuhu pikeun ngotektak sadaya video nu diundeur tur disimpen
- 4 Tempo sadaya video nu disimpen ka alat Anjeun
- 5 Tempo video online
- 6 Ketok pikeun muterkeun payil video nu disimpen atawa diundeur
- 7 Tempo pilihan menu video
- 8 Gulung ka luhur atawa ka handap pikeun nempo eusi

- ! Sony Entertainment Network sareng Video PS teu sadia di sadaya pasar. Manglaku persaratan jeung katangtuan tambahan.



Cara muter hiji video

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok **Video**.
- 2 Teangan terus ketok video nu ku Anjeun hayang diputer. Lamun video teu dipintonkeun dina layar, ketok  jang muka menu layar utama teras panggihan tur ketok video nu hayang diputer.
- 3 Pikeun nembongkeun atawa nyumputkeun kadali, ketok layar eta.
- 4 Pikeun ngareureuhkeun puteran, ketok . Pikeun hanca muter, ketok .
- 5 Pikeun muter ulang, sered pananda bar kamajuan ka kenca. Pikeun gancang teraskeun, sered pananda bar kamajuan ka katuhu.


Muter video di alat eksternal

- 1 Waktu video nuju diputer, ketok layar kanggo mintonkeun sadaya kadali.
- 2 Ketok  > **Throw**.
- 3 Pilih alat eksternal nu rek dipake muter video eta. Lamun teu aya alat eksternal nu sadia, turutan pitunjuk di layar pikeun nambahkeun.


Cara ngarobah setelan

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok  , terus téangan jeung ketok **Video**.
- 2 Ketok  buka menu layar utama, teras ketok **Setelan**.
- 3 Robah setelan sasuai ka nu dipikahoyong.

Pikeun ngarobah setelan sora basa video keur diputer

- 1 Basa hiji video nuju diputer, ketok layar kanggo mintonkeun kadali.
- 2 Ketok  > **Setelan sora**, teras robah setelan nu dipikahoyong.
- 3 Sawaktos rengse, ketok **OKE**.

Pikeun ngabagikeun hiji video

- 1 Sawaktos hiji video keur diputerkeun, ketok  , teras ketok **Bagikeun**.
- 2 Ketok aplikasi nu Anjeun hoyong pake pikeun ngabagikeun video nu dipilih, teras turutan langkah nu cocog pikeun ngirimkeunana.


Nransperkeun eusi video ka alat Anjeun

Saengan Anjeun ngagunakeun aplikasi Video, leuwih alus lamun nransper pilem, acara TV, jeung eusi video sejen ka alat Anjeun ti alat sejen na, sapertos komputer. Anjeun bisa nransper eusi make metodeu di handap:



Sambungkeun alat jeung komputer ngagunakeun kabel USB jeung sered leupas fayil video langsung ngagunakeun aplikasi pangatur fayil di komputer. Tingali *Ngatur payil nganggo komputer* di kaca 38.

Ngatur eusi video

Pikeun meunangkeun inpo pilem sacara manual

- 1 Pastikeun yen alat Anjeun gaduh sambungan data aktip.
- 2 Basa video nuju diputer, ketok layar kanggo mintonkeun kadali.
- 3 Ketok  > **Inpo**.


Cara mupus video

- 1 Tina Layar utama Anjeun, ketok  , terus panggihan jeung ketok **Video**.
- 2 Ketok  jang muka menu layar utama Video, teras kotektak payil video nu ku Anjeun hoyong dipupus.
- 3 Toel jeung tahan gambar leutik video eta, teras ketok **Pupus** ti daftar nu nembongan.
- 4 Ketok **Pupus** deui pikeun ngonpirmasi.



Movie Creator

Xperia™ Movie Creator otomatis nyieun video pondok nganggo foto sareng video nu aya. Aplikasi otomatis nangtukeun garis waktu jang nyieun pilemna. Contona, aplikasi eta bisa wae milih sababaraha poto jeung video nu dicokot basa keur ulin poe Sabtu sore atawa mingguan, sasihan, bahkan periodeu tahunan, jeung nyieun pilem pikeun anjeun. Lamun pilem gaya sorot na geus siap, Anjeun bakal dibejaan. Anjeun bisa ngedit sakahayangna. Contona, Anjeun bisa ngedit judul, mupus adegan, ngaganti musik atawa nambahkeun poto jeung video. Anjeun bisa nyieun Pilem Sorotan ku milih poto sareng video sacara manual:


Cara muka Movie Creator

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok **Movie Creator**.



Cara ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun Movie Creator

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok **Movie Creator**.
- 3 Ketok , teras ketok **Setelan**, sareng ketok geseran **Bewara** pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun bewara.

Cara ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun nyieun otomatis Pilem Sorotan

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok **Movie Creator**.
- 3 Ketok , teras ketok **Setelan**, sareng ketok geseran **Otomatis didamel** pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun pungsi.

Cara nyieun pilem utama sacara manual

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok **Movie Creator**.
- 3 Ketok  > **Jieun anyar** > **Pilih poto jng/atawa video**.
- 4 Toel jeung tahan item pikeun dipilih, teras ketok item sejen nu Anjeun hoyong tambahkeun pikeun dipilih.
- 5 Ketok **Jieun**. Upami Anjeun hoyong ngedit pilem nu disorot, ketok **Tempo carita**, teras pake alat dina tulbar pikeun ngedit sasuai kahoyong Anjeun.



Ladenan PS Video

Gunakeun ladenan PS Video pikeun meuli jeung nyewa pilem atawa acara TV nu bisa ditempo sanes di alat Android™ Anjeun wungkul, tapi oge di PC, PlayStation® Portable (PSP®), PlayStation® 3, PlayStation® 4 atawa PlayStation® Vita. Pilih pilihan Anjeun tina kaluaran Hollywood nu panganyarna, pilem eksyen, komedi, klasik, sareng seueur deui kategori sejenna.

Anjeun kudu nyieun akun Sony Entertainment Network upami Anjeun hoyong meuli atawa nyewa pilem tina ladenan PS Video. Upami anjeun geus gaduh akun jaringan PlayStation®, mangka anjeun bisa make akun eta.

- ! Upami Anjeun make alat nu bisa dipake ku sababaraha pamake, Anjeun kudu asup jadi nu gaduh alat, nyaeta, pamake utama, pikeun make ladenan PS Video.
- ! Sony Entertainment Network jeung PS Video teu sadia di unggal pasar. Sarat jeung katangtuan tambahan lumaku.

Pikeun ngamimitian make PS Video

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Pilari teras ketok , terus turutan parentah dina-layar jang ngamimitian make PS Video.


Konektipitas

Ngeunteung layar alat anjeun teu nganggo kabel kana TV

Anjeun tiasa nganggo fitur Pangeunteungan layar jang nembongkeun layar alat Anjeun di TV atawa pintonan lega sejenna tanpa make sambungan kabel. Teknologi Wi-Fi Direct® ngadamel sambungan nirkabel antara dua alat, jadi Anjeun bisa diuk jeung nempo poto paporit Anjeun tina tempat diuk Anjeun nu empuk. Anjeun tiasa oge make fitur ieu pikeun ngadengekeun musik ti alat Anjeun make speaker TV.

- ! Basa make Pangeunteungan layar, kualitas gambar kadang-kadang tiasa kapangaruhan negatip upami aya gangguan ti jaringan Wi-Fi sejen.

Cara nyieun pangeunteungan layar alat Anjeun dina layar TV

- 1 **TV:** Turutan parentah dina Buku pituduh TV Anjeun pikeun ngahurungkeun pungsi Pangeunteungan layar.
 - 2 **Alat Anjeun:** Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Sambungan alat > Pangeunteungan layar.**
 - 4 Ketok **Mimiti.**
 - 5 Ketok **OK** terus pilih alat.
- ! TV Anjeun kudu ngarojong pungsi pangeunteungan layar dumasar ka Wi-Fi CERTIFIED Miracast™ supados fungsionalitas bisa jalan. Upami TV Anjeun teu ngarojong pangeunteungan layar, Anjeun bisa wae kudu meuli adaptor layar nirkabel sacara papisah. Oge, lamun make Pangeunteungan layar, ulah nutupan wewengkon anteneu Wi-Fi alat anjeun.

Pikeun ngeureunkeun pangeunteungan layar di antara alat

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sambungan alat > Pangeunteungan layar.**
- 3 Ketok **Pegat smbngn**, teras ketok **OK.**

Babagi eusi sareng alat DLNA Certified™




Anjeun tiasa nempo atawa muterkeun eusi media nu disimpen ka alat Anjeun di alat sejenna sapertos, contona, TV, atawa komputer. Alat sapertos ieu kudu gaduh DLNA Certified™ ku Digital Living Network Alliance tur sadaya alat kudu disambungkeun ka jaringan Wi-Fi nu sami sareng alat Anjeun supados eusi tiasa dibagikeun. Anjeun tiasa nempo atawa muterkeun eusi ti alat DLNA Certified™ dina alat Anjeun.

Saatos Anjeun nyetel babagi eusi di antara alat eta, Anjeun tiasa, contona, ngadangukeun payil musik nu disimpen di komputer imah tina alat Anjeun, atawa nempo poto nu dicandak ku kamera alat Anjeun dina TV layar gede.



Puter payil ti alat DLNA Certified™ sejenna dina alat Anjeun

Basa Anjeun muterkeun payil ti alat DLNA Certified™ sejenna dina alat Anjeun, alat sejen ieu berpungsi jadi pangladen. Dina basana mah, alat ieu babagi eusi liwat hiji jaringan. Alat pangladen kudu diaktipkeun pungsi babagi eusina tur mere pangidinan wasa ka alat Anjeun. Alat eta oge kudu disambungkeun ka jaringan Wi-Fi nu sami sareng alat Anjeun.



Cara make alat Anjeun pikeun muter trek musik nu disimpen dina alat sejen

- 1 Pastikeun yen alat nu ku anjeun hoyong silih bagikeun payilna disambungkeun ka jaringan Wi-Fi nu sami sareng alat anjeun.
- 2 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok .
- 3 Ketok , terus ketok **Jaringan asal.**
- 4 Pilih hiji alat tina daptar alat nu disambungkeun.
- 5 Kotektak polder alat nu disambungkeun tur pilih trek nu Anjeun hoyong puterkeun. Basa tos dipilih, trek mimiti muter sacara otomatis.

Cara muter vidéo nu dibagikeun dina alat anjeun

- 1 Pastikeun alat nu ku anjeun hoyong silih bagikeun payilna disambungkeun ka jaringan Wi-Fi nu sami sareng alat anjeun.
- 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok **Video**.
- 3 Ketok , terus ketok **Jaringan asal**.
- 4 Pilih hiji alat tina daptar alat nu disambungkeun.
- 5 Kotéktak polder alat nu disambungkeun tur pilih vidéo nu ku anjeun hoyong diputerkeun.


Cara nempo poto nu dibagikeun dina alat Anjeun

- 1 Pastikeun alat nu ku anjeun hoyong silih bagikeun payilna disambungkeun ka jaringan Wi-Fi nu sami sareng alat anjeun.
- 2 Tina Layar Utama anjeun, ketok , terus téangan jeung ketok **Albeum**.
- 3 Ketok , terus ketok **Jaringan asal**.
- 4 Pilih hiji alat tina daptar alat nu disambungkeun.
- 5 Kotéktak polder alat nu disambungkeun tur pilih hiji poto pikeun nempokeunana.

Muterkeun payil ti alat Anjeun dina alat DLNA Certified™

Samemeh Anjeun tiasa nempo atawa muterkeun payil media ti alat Anjeun dina alat DLNA Certified™ sejenna, Anjeun kudu nyetel babagi payil dina alat Anjeun. Alat nu bade Anjeun bagikeun eusi disebutna alat klien. Contona, TV, komputer atawa tablet tiasa berpungsi jadi alat klien. Alat Anjeun berpungsi jadi pangladen media waktos keur nyadiakeun eusi kanggo alat klien. Waktos Anjeun nyetel babagi payil dina alat Anjeun, Anjeun kudu mere pangidinan akses ka alat klien. Saatos Anjeun ngalakukeun ieu, alat eta nembongan jadi alat nu didaptarkeun. Alat nu keur ngadagoan pangidinan akses didaptarkeun jadi alat nu pending.

Cara nyetel babagi payil jeung alat DLNA Certified™ nu sejen

- 1 Sambungkeun alat Anjeun ka jaringan Wi-Fi.
- 2 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus panggihan tur ketok **Setelan > Sambungan alat > Pangladen media**.
- 3 Sered **Bagikeun media** panggeser ka katuhu.
- 4 Pake komputer Anjeun atawa alat klien DLNA™ nu sejen eta ka jaringan Wi-Fi network nu sami sareng alat Anjeun.
- 5 Hiji bewara nembongan dina bar status alat Anjeun. Buka bewara tur setel idin akses kanggo unggal alat klien nu tarekah pikeun nyambung ka alat Anjeun.


! Langkah-langkah pikeun ngakses media dina alat Anjeun make klien DLNA™ beda kanggo unggal alat. Tingal ka Buku pituduh alat klien Anjeun kanggo inpo nu lain. Upami alat Anjeun teu bisa diakses ka klien dina jaringan, pariksa upami jaringan Wi-Fi Anjeun berpungsi.

💡 Anjeun oge tiasa ngakses menu **Pangladen media** di aplikasi husus sapertos Musik, atawa Video ku cara ngetok , jeung ngetok **Setelan > Pangladen media**.


Pikeun ngeureunkeun babagi payil ka alat DLNA Certified™ nu sejen

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sambungan alat > Pangladen media**.
- 3 Sered geseran di sisi **Bagikeun media** ka kenca.


Pikeun nyetel idin akses kanggo alat nu pending

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sambungan alat > Pangladen media**.
- 3 Pilih hiji alat tina daptar **Alat nu keur ditanggungkeun**.
- 4 Pilih tingkatan idin akses.

Pikeun ngarobah nami alat nu didaptarkeun

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sambungan alat > Panglادن media.**
- 3 Pilih alat tina daptar **Alat nu geus didaptarkeun**, teras pilih **Robah ngaran.**
- 4 Tulis hiji ngaran anyar kanggo alat eta, teras ketok **OK.**

Pikeun ngarobah tingkat akses ti alat nu kadaptar

- 1 Tina Layar Utama, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sambungan alat > Panglادن media.**
- 3 Pilih hiji alat tina daptar **Alat nu geus didaptarkeun.**
- 4 Ketok **Robah tingkat akses** tur pilih hiji pilihan.

Cara meunangkeun pitulung tentang babagi eusi sareng alat DLNA Certified™ nu sejen


- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sambungan alat > Panglادن media.**
- 3 Ketok , terus ketok **Pitulung.**

Nyambungkeun alat Anjeun ka aksesoris USB


Anjeun tiasa make adaptor Host USB pikeun nyambungkeun alat Anjeun ka aksesoris USB sapertos alat panyimpenan massal sareng mouse USB. Upami alat USB gaduh konektor micro USB, adaptor Host USB heunteu diperlukan.

- ! Alat ieu gaduh port USB nu teu aya tutupna. Upami alat Anjeun keuna cai, pastikeun port USB eta geus garing pisan samemeh nyelapkeun kabel USB.
- ! Adaptor Host USB dijual papisah. Sony heunteu ngajamin yen sadaya aksesoris USB bakal dirojong ku alat Anjeun.

Pikeun nyambungkeun aksesoris USB nganggo adaptor host USB

- 1 Asupkeun adaptor Host USB ka alat Anjeun, teras sambungkeun adaptor eta ka aksesoris USB.
 - 2 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Sambungan alat > Sambungan USB > Deteksi alat USB.**
- ! Langkah atawa software tambahan tiasa diperlukeun pikeun nyetel kontroler kaulinan, audio USB, sareng aksesoris Ethernet USB. Sony heunteu ngajamin yen sadaya aksesoris USB bakal dirojong ku alat Anjeun.

Pikeun ngakses eusi dina alat panyimpenan massal USB make adaptor Host USB

- 1 Asupkeun adaptor Host USB ka alat Anjeun, teras sambungkeun adaptor eta ka alat panyimpenan massal USB.
 - 2 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
 - 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Sambungan alat > Sambungan USB > Deteksi alat USB.**
 - 4 Pikeun ngakses payil sareng polder dina alat panyimpenan USB, pake aplikasi pangatur payil sapertos File Commander.
- 💡 Anjeun tiasa oge muka aplikasi media nu sasuai dina alat Anjeun pikeun nempo eusi eta sacara langsung. Contona, Anjeun tiasa muka aplikasi Albeum pikeun nempo foto nu disimpen dina alat panyimpenan massal USB.

Cara nyetel alat Anjeun pikeun ngadeteksi alat USB

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Sambungan alat > Sambungan USB > Deteksi alat USB.**

NFC

Pake Near Field Communication (NFC-Komunikasi Widang Caket) pikeun ngabagi data sareng alat nu sejen, kawas video, foto, alamat kaca web, payil musik atawa kontak. Anjeun oge tiasa make NFC pikeun nyeken tag nu mere inpo nu langkung lengkep ngeunaan produk atawa laden jeung tag nu ngaktipkeun fungsi nu tangtu dina alat anjeun.


NFC teh mangrupikeun teknologi nirkabel nu jarak maksimumna hiji centimeter, jadi alat nu babagi data kudu pacaket-caket. Samemeh make NFC, aktipkeun heula fungsi NFC, tur layar alat anjeun kudu aktip.

Wewengkon deteksi NFC aya di bagean tukang alat. Cekel alat Anjeun silih deukeut ka alat sejen atawa pamaca NFC jadi wewengkon deteksi NFC silih noel.





- ! NFC bisa jadi teu sadia di sadaya nagara atawa kawasan. Make aplikasi nu tangtu, sababaraha fungsi NFC tiasa diaktipkeun sanaos alat dipareuman. Perlu dicatet yen teu sadaya alat ngarojong fitur ieu.




Pikeun ngahurungkeun fungsi NFC

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Teangan terus ketok **Setelan** > **Deui**.
- 3 Ketok saklar on-off di gigireun **NFC**.


Cara ngabagikeun kontak ka alat sejen nganggo NFC

- 1 Pastikeun yen kadua alat eta gaduh fungsi NFC nu diaktipkeun, tur kadua layarna aktif.
- 2 Jang ningali kontak, buka Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok .
- 3 Ketok kontak anu Anjeun hoyong bagikeun.
- 4 Tahan alat Anjeun jeung alat nu narimanasilih deukeut jadi wewengkon deteksi NFC di unggal alat noel. Waktos alat nyambung, gambar leutik kontak bakal nembongan.
- 5 Ketok gambar leutik eta pikeun mimitian nransper.
- 6 Waktos transper rengse, inpormasi kontak disimpen dina alat nu narima jeung dipintonkeun dina layar.



Cara ngabagikeun payil musik jeung alat sejen make NFC

- 1 Pastikeun yen alat Anjeun jeung alat nu narima geus ngaktipkeun pungsi NFC, sareng yen layar duanana aktip.
- 2 Pikeun muka aplikasi Musik, ketok , teras panggihan jeung ketok .
- 3 Pilih kategori musik tur kotektak ka lagu nu Anjeun hayang bagikeun.
- 4 Ketok lagu pikeun muterkeunana. Anjeun tiasa ngetok  pikeun ngareureuhkeun lagu. Transper tetep jalan sanajan lagu diputer atawa direureuhkeun.
- 5 Tahan alat Anjeun jeung alat nu narimanasilih deukeut jadi wewengkon deteksi NFC di unggal alat noel. Waktos alat nyambung, gambar leutik lagu bakal nembongan.
- 6 Ketok gambar leutik eta pikeun mimitian nransper.
- 7 Waktos transper rengse, payil musik disimpen dina alat nu narima jeung dipintonkeun dina layar.

Cara ngabagikeun poto atawa video ka alat sejen nganggo NFC

- 1 Pastikeun yen kadua alat eta gaduh pungsi NFC nu diaktipkeun, tur kadua layarna aktif.
- 2 Pikeun nempo poto sareng video dina alat Anjeun, buka Layar Utama Anjeun, ketok , teras panggihan tur ketok **Albeum**.
- 3 Ketok poto atawa video nu Anjeun hoyong bagikeun.
- 4 Tahan alat Anjeun jeung alat nu narimanasilih deukeut jadi wewengkon deteksi NFC di unggal alat noel. Upami alat nyambung, gambar leutik poto atawa video nembongan.
- 5 Ketok gambar leutik eta pikeun mimitian nransper.
- 6 Waktos transper rengse, poto atawa video disimpen dina alat nu narima jeung dipintonkeun dina layar.

Cara ngabagikeun alamat web ka alat sejen nganggo NFC

- 1 Pastikeun yen kadua alat eta gaduh pungsi NFC nu diaktipkeun, tur kadua layarna aktif.
- 2 Ti Layar Utama, ketok .
- 3 Pikeun muka pangotektak web, panggihan tur ketok .
- 4 Muat kaca web nu Anjeun hoyong bagikeun.
- 5 Tahan alat Anjeun jeung alat nu narimanasilih deukeut jadi wewengkon deteksi NFC di unggal alat noel. Waktos alat nyambung, gambar leutik kaca web bakal nembongan.
- 6 Ketok gambar leutik eta pikeun mimitian nransper.
- 7 Waktos transper rengse, kaca web eta dipintonkeun dina layar alat nu narima.

Nyeken tag NFC

Alat Anjeun tiasa nyeken sababaraha jenis tag NFC. Contona, alat eta bisa nyeken tag nu ditempelkeun ka poster, dina iklan billboard, atawa di sisi produk nu aya di toko ritel. Anjeun tiasa nampa inpo tambahan, contona alamat web.

Pikeun nyeken tag NFC

- 1 Pastikeun yen alat Anjeun gaduh pungsi NFC nu dihurungkeun tur nu layarna aktif.
- 2 Teundeun alat Anjeun di luhureun tag supados wewengkon deteksi NFC telepon tiasa noel tag eta. Alat Anjeun nyeken tag tur nampilkeun eusi nu dikumpulkeun. Ketok eusi tag pikeun mukakeunana.

Nyambungkeun alat nu cocog sareng NFC

Anjeun tiasa nyambungkeun alat Anjeun ka alat nu cocog sareng NFC sejenna nu dijieun ku Sony, sapertos speaker atawa headphone. Basa nyieun jinis sambungan ieu, tingal ka buku pituduh ti alat nu cocog eta kanggo inpo nu lain.

- ! Anjeun kudu gaduh Wi-Fi atawa Bluetooth® nu diaktipkeun dina kadua alat eta supados sambungan tiasa berpungsi.

Teknologi teu make kabel Bluetooth®

Pake pungsi Bluetooth® pikeun ngirim payil ka alat-alat sejen nu kompatibel ka Bluetooth®, atawa pikeun nyambung ka aksesoris handsfree. Sambungan Bluetooth® tiasa dianggo leuwih sae dina jarak 10 meter (33 suku), tur taya objek padet nu ngahalangan. Dina sababaraha kasus Anjeun kudu nyapasangkeun alat Anjeun sacara manual ka alat Bluetooth® sejen.

- ! Kamampuan interoperasi sareng kasaluyuan diantara alat-alat Bluetooth® bisa beda-beda.
- ! Upami Anjeun make alat nu bisa dipake ku sababaraha pamake, unggal pamake tiasa ngarobah setelan Bluetooth®, tur perobahan eta mangaruhan ka sadaya pamake.



Jang ngahurungkeun pungsi Bluetooth®

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Bluetooth**.
- 3 Ketok saklar on-off di gigireun **Bluetooth** pikeun ngaktipkeun pungsi Bluetooth®. Alat Anjeun ayeuna katingali kana alat nu deukeut jeung daptar alat Bluetooth® nu sadia nembongan.

Masih an ngaran alat anjeun

Anjeun tiasa masihan ngaran alat anjeun. Ngaran ieu dipintonkeun ka alat sejen sanggeus ngaktipkeun pungsi Bluetooth® tur alat anjeun disetel ka tiasa ditempo.

Masih an ngaran alat anjeun

- 1 Pastikeun pungsi Bluetooth® dihurungkeun.
- 2 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 3 Teangan terus ketok **Setelan > Bluetooth**.
- 4 Ketok  > **Ganti ngaran alat ieu**.
- 5 Tuliskeun ngaran jang alat Anjeun.
- 6 ketok **Ganti ngaran**.


Masangkeun jeung alat Bluetooth® nu sejen

Waktu masangkeun alat anjeun ka alat nu sejen, anjeun tiasa, contona, nyambungkeun alat anjeun ka headset Bluetooth® atawa kit mobil Bluetooth® tur make alat nu sejen tea pikeun babagi musik.


Sanggeus masangkeun alat anjeun jeung alat Bluetooth® nu sejen, alat anjeun nginget pamasangan ieu. waktu masangkeun alat jeung alat Bluetooth®, anjeun meureun perlu ngasupkeun kodeu akses. Alat anjeun bakal otomatis nyobaan kodeu akses umum 0000. lamun teu hasil, baca buku ngeunaan alat Bluetooth® anjeun pikeun manggihan kodeu akses alat. Anjeun teu perlu ngasupkeun deui kodeu akses pas engke deui nyambungkeun ka alat Bluetooth® nu geus dipasangkeun samemehna.

- ! Sababaraha alat Bluetooth®, contona, kalolobaan headset Bluetooth®, ngedahkeun anjeun masangkeun jeung nyambungkeun ka alat nu sejen.
- ! Anjeun tiasa masangkeun ke sababaraha alat Bluetooth®, tapi anjeun ngan bisa nyambungkeun ka hiji propil Bluetooth® dina hiji waktu.



Masangkeun alat anjeun jeung alat Bluetooth® nu sejen

- 1 Pastikeun alat nu hayang dipasangkeun ku anjeun nu gaduh fungsi Bluetooth® diaktipkeun tur tiasa katingal ku alat Bluetooth® nu sejen.
- 2 Ti Layar Utama alat anjeun, ketok .
- 3 Panggihan tur ketok **Setelan > Bluetooth**.
- 4 Sered geseran di sisi **Bluetooth** jang ngahurungkeun fungsi Bluetooth®. Daptar alat Bluetooth® nu sadia nembongan.
- 5 Ketok alat Bluetooth® nu hayang dipasangkeun ku Anjeun.
- 6 Tulis kodeu akses, upami diperlukeun, atawa konfirmasi kodeu akses nu sami kanggo kadua alat.

Nyambungkeun alat anjeun ka alat Bluetooth® nu sejen

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Bluetooth**.
- 3 Ketok alat Bluetooth® nu bakal disambungkeun.

Misahkeun alat Bluetooth® nu dipasangkeun


- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Teangan terus ketok **Setelan > Bluetooth**.
- 3 Di handap **Alat nu disapasangkeun**, ketok  di sabeulah alat nu rek dipegatkeun pasangana.
- 4 Ketok **Pupus**.

Ngirim jeung nampa item nganggo teknologi Bluetooth®

Pake teknologi Bluetooth® pikeun babagi item sareng alat sejenna nu cocog ka Bluetooth® sapertos telepon atawa komputer. Anjeun tiasa ngirim tur nampa jinis item di handap ieu:

- Poto jeung video
- Musik jeung payil audio sejenna
- Kaca web

Pikeun ngirim item make Bluetooth®

- 1 **Alat nu nampa:** Pastikeun fungsi Bluetooth® diaktipkeun jeung yen alat teh tiasa katingali ku alat Bluetooth® nu sejen.
- 2 **Alat nu ngirim:** Buka aplikasi nu ngamuat item nu hayang dikirim ku Anjeun, tur gulung ka item.
- 3 Gumantung ka aplikasi jeung item nu Anjeun hoyong kirim, Anjeun mungkin kudu, contona, noel jeung nahan item eta, muka item, tur mencet . Bisa jadi aya cara sejen pikeun ngirim item.
- 4 Pilih **Bluetooth**.
- 5 Aktipkeun Bluetooth®, upami Anjeun dipenta pikeun ngalakukeunana.
- 6 Ketok nami alat nu nampa.
- 7 **Alat nu nampa:** Upami dipenta, tampa sambungan.
- 8 **Alat nu ngirim:** Upami dipenta, konfirmasikeun transper eta ka alat nu nampa.
- 9 **Alat nu nampa:** Tampa item nu bade asup.

Nama item make Bluetooth®

- 1 Pastikeun pungsi Bluetooth® aktip jeung tiasa katingali ku alat Bluetooth® nu sejen.
- 2 Alat nu ngirim ayeuna mimitian ngirim data ka alat anjeun.
- 3 Upami dipenta, tuliskeun kode akses nu sami kanggo kadua alat, atawa kopirmasikeun kode akses nu disarankeun.
- 4 Waktu anjeun dibere beja ihwal payil nu bakal masuk ka alat anjeun, sered bar status ka handap jeung ketok bewara pikeun nampa payill nu keur ditransper.
- 5 Ketok **Tampa** pikeun ngamimitian transper payil.
- 6 Pikeun nempo kamajuan transper, sered bar status ka handap.
- 7 Pikeun muka item nu tos ditampa, sered bar status ka handap tur ketok bewara nu patali.

Nempo payil nu geus ditarima make Bluetooth®

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Bluetooth**.
- 3 Pencet  tur pilih **Tempokeun payil**.

Lalampahan jeung peta


Make laden lokasi

Laden lokasi ngidinan aplikasi sapertos Peta jeung kamera jang make inpo tina jaringan seluler atawa Wi-Fi sareng inpo Global Positioning System (GPS) jang nangtukeun perkiraan lokasi Anjeun. Lamun lokasi Anjeun teu katingali ku satelit GPS, alat Anjeun bisa nangtukeun lokasi Anjeun make pungsi Wi-Fi. Jeung lamun Anjeun taya dina wewengkon jaringan, alat Anjeun bisa nangtukeun lokasi make jaringan seluler.

Supados bisa make alat Anjeun pikeun manggihan lokasi Anjeun, Anjeun kudu ngaktipkeun laden lokasi.

- ! Anjeun bisa jadi kudu mayar bea koneksi data sawaktos Anjeun nyambung ke internet tina alat Anjeun.

Cara ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun laden lokasi.

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan** > **Lokasi**, terus ketok saklar hurung/pareum jang nganonaktipkeun laden lokasi.

Ningkatkeun katepatan GPS

Mimiti anjeun maké pungsi GPS dina alat anjeun, bisa jadi butuh sababaraha menit pikeun manggihan lokasi anjeun. Pikeun mantuan téangan, pastikeun anjeun gaduh langit nu bisa ditempo jernih. Tetep cicing tur ulah nutupan anténeu GPS (wewengkon nu diwarnaan dina gambar). Sinyal GPS bisa nembus awan jeung plastik, tapi teu bisa nembus ka objek padet saperti bangunan jeung gunung. Upami lokasi anjeun teu kapanggih saatos sababaraha menit, pindah ka lokasi nu séjénna.



Google Maps™ sareng napigasi

Pake Google Maps™ pikeun ngalacak lokasi anjeun ayeuna, tempo situasi patalimarga nu ayeuna sareng nampa pituduh arah nu lengkep ka tujuan anjeun.

Aplikasi Google Maps™ ngabutuhkeun koneksi internet lamun arek dipake online. Anjeun bisa jadi kudu mayar bea koneksi data sawaktos Anjeun nyambung ke internet tina alat Anjeun. Kanggo inpormasi anu leuwih lengkep ihwal cara make aplikasi ieu, buka <http://support.google.com> terus klik kakait “Peta jang seluler”.

- ! Aplikasi Google Maps™ bisa jadi henteu sadia di sadaya pasar, nagara atawa kawasan.

Cara maké Google Maps™

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Google** > **Peta**.

Make patalimarga data bari iinditan

Lamun Anjeun iinditan di luar jaringan seluler asal, Anjeun bisa jadi kudu ngakses internet make data seluler. Jadi, Anjeun kudu ngaktipkeun roaming data dina alat Anjeun. Anjeun bisa jadi kudu mayar beaya tambahan lamun Anjeun ngaktipkeun roaming data. Direkomendasikeun pikeun mariksa heula beaya transmisi data nu cocog.

- ! Upami Anjeun make alat nu bisa dipake ku sababaraha pamake, Anjeun kudu asup jadi nu gaduh alat, nyaeta, pamake utama, pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun roaming data.

Cara ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun roaming data

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Nu sejen > Jaringan mobile**.
- 3 Pilih kartu SIM.
- 4 Ketok panggeser **Roaming data** pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun pungsi.

! Anjeun teu bisa ngaktipkeun roaming data sawaktos patalimarga data seluler dipareuman.

Modeu pesawat

Dina modeu pesawat, jaringan sareng panarima transmisi radio dipareuman pikeun nyegah gangguan ka alat nu sensitip. Tapina, Anjeun masih bisa ngulinkeun kaulinan, ngadengekeun musik, nonton video sareng eusi nu sejenna, salami sakabeh eusi ieu disimpen dina kartu memori atawa panyimpenan internal Anjeun. Anjeun oge bisa diingetkeun ku alarm, upami alarm diaktipkeun.

 Ngaktipkeun modeu Pesawat ngurangan pamakean batre.

Pikeun ngaktipkeun mode Pesawat

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Teangan terus ketok **Setelan > Nu sejen**.
- 3 Sered geseran di sisi **Modeu pesawat** ka katuhu.

Almenak sareng jam alarm

Almenak

Pake aplikasi Almenak pikeun ngatur jadwal waktu Anjeun. Upami Anjeun tos asup tur tos nyaluyukeun alat Anjeun ka hiji atawa sababaraha akun online nu gaduh almenak, misalna, akun Google™ atawa Xperia™ Anjeun ka akun Facebook, acara almenak ti akun-akun ieu oge nembongan di aplikasi Almenak. Anjeun bisa milih almenak mana nu hayang dihijikeun kana panempoan Almenak gabungan.

Waktos waktuna pasini eta geus datang, alat Anjeun muterkeun hiji sora bewara pikeun ngingetkeun Anjeun. Oge, 📅 nembongan dina bar status.



- 1 Pilih jinis panempoan sareng almenak nu ku Anjeun hoyong ditempo
- 2 Mulang ka tanggal ayeuna
- 3 Akses setelan jeung pilihan sejen
- 4 Sintreuk ka kencana atawa ka katuhu pikeun ngotektak leuwih gancang
- 5 Kaping nu dipilih
- 6 Agenda pikeun poe nu dipilih
- 7 Tambah acara almenak

Pikeun nyieun kajadian almenak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok 🍱, terus ketok **Almenak**.
- 2 Ketok +.
- 3 Upami anjeun geus nyingkronkeun almenak jeung hiji atawa sababaraha akun, pilih akun tempat anjeun hayang nambahkeun kajadian ieu. Upami anjeun ngan hayang nambahkeun kajadian ieu ka alat anjeun, ketok **Kalender alat**.
- 4 Tulis atawa pilih inpo nu dipikahayang teras tambah saderek ka kajadian eta.
- 5 Pikeun nyimpen teras ngirim undangan, ketok **Simpen**.

Nempo kajadian almenak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok 🍱, teras ketok **Almenak**.
- 2 Ketok kajadian nu Anjeun hoyong tempo.



Nempo leuwih ti hiji almenak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok 🍱, terus teangan jeung ketok **Almenak**.
- 2 Ketok ☰, terus cirian kotak centang jang almenak nu ku Anjeun hoyong tingali.



Zoom panempoan almenak

- Sawaktos **Minggu** atawa **Poe** panempoan dipilih, ciwit layar pikeun nga-zoom in.



Mintonkeun libur nasional di aplikasi Almenak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok **Almenak**.
- 2 Ketok , teras ketok **Setelan**.
- 3 Ketok **Pere nasional**.
- 4 Pilih hiji pilihan, atawa sababaraha pilihan, terus ketok **OKE**.

Pikeun mintonkeun milangkala di aplikasi Almenak



- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok **Almenak**.
- 2 Ketok , terus ketok **Setelan > Milangkala**.
- 3 Sered geseran ka katuhu.

Pikeun mintonkeun ramalan cuaca di aplikasi Almenak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , terus ketok **Almenak**.
- 2 Ketok , terus ketok **Setelan**.
- 3 Ketok **Ramalan cuaca**, teras sered geseran ka katuhu.
- 4 Lamun ladenan lokasi teu diaktipkeun, ketok **Lokasi imah**, terus teangan kota nu ku Anjeun hayang ditambahkeun.

💡 Jang inpo nu leuwih lengkep ngeunaan cara ngaktipkeun ladenan lokasi, tingali *Make laden lokasi* di kaca 127.

Ngarobah setelan ramalan cuaca di aplikasi Almenak

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok , teras ketok **Almenak**.
- 2 Ketok , teras ketok **Setelan**.
- 3 Ketok **Ramalan cuaca**.
- 4 Atur setelan sakumaha dipikahayang.

Alarm sareng jam

Anjeun bisa nyetel hiji atawa sababaraha hiji alarm jeung make sora naon wae anu disimpen dina alat anjeun pikeun jadi sinyal alarm. Alarm moal disada upami alat Anjeun keur pareum.



Pormat waktu alarm nu dipintonkeun sarua jeung pormat nu dipilih ku anjeun pikeun setelan waktu umum, contona, 12-jam atawa 24-jam.



- 1 Akses layar utama alarm
- 2 Tempo jam dunya sareng nyaluyukeun setelan
- 3 Akses pungsi stopwatch
- 4 Akses pungsi pangatur waktu
- 5 Tempo pilihan
- 6 Buka setelan kaping sareng waktu kanggo jam

- 7 Aktipkeun atawa pareuman alarm
- 8 Tambahkeun alarm anyar

Cara nyetel alarm anyar


- 1 Tina layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan terus ketok Alarm & jam.
- 3 Ketok .
- 4 Ketok **Waktu** terus pilih nilei nu dipikahayang.
- 5 Ketok **OK**.
- 6 Upami hoyong, edit setelan alarm sejenna.
- 7 Ketok **Simpen**.

Pikeun snooze alarm basa keur disada

- Ketok **Snooze**.

Pikeun mareuman alarm basa keur disada

- Sered  ka katuhu.

- 💡 Jang mareuman alarm nu geus di-snooze, Anjeun bisa nyered bar status jang muka Panel bewara terus ketok .

Pikeun ngedit alarm nu aya

- 1 Buka aplikasi Alarm & jam, teras ketok alarm nu bade diedit.
- 2 Jieun perobahan nu dipikahoyong.
- 3 Ketok **Simpen**.

Pikeun ngaktipkeun atawa mareuman alarm

- Buka aplikasi Alarm & jam, teras sered geseran di sabeulah alarm kana posisi hurung atanapi pareum.

Pikeun mupus hiji alarm

- 1 Buka aplikasi Alarm & jam, teras toél jeung tahan alarm nu bade dipupus.
- 2 Ketok **Pupus alarm**, teras ketok **Sumuhun**.

Pikeun nyetel sora kanggo alarm

- 1 Buka aplikasi Alarm & jam, teras ketok alarm nu bade diedit.
- 2 Ketok **Sora alarm** teras pilih pilihan, atawa ketok **+** tur pilih payil musik.
- 3 Ketok **Rengse**, terus ketok **Simpen**.

- 💡 Jang inpormasi nu leuwih lengkep ngeunaan cara ngaluyukeun tingkat polumeu alarm, tingali *Sora, rington jeung polumeu* dina kaca 55.

Jang nyaluyukeun tingkat polumeu pikeun alarm

- 1 Buka aplikasi Alarm & jam, teras ketok alarm nu bade diedit.
- 2 Sered geseran polumeu di handap **Volumeu alarm** kana posisi nu dipikahoyong.
- 3 Ketok **Simpen**.

Pikeun nyetel alarm nu diulang deui

- 1 Buka aplikasi Alarm & jam, teras ketok alarm nu bade diedit.
- 2 Ketok **Ulang**.
- 3 Cirian kotak centang jang poe nu cocog, terus ketok **OK**.
- 4 Ketok **Simpen**.

Jang ngaktipkeun pungsi geter kanggo alarm

- 1 Buka aplikasi Alarm & jam, teras ketok alarm nu bade diedit.
- 2 Cirian kotak centang **Geter**.
- 3 Ketok **Simpen**.

Jang nyetel sipat konci sisi

- 1 Buka aplikasi Alarm & jam, teras pilih alarm nu bade diedit.
- 2 Ketok **Sipat kenop sisi**, teras pilih sipat nu dipilih ti kenop sisi upami kenop dipencet salila alarm.
- 3 Ketok **Simpen**.

Aksesibilitas

Gerakan ngagedean

Gerakan ngagedean ngidinan anjeun pikeun zum ka bagean layar ku cara ngetok wewengkon layar toel tilu kali dina urutan.

Cara ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun gerakan Gedekeun

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Aksesibilitas > Input gerakan ngagedekeun**.
- 3 Ketok sakelar hurung-pareum.


Pikeun ngagedean wewengkon jeung puter nyilangan layar

- 1 Pastikeun yen **Input gerakan ngagedekeun** diaktipkeun.
- 2 Ketok wewengkon tilu kali teras tahan jeung sered ramo anjeun nyilangan layar.

Teks gede

Anjeun tiasa ngaktipkeun pilihan Teks gede pikeun ningkatkeun ukuran standar teks nu dipinton dina alat anjeun.


Pikeun ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun Teks Gede

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Aksesibilitas**.
- 3 Sered geseran nu aya di gigir **Teks gede**.

Koreksi warna

Setelan Koreksi warna nyaluyukeun cara warna dipinton dina layar pikeun pamake nu buta warna atawa hese ngabedakeun antawis warna.


Cara ngaktipkeun Koreksi warna

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Aksesibilitas > Koreksi warna**.
 - 3 Ketok sakelar hurung-pareum.
 - 4 Ketok **Modeu koreksi**, teras pilih sensitipitas warna nu saluyu.
- ! Koreksi warna ayeuna nembe jadi fitur percobaan tur tiasa ngaruh ka kinerja alat Anjeun.

Layar Utama Sederhana

Layar Utama Sederhana nyaeta layar utama alternatip nu mintonkeun aplikasi nu sering dipake jeung kaasup pencet gancang pikeung ku cara gancang nelepon kontak husus. Ieu oge boga fitur font nu leuwih gede pikeun aplikasi tos dipasang sapertos Kontak, Talatah jeung Almenak.

Jang ngaktipkeun layar Utama Sederhana

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Imah > Utama Sederhana**.
- 3 Tuturkeun pitunjuk dina layar teras ketok **OKE**.

Jang pindah ka Layar Utama standar

- Tina Layar Utama Anjeun, ketok **Setelan > Kaluar Utama Sederhana > OKE**.

Kompatibilitas pitulung denge

Pilihan pitulung denge mastikeun yen audio ti alat anjeun ngapungsi jeung pitulung denge standar.


Cara ngaktipkeun kompatibilitas pitulung denge

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan** > **Telepon** > **Umum** > **Aksesibilitas**.
- 3 Cirian kotak centang di gigireun **Hearing aids**.

TalkBack

TalkBack nyaeta laden nu maca layar jang pamake nu kaganggu titingalian. TalkBack make eupan balik ngomong pikeun ngajelaskeun unggal kajadian atawa aksi nu dipilampah dina alat Android anjeun. TalkBack ngajelaskeun antar muka jeung maca masalah software, bewara jeung talatah.

Pikeun ngaktipkeun TalkBack

- 1 Tina Layar Utama Anjeun, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan** > **Aksesibilitas** > **TalkBack**.
 - 3 Ketok sakelar on-off teras ketok **OKE**.
- ! Pikeun ngarobah preferensi ucapan, umpan balik, sareng toelan kanggo TalkBack, ketok **Setelan**.
- 💡 TalkBack langsung muka tutorial saatos Anjeun ngaktipkeun fitur ieu. Pikeun kaluar ti tutorial, ketok kenop **Kaluar** dua kali.


Cara nganonaktipkeun TalkBack

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok dua kali .
- 2 Teang terus ketok dua kali **Setelan** > **Aksesibilitas** > **TalkBack**.
- 3 Ketok dua kali pipindah aktip-nonaktip teras ketok dua kali **OKE**.

Modeu TTY (Teletypewriter)

Fitur TTY (Teletypewriter) dina alat ieu ngidinan jelema nu tuna rungu, hese ngadenge, atawa jelema nu boga disabilitas ngomong atawa basa, pikeun komunikasi make alat TTY atawa ladeunan relai.

Cara ngaktipkeun modeu TTY




- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Téangan terus ketok **Setelan** > **Telepon**.
- 3 Pilih kartu SIM, terus ketok **Aksesibilitas** > **TTY mode**.
- 4 Pilih modeu TTY nu sasuai.

Rojongan jeung hukum

Aplikasi Rojongan

Pake aplikasi Rojongan di alat Anjeun pikeun ngotektak Buku pituduh, panduan cara ngungkulan, tur panggihan inpo tentang apdet software sareng inpo sejen kakait produk.

Pikeun ngakses aplikasi Rojongan

- 1 Tina **Layar mimiti**, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok , teras pilih item nu diperlukeun.
-  Sambung ka internet mun make aplikasi Rojongan pikeun rojongan pangalusna nu sadia.


Xperia™ Tips

Make Xperia™ Tips Anjeun bisa meunangkeun inpormasi pikeun alat liwat bewara, jeung diajar kabeh nu Anjeun butuh pikeun ngamimitian.

Cara ngaktipkeun atawa nganonaktipkeun Xperia™ Tips

- 1 Tina **Layar mimiti** anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Pangwanohan & Tip**.
- 3 Tina geseran **Xperia™ Tip**.


Pitulung di menu sareng aplikasi

Sababaraha aplikasi sareng setelan gaduh pitulung nu sadia di menu pilihan, nu biasana dituduhkeun ku  di aplikasi nu husus.


Ngajalankeun tes diagnosis di alat anjeun

Aplikasi Xperia™ Diagnostic bisa ngetes pungsi husus atawa ngajalankeun tes diagnosis lengkep jang mariksa yen alat Xperia™ anjeun pungsi sawajarna.


Xperia™ Diagnostic bisa:

- Ngira-ngira masalah potensial na hardware atawa software dina alat Xperia™ anjeun.
 - Mariksa kinarya aplikasi dina alat anjeun.
 - Nyatet nomer sauran eureun salila 10 poe katukang.
 - Ngaidentifikasi software nu dipasang jeung nyadiakeun inpormasi wincik ngeunaan alat anjeun.
-  Aplikasi Xperia™ Diagnostic tos dipasang sateuacana dina ampir kabeh alat Android™ kaluaran Sony. Upami pilihan Diagnosis teu sadia dina **Setelan > Ihwal telepon**, Anjeun bisa ngundeur persi leutikna make aplikasi Play Store™.

Ngajalankeun tes diagnosis husus

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Ihwal telepon > Diagnostik > Tes** .
- 3 Pilih tes tina daptar.
- 4 Turutan parentah terus ketok **Muhun** atawa **Heunteu** pikeun ngonpirmasi yen pitur jalan.

Ngajalankeun kabeh tes diagnosis

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Ihwal telepon > Diagnostik > Tes > Jalankeun sadayana**.
- 3 Turutan parentah terus ketok **Muhun** atawa **Heunteu** pikeun ngonpirmasi yen pitur jalan.

Jang ningali inpo wincik ngeunaan alat Anjeun

- 1 Tina Layar Utama anjeun, ketok .
- 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Ihwal telepon > Diagnostik > Pakta**.

Balikan deui, ngareset and repairing


Anjeun tiasa ngabalikan atawa mareuman paksa alat Anjeun dina situasi upami teu ngarespon atawa moal balikan deui ku cara normal. Teu aya setelan atawa data pribadi nu bakal dipupus.

Anjeun oge tiasa nga-reset alat Anjeun ka setelan pabrik asalna. Aksi ieu kadang diperlukeun upami alat Anjeun teu berpungsi bener, tapi perlu dicatet yen upami Anjeun hoyong nyimpen data nu penting, Anjeun kuduna nyieun cadangan data ieu heula ka kartu memori atawa ka memori non-internal sejen. Jang inpo nu lewih lengkep, tingali *Nyieun cadangan tur ngabalikkeun eusi* dina kaca40.


Upami alat Anjeun gagal dihurungkeun atawa Anjeun hoyong nga-reset software alat, Anjeun tiasa make Xperia™ Companion pikeun ngalereskeun alat Anjeun. Kanggo inpo nu lain tentang cara make Xperia™ Companion, tingal *Xperia™ Companion* dina kaca 38.

- ! Upami Anjeun babagi alat sareng sababaraha pamake, Anjeun kudu asup jadi nu gaduh alat, nyaeta, pamake utama, pikeun nga-reset alat ka setelan pabrik asalna.


Pikeun ngareset alat Anjeun.

- ! Alat Anjeun bisa gagal balikan deui lamun batrena lemah. Sambungkeun alat Anjeun kana carjer terus cobaan balikan deui.
- 1 Pencet jeung tahan kenop daya .
 - 2 Di menu nu muka, ketok **Mimitian deui**. Alat ngareset sacara otomatis.

Pikeun maksa alat balikan deui atawa pareum

- 1 Pencet jeung tahan kenop volumeu  jeung kenop polumeu naek sasarengan salami 10 detik.
- 2 Alat Anjeun ngageter sakali. Dumasar ka Anjeun hayang maksa alat balikan deui atawa pareum, teruskeun langkah-langkah ieu.
 - Upami Anjeun hayang balikan deui paksa alat: Leupaskeun kenop dina titik ieu. Alat balikan deui.
 - Upami anjeun hayang maksa mareuman alat: Teruskeun mencet kenop. Saenggeus sababaraha detik, alat ngageter tilu kali teras pareum.

Pikeun ngalakukeun reset data pabrik

- ! Samemeh Anjeun ngamimitian, pastikeun pikeun nyieun cadangan sadaya data penting nu disimpen dina memori internal alat Anjeun ka kartu memori atawa memori non-internal. Reset data pabrik bakal mupus sadaya data ti panyimpenan internal alat Anjeun, tur Anjeun moal bisa ngakses payil di kartu SD Anjeun nu dienripsi deui.
 - ! Pikeun ngahindarkeun karuksakan permanen ka alat Anjeun, ulah ngahurungkeun deui alat Anjeun lamun prosedur reset keur dijalankeun.
- 1 Tina Layar Utama, ketok .
 - 2 Panggihan tur ketok **Setelan > Cadangan & reset > Reset ka data pabrik**.
 - 3 Ketok **Reset telepon**.
 - 4 Upami diperlukeun, gambar pola buka konci layar Anjeun atawa tulis kecap akses buka konci layar atawa PIN pikeun neruskeun.
 - 5 Pikeun ngonpirmasi, ketok **Hapus sadayana**.
- ! Alat Anjeun teu dibalikkeun ka versi software samemehna ti Android™ basa Anjeun ngalakukeun reset data pabrik.
 - ! Upami Anjeun poho kecap akses, PIN, atawa pola buka konci layar Anjeun, Anjeun tiasa make fitur perbaikan alat dina Xperia™ Companion pikeun mupus lapisan kaamanan ieu. Anjeun kudu nyadiakeun wincik login akun Google pikeun ngalakukeun operasi ieu. Ku cara

ngajalankeun fitur perbaikan, Anjeun masangkeun deui software kanggo alat Anjeun tur tiasa kaleungitan sababaraha data pribadi dina proses perbaikan eta.

Ngalereskeun software alat

Upami Anjeun poho kecap akses, PIN, atawa pola buka konci layar Anjeun, Anjeun tiasa make fitur perbaikan alat dina Xperia™ Companion pikeun mupus lapisan kaamanan ieu. Anjeun kudu nyadiakeun wincik login akun Google pikeun ngalakukeun operasi ieu. Ku cara ngajalankeun fitur perbaikan, Anjeun masangkeun deui software kanggo alat Anjeun tur tiasa kaleungitan sababaraha data pribadi dina proses perbaikan eta.

Upami Anjeun teu bisa mareuma alat sateuacan milampah ngabenerkeun software, paksa pareuman alat.

- Upami Anjeun nampa ngaran pamake jeung kecap akses akun Google™ anyar, Anjeun moal bisa make pikeun asup jeung mulangkeun alat salila 72 jam.

Cara ngalereskeun software alat make Xperia™ Companion

- ! Samemeh ngalakukeun ngalereskeun software, pastikeun Anjeun terang ngaran pamake jeung kecap akses Google™ Anjeun. Gumantung kana setelan kaamanan, Anjeun tiasa kudu nuliskeun kredensial akun Anjeun supados tiasa ngamimitian deui alat saatos perbaikan software.

Mun alat Anjeun cicing, terus mimitian deui, atawa teu ngamimitian, saenggeus Anjeun ngapdet software Xperia™ atawa saenggeus milampah ngabenerkeun software atawa reset data pabrik, coba pareuman paksa alat terus hurungkeun deui. Mun masih aya masalah, pareuman paksa alat, terus milampah ngabenerkeun software ku nuturkeun langkah-langkah di handap:

- 1 Pastikeun yen Xperia™ Companion dipasang dina PC atawa Mac®.
- 2 Buka software Xperia™ Companion dina komputer terus klik dina dina layar utama.
- 3 Turutan parentah nu nembongan dina layar pikeun masang ulang software tur ngarengsekeun perbaikan.

Haransi, SAR jeung pituduh pamakéan

Jang inpo ihwal haransi, SAR (Specific Absorption Rate) jeung pituduh kasalmetan, baca wae **Inpormasi penting** nu disadiakeun di **Setelan > Ihwal telepon > Inpormasi anu sah** dina alat Anjeun.

Ngadaur mulang alat Anjeun

Gaduh alat nu baheula di imah? Naha teu ngadaur mulangkeunana? Ku cara eta, Anjeun bakal mantuan kami pikeun make deui bahan sareng komponenana, tur Anjeun bakal ngajagi lingkungan, oge! Panggihan leuwih seueur pilihan ngadaur mulang di kawasan Anjeun di www.sonymobile.com/recycle/.

Inpormasi hukum

Sony E5333/E5363

Buku pituduh ieu dipedalkeun ku Sony Mobile Communications Inc. atawa pausahaan filial lokalna, tanpa aya haransi. Bebenér sareng perobihan kana Buku pituduh ieu nu diperyogikeun kulantaran kasalahan tulisan, inpo pang anyarna nu teu akurat, atawa pangleresan program jeung/atawa pakakas, tiasa dilakukeun ku Sony Mobile Communications Inc. sawaktos-waktos jeung moal aya wartos heula. Parobihan anu kitu, bakal dilebetkeun kana édisi anyar Buku pituduh ieu. Sagala gambar ngan saukur kanggo maksud gambar jeung teu pasti sami ngagambarkeun alat nu sabenerna.

Sadaya produk sareng nami pausahaan nu disebatkeun di dieu mangrupikeun mérék dagang atawa mérék dagang kadaptar ti nu gaduhna. Sadaya mérék dagang anu séjénna mangrupikeun kagungan nu gaduhna masing-masing. Sadaya hak nu teu teges dinyatakeun di dieu tos ditangtayungan. Tingali www.sonymobile.com/us/legal/ kanggo inpo nu langkung lengkep.

Buku pituduh ieu tiasa nuduhkeun ladénan atanapi aplikasi nu disayagikeun ku pihak katilu. Nganggo pamrograman atanapi ladénan anu kitu bakal meryogikeun pandaptaran kapisah ka operator pihak katilu tur bakal matuh ka sarat panganggoan tambahan. Pikeun aplikasi nu diakses dina atawa liwat situs wéb pihak katilu, mangga

pariksa heula sarat panganggoan situs wéb éta sarta kawijakan privasina nu lumaku. Sony teu méré haransi kasadiaan atawa kamampuan ti situs wéb pihak-katilu éta atawa ladénan nu ditawarkeunnana.

Alat sélulér anjeun gaduh kamampuan ngundeur, nyimpen sareng neraskeun eusi tambahan, contona rington. Nganggo eusi nu sapertos kitu bisa jadi diwatesan atanapi dicaram ku hak-hak pihak katilu, kaasup tapi teu diwatesan ka watesan nu diatur ku hukum hak cipta nu lumaku. Anjeun, sanés Sony, nu bakal sapinuhnya nanggung jawab kana eusi tambahan nu diundeur atanapi diteraskeun tina alat anjeun. Sateuacan nganggo eusi tambahan nu mana waé, pariksa yén anjeun tos gaduh lisénsi atawa idin pikeun nganggo éta eusi. Sony henteu ngajamin akurasi, integritas atawa kualitas eusi tambahan atawa eusi tina pihak katilu séjénna. Teu aya kaayaan nu mana ogé Sony bakal nanggungjawabkan ka sagala cara pamakéan nu teu bener tina eusi tambahan atawa eusi ti pihak katilu.

Tingali www.sonymobile.com kanggo inpo nu langkung lengkep.

Produk ieu ditangtayungan ku hak cipta intelektual Microsoft nu tangtu. Panganggoan atawa distribusi téknologi di luar ieu produk dilarang upami teu aya lisénsi ti Microsoft.

Pamilik eusi nganggo téknologi pangaturan hak digital Windows Media (WMDRM) kanggo nangtayungan hak milik intelektualna, kaasup hak cipta. Alat ieu nganggo software WMDRM pikeun ngaksés ka eusi nu ditangtayungan ku WMDRM. Upami software WMDRM gagal nangtayungan eusi, nu gaduh eusi tiasa ménta Microsoft nyabut kamampuan software nganggo WMDRM pikeun muter atanapi niron eusi nu ditangtayungan. Panyabutan moal mangaruhan eusi nu teu dijagi. Sawaktos anjeun ngundeur lisénsi eusi nu ditangtayungan, anjeun satuju yén Microsoft tiasa ngalibetkeun daptar panyabutan dina lisénsina. Nu gaduh eusi tiasa ménta anjeun ngamutahirkeun WMDRM pikeun ngaksés eusi anjeunna. Upami anjeun nampik pamutahiran, anjeun moal tiasa ngaksés eusi nu meryogikeun pamutahiran.

Produk ieu dilisénsikeun dina lisénsi portofolio visual MPEG-4 sareng patén AVC pikeun pamakéan pribados sareng non-komersil konsumén kanggo (i) nyandiaksarakeun vidéo supados matuh ka standar visual MPEG-4 ("MPEG-4 video") atanapi standar AVC ("AVC video") sareng/atanapi (ii) ngawasandikeun vidéo MPEG-4 atanapi AVC anu disandiaksarakeun ku konsumén nu dina aktipitas pribados sareng non-komersil sareng/atawa anu dicandak ti panyadia vidéo anu dilisénsikeun ku MPEG LA kanggo nyadiakeun MPEG-4 sareng/atanapi AVC video. Lisénsi anu dipasihkeun teu lumaku pikeun panganggoan nu sanés. Inpormasi tambahan kaasup nu sahubungan ka kagiatan promosi, internal sareng panganggoan komersil sareng ngalisénsian tiasa di damel ti MPEG LA, L.L.C. Tingali www.mpegla.com. Téknologi MPEG Layer-3 audio decoding dilisénsikeun ti Fraunhofer IIS sareng Thomson.

SONY MOBILE MOAL TANGGUNG JAWAB SAGALA RUPA DATA SORANGAN NU LEUNGIT, KAHAPUS JEUNG/ ATAWA KATIMPA ATAWA PAYIL NU DISIMPEN DINA ALAT ANJEUN (KAASUP TAPI LAIN WUNGGUL KONTAK, LAGU JEUNG GAMBAR) LAMUN ANJEUN NGAPDET ALAT ANJEUN KU CARA NU DIJELASKEUN DI BUKU PITUDUH ATAWA DOKUMENTASI IEU. DINA KAAYAAN NAON WAR, SONY MOBILE ATANAPI PAMASOKNA MOAL TANGGUNG JAWAB TOTAL KA ANJEUN KANGGO SADAYA KARUGIAN ATAWA KARUGIAN NAON WAE KUMARGI TINDAKAN (DINA KONTRAK ATANAPI KASALAHAN, NANGING TEU KAWATES KA KALALAIAN ATANAPI NU SEJEN) NGALANGKUNGAN JUMLAH SABENERNA NU DIBAYAR KU ANJEUN KANGGO ALAT ANJEUN.

© 2016 Sony Mobile Communications Inc.

Sadaya hak ditangtayungan.